

# ЕВРЕЙХЭМ ЯХУЭГЪЭЗА ТХЫЛЪ

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэр езым и Къуэм и жьэкIэ къызэрыпсэльар*

Пасэ зэманым Тхьэр бегъымбархэм я жьэкIэ куэдрэ икIи
зэмылIэужьыгъуэу ди адэжьхэм къепсалъэу щытащ. [2]Ауэ мы
зэманым, мы дунейм и иужьрей дыдэ махуэхэм, Тхьэр и Къуэм
и жьэкIэ дэ къыдэпсэлъащ. Тхьэм Iуэху псори и Къуэм и IыхьэфI
хъуну игъэуващ, абыи дунейр къригъэгъэщIащ. [3]Тхьэм и щIы-
хьышхуэм и нэхур и Къуэм къыбгъэдэкIыу къыттопсэ; и Къуэм
и щытыкIэр Тхьэм и щытыкIэм хуэдабзэщ, лъэкIыныгъэшхуэ
зиIэ и псалъэмкIэ щыIэ псори щегъэIэ; абы и Къуэм цIыхухэм
ягухэм гуэныхьхэр зэрыригъэкъэбзыкIыжын гъуэгу къахуигъэ-
псащ, уафэми дэкIуеижри, тепщэныгъэшхуэ псори зиIэ Тхьэм
и ижьырабгъумкIэ бгъэдэтIысхьащ. [4]Тхьэм «си Къуэ» жиIэу,
абы къызэреджэ цIэр мелыIычхэм я цIэм нэхърэ зэрынэхъ
лъапIэм хуэдэу, Тхьэм и Къуэр мелыIычхэм я щхьэ ищIащ.

*Къуэ лъапIэр мелыIычхэм я щхьэщ*

[5] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм мелыIычхэм ящыщ гуэрым,

«Уэращ си Къуэр,
нобэ Адэ сыпхуэхъуащ»,

жриIа?* Тхьэм мелыIыч гуэрми теухуауэ

«Сэ Адэ сыхуэхъунущ,
езыри си Къуэ хъунущ»,

жиIа?*
[6] Езым къыхиха и Къуэ щIасэр дунейм къыщцытригъэхьэм,
Тхьэм жиIащ:*

«Тхьэм и мелыIыч псоми ар ирегъэлъапIэ».

[7] МелыIычхэм теухуауэ Тхьэм мыпхуэдэу жиIащ:*
«Тхьэм и мелыIычхэр жьым хуэдэ ещI,
а IуэхутхьэбзащIэхэри мафIэ бзийхэм
хуэдэ ещI».

[8]И Къуэм теухуауэ Тхьэм мыпхуэдэу жиIащ:*

«Уэ, Тхьэ, уи тепщэныгъэшхуэ тахътэм
игъащIэкIэ утесынущ.
Уи тепщэныгъэшхуэм и башыр захуагъэрщ.
[9] Щыпкъагъэр фIыуэ уолъагъу,
бзаджагъэр плъагъу хъуркъым.
Абы щхьэкIэ Тхьэуэ уи Тхьэм уи гъусэхэм нэхърэ
гуфIэгъуэм и дагъэр* уэ нэхъ къыпщихуащ».

[10] Тхьэм мыпхуэдэуи жиIащ:*

«Уэ, Зиусхьэн, щIэдзапIэм деж
щIылъэм и лъабжьэхэр хэбгъэуващ,
уафэхэри уи IэщIыгъэщ.

---

1:5 Тхьэм жриIа – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 2:7.

1:5 жиIа – еплъ Самуел бегъымбарым и хъыбар зэрыт етIуанэ тхылъым (2-я Царств) 7:14.

1:6 Тхьэм … жиIащ – еплъ 5 Мусэ 32:43; Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 96:7

1:7 Тхьэм мыпхуэдэу жиIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 103:4.

1:8-9 Тхьэм мыпхуэдэуи жиIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 44:7-8.

1:9 гуфIэгъуэм и дагъэр – а зэманым пащтыхь хъунум дагъэ лъапIэ щахуэрт.

1:10-12 Тхьэм мыпхуэдэуи жиIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 101:26-27.

[11]Ахэр кIуэдыжынущ, ауэ уэ умыкIуэду
укъелынущ.
Щыгъыным хуэдэу ахэр жьы хъунущ.
[12] Щыгъыным хуэдэу, зэкIуэцIыпшыхьынущ,
икIи зэхъуэкIа хъунущ;
ауэ уэ узэрыщытым утету укъэнэжынущ,
уи илъэсхэми кIэух яIэнукъым».

[13] ИкIи Тхьэм мелыIычхэм ящыщу гуэрым,

«Уэ уи бийхэр лъэгущIэтын пхуэсщIыху,
си ижьырабгъумкIэ къызбгъэдэтIысхьэ»,

жриIа?*
[14]МелыIычхэр Тхьэм хуэIурыщIэ псэуэ щытщ, мыкIуэду
Тхьэм къызэрыригъэлынур IыхьэфIу къызылъысыну цIыхухэм
яхуэIуэхутхьэбзэщIэну ахэр Тхьэм къегъакIуэ.

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм дымыкIуэду дыкъызэрыригъэлым и хъыбарыфIыр*

Апхуэдэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, Тхьэм и гъуэгум дыте-
мыкIын щхьэкIэ, зэхэтха псалъэхэм куэду ди нэIэ ятедгъэтын
хуейщ. [2]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мелыIычхэм къаIуэта псалъэхэм*
уащыгугъ хъуну къыщIэкIащ икIи, хэту щытми, а псалъэхэм
текIам, е емыдэIуам хуэфащэр Тхьэм иригъэпшыныжащ. [3]Ара-
щи, дымыкIуэду Тхьэм дыкъызэрыригъэлым и хъыбар лъапIэр
тфIэмыIуэхуу дыщытмэ, дэри тхуэфащэр Тхьэм зэрыдигъэпшы-
ныжынум дауэ дыIэщIэкIыну? Езы Зиусхьэныр арщ а хъыбарыр
япэ къытхуэзыIуэтар икIи абы къыжиIар зэхэзыхам а хъыбарыр
къытхуагъэпэжащ. [4]Нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэмкIи, Iуэху те-
лъыджэхэмкIи, лъэкIыныгъэ зыхэлъ зэмылIэужьыгъуэ Iуэху-
шхуэхэмкIи а хъыбарыфIым щыхьэт техъуащ Тхьэр. Абы нэ-

1:13 Тхьэм … жриIа – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:1.

2:2 мелыIычхэм къаIуэта псалъэхэр – Торэт хабзэр арщ.

мыщI, Тхьэр зэрыхуеям тету, езым и Псэ ЛъапIэм къыбгъэ-
дэкIыу Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр ялэжьыну цIыхухэм лъэкIы-
ныгъэхэр къаритащ.

*Пашэ къытхуэхъуауэ, дымыкIуэду*
*дыкъезыгъэлыр Мэссихьщ*

[5]КъэкIуэну дунейуэ зи гугъу тщIыр Тхьэм зи IэмыщIэм къри-
лъхьар мелыIычхэракъым. [6]Тхьэм и псалъэ тхахэм хэту, зы
щIыпIэ деж мыпхуэдэу щыхьэт техъуащ зыгуэр:*

«Уэ, Тхьэ, цIыхур зищIысыр сыт,
уэ абы уегупсысыну,
цIыху лъэпкъым и къуэр зищIысыр сыт,
уэ абы укIэлъыплъыну?
[7] Ар мелыIычхэм нэхърэ нэхъ
цIыкIу зытэлайкIэ* пщIащ.
ЩIыхьышхуэмрэ лъытэныгъэшхуэмрэ
хуэбгъэфэщащ итIанэ.
[8] ЩыIэ псори абы и лъэгу щIэбгъэуващ».

ЩыIэ псори Тхьэм цIыхум и лъэгу щыщIигъэувэм, абы и
лъэгу щIимыгъэувэу зыри къигъэнакъым. Ауэ иджы псори цIы-
хум и лъэгу щIэту тлъагъуркъым. [9]Хьисэ гугъуехь ишэчурэ зэ-
рылIам щхьэкIэ, Тхьэм абы щIыхьышхуэрэ лъытэныгъэшхуэрэ
зэрыхуигъэфэщар долъагъу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и нэфI
щыхуэныгъэкIэ Хьисэ цIыху псоми я пIэкIэ лIэныгъэр илъагъун
папщIэ, Тхьэм ар зытэлайкIэ мелыIычхэм нэхърэ нэхъ цIыкIу
ищIащ.
[10]ЦIыху куэд езым и бын хъун икIи щIыхьышхуэмкIэ Iыхьэ
къалъысын щхьэкIэ, Тхьэуэ псори къэзыгъэщIауэ, псори зы-
хущыIэм Хьисэ гугъуехьу ишэчам хуэфащэ тепщэныгъэр абы
иIэ зэригъэхъуар къезэгъыу щытащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIы-
хухэр мыкIуэду къызэрыригъэл гъуэгум тезыгъыхьэу, пашэ
яхуэхъур Хьисэщ. [11]ЦIыхухэм ягухэр зыгъэкъэбзэж Хьисэрэ зи
гур къабзэ хъу цIыхухэмрэ а зы Адэ лъапIэм и бынхэщ. Аращ

---

2:6 Тхьэм и псалъэ тхахэм яхэту … зыгуэр щыхьэт техъуащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 8:5-7.

2:7 зы тэлайкIэ – Хьисэ мы дунейм щыщыпсэуа зэманыр аращ.

Хьисэ емыкIу имылъытэу абыхэм къуэшкIэ щIеджэр. [12]Абы
Тхьэм мыпхуэдэу жриIащ:*

«Си къуэшхэм уи хъыбар езгъэщIэнущ.
Уи цIыхухэм я зэхуэсыми сыхэту
щIыхьышхуэ пхуэсщIынущ».

[13] Мыпхуэдэуи жиIащ:*

«Тхьэм сыщыгугъынущ».

ИтIани жиIащ:

«Мис сэрэ Тхьэм къызита бынхэмрэ».

[14]А бынхэр лымрэ лъымрэ къахэхъукIа цIыхущ. Аращи, Хьи-
сэи лымрэ лъымрэ къахэхъукIа цIыху хъуащ, лIэныгъэм тепщэ-
ныгъэ хузиIэ шейтаныр илIэныгъэмкIэ игъэкIуэдын щхьэкIэ,
[15]икIи лIэныгъэм зэрыщышынам папщIэ, псэухукIэ шейтIаным
и пщылIу щытахэр щхьэхуит ищIын щхьэкIэ. [16]Хьисэ зыдэIэпы-
къур мелыIычхэракъым, Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэр*
арщ. [17]Аращи, Тхьэм хуэлажьэ дин пашэшхуэ, гущIэгъу зиIэ,
Тхьэм хуэпэж хъун щхьэкIэ, и къуэшхэм* сыт ищIысымкIи яхуэ-
дэ хъун хуеящ, цIыхухэм я гуэныхьхэр ятрихын щхьэкIэ.
[18]ШейтIаным Хьисэ гуэныхь иригъэщIэну щыхэтым, Хьисэ
гугъуехь зэришэчам щхьэкIэ, шейтIаным гуэныхь зригъэщIэну
зыхэт цIыхухэм ядэIэпыкъун лъэкIынущ.

2:12 Тхьэм мыпхуэдэу жриIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 21:23.

2:13 мыпхуэдэуи жиIащ – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 8:17-18.

2:16 Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэр – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 41:8-9.

2:17 и къуэшхэр – Тхьэм и бын хъуахэращ.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мусэ бегъымбарым нэхърэ нэхъ лъапIэщ Хьисэ*

Си къуэш лъапIэхэ, Тхьэм и бын фыхъуну фэри фыкъыху-
риджащ. Аращи, ди фIэщхъуныгъэм и дин пашэшхуэ хъун
щхьэкIэ Тхьэм къытхуигъэкIуа Хьисэ фегупсыс. 2Тхьэм и уна-
гъуэм щыщ цIыху псоми Мусэ бегъымбарым щыпкъагъэ зэра-
хуиIам хуэдэу, Хьисэи езыр зыгъэува Тхьэм щыпкъагъэ хуиIащ.
3 Унэм нэхърэ унэ зыщIым нэхъ щIыхь зэриIэм хуэдэу, Мусэ
нэхърэ Хьисэ нэхъ щIыхь хуэфащэщ. 4ЦIыху гуэрым имыщIа
унэ щыIэкъым, ауэ псори зыщIар Тхьэращ. 5Мусэ Тхьэм хуэла-
жьэурэ, Тхьэм и унэ псоми Iуэху щищIэу зэрыщытамкIэ Мусэ
и гум щыпкъагъэ илъащ икIи Тхьэм къыжиIэну псалъэм щыхьэт
техъуащ. 6Мэссихь Тхьэм и унагъуэр зи IэмыщIэ илъ Къуэщ.
Дигу дымыгъэныкъуэу, дызэрыгуфIэу икIи дызыщыгугъыу ды-
зыпэплъэ Iуэхум и кIэм нэсыху дыхуэпэжмэ, дэри абы и
унагъуэм дыщыщщ.

*Тхьэм и цIыхухэм я гупсэхужыпIэр*

7Аращи, Тхьэм и Псэ ЛъапIэм зэрыжиIэм хуэдэу:*

«Нобэ Тхьэм и макъыр зэхэфхмэ,
8 фи гур ерыщу щывмыгъэт,
фи адэжьхэм губгъуэ нэщIым
щащIэу зэрыщытам хуэдэу.*
Абыхэм Тхьэм едэIуэн ядакъым,
Тхьэм и шыIэныгъэр здынэсыр
ягъэунэхуну хэтащ».

9 (Тхьэм мыпхуэдэуи жеIэ:)

«Губгъуэ нэщIым фи адэжьхэм си шыIэныгъэр
здынэсри си Iуэхухэр зыхуэдэри щагъэунэхуну хэтащ.

---

3:7-11 Тхьэм и Псэ ЛъапIэм зэрыжиIэм хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 94:8-11.

3:8 фи адэжьхэм губгъуэ нэщIым щащIэу зэрыщытам хуэдэу – еплъ 2 Мусэ 17:1-7, икIи 4 Мусэ 20:1-13.

Си Iуэхухэри ялъагъуу щытащ илъэс плIыщIкIэ.
[10]Абы щхьэкIэ а цIыхухэм сахуэгубжьри,
мыпхуэдэу жысIащ: „Ахэр ягукIэ зэпымыууэ
мэгъуащэ,
си гъуэгухэр зыхуэдэри ящIэркъым“.
[11]Аращи, сахуэгубжьурэ, „Сэ ахэр си гупсэхужыпIэм
къыщIэзгъэхьэнукъым“, жысIэри,
псалъэ быдэкIэ ар згъэпэжащ».

[12]Си къуэшхэ, фэ фщыщ гуэрым и щIыб гъащIэ зиIэ Тхьэм и
гъуэгум хуигъэзэжу, фIэщхъуныгъэ зимыIэ гу бзаджэ зэримыIэ-
ным фыхуэсакъ. [13]Гуэныхь щIэным и хьилагъэкIэ дишэхауэ фэ
фщыщ гуэрым и гур ерыщ мыхъун щхьэкIэ, махуэ къэс фызэ-
рыгъэгушхуэ, «Нобэ» жыхуаIэ зэманым дыхэтыху. [14]Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ нэхъапэм дызыщыгугъа Iуэхухэм и кIэм нэсыху
дыхуэпэжмэ, дэ псори Мэссихь и гъусэхэм ящыщ дохъу. [15] Тхьэм
и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу,*

«Тхьэм и макъыр нобэ зэхэфхмэ,
фи гур ерыщу щывмыгъэт,
фи адэжьхэм губгъуэ нэщIым
щащIэу зэрыщытам хуэдэу».

[16] Тхьэм и макъыр зэхэзыхауэ, едэIуэн зымыдахэр хэт? Мусэ
бегъымбарым Мысырым къришыжыгъа цIыху псори аракъэ?
[17]Тхьэр илъэс плIыщIкIэ зыхуэгубжьауэ щытар хэт? Гуэныхь
зыщIауэ, зипкъхэр губгъуэ нэщIым къинэжахэракъэ? [18]ИтIанэ
«Сэ ахэр си гупсэхужыпIэм къыщIэзгъэхьэнукъым», жиIэу,
Тхьэм псалъэ быдэкIэ ар игъэпэжурэ, зыжриIар хэт? ЕдэIуэн
зымыдахэракъэ? [19]Абыхэм фIэщхъуныгъэ зэрамыIам щхьэкIэ
Тхьэм и гупсэхужыпIэм щIыхьэн зэралъэмыкIар долъагъу.

## 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Тхьэм и гупсэхужыпIэм дызэрыщIыхьэнумкIэ дыкъызэригъэ-
гугъа Iуэхур зэримыхъуэкIауэ зэрыщытым иджыри тетщи, фэ

3:15 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 94:8.

фщыщ гуэр абы щIэмыхьауэ къызэрымынэным фыхуэсакъ.
[2]А гупсэхужыпIэм и хъыбарыр абыхэм зэралъэIэсам хуэдэу,
дэри къытлъэIэсащ. Ауэ абыхэм зэхаха хъыбарыфIым и фIагъ
къекIыу щытакъым, а хъыбарыфIыр щызэхахым, я фIэщ
хъуатэкъыми. [3]Аращи, дэращ, фIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэращ,
Тхьэм и гупсэхужыпIэм щIыхьэнухэр, Тхьэм зэрыжиIам
хуэдэу:*

«Сахуэгубжьурэ, „Сэ ахэр си гупсэхужыпIэм
къыщIэзгъэхьэнукъым“, жысIэри псалъэ
быдэкIэ ар згъэпэжащ».

Дунейр къыщигъэщIам къыщыщIэдзауэ Тхьэм и Iуэхухэр
иухауэ щыта пэтми, итIани апхуэдэу жиIащ. [4]Еблано махуэм
теухуауэ Тхьэм зэрыжиIэр и псалъэ тхахэм хэту щIыпIэ гуэрым
деж итщ:* «Тхьэм и Iуэху псори иухри, еблано махуэм зигъэ-
псэхужащ». [5]А щIыпIэм деж Тхьэм къызэрыжиIэр итщ:* «Сэ
ахэр си гупсэхужыпIэм къыщIэзгъэхьэнукъым».
[6]Аращи, Тхьэм и гупсэхужыпIэм щIыхьэну цIыху гуэрхэр
иджыри щыIэщ. Ауэ пасэ зэманым а гупсэхужыпIэм и хъы-
барыр зылъэIэса цIыхухэр, Тхьэм едэIуэн зэрамыдам щхьэкIэ,
абы и гупсэхужыпIэм щIыхьакъым. [7]Апхуэдэу зэрыщытым
щхьэкIэ, абы и ужькIэ куэд дэкIауэ, Тхьэм мы псалъэхэр Даут
бегъымбарым и гум кърилъхьэу къыщыжригъэIам, «Нобэ» жы-
хуиIэ нэгъуэщI махуэ къигъэуващ, нэхъапэм зэрыжытIам
хуэдэу,*

«Тхьэм и макъыр нобэ зэхэфхмэ,
фи гур ерыщу щывмыгъэт».

[8]Нун и къуэ Ехьошуа* Тхьэм и гупсэхужыпIэм а цIыхухэр
щIигъэхьатэмэ, Тхьэм «Нобэ» жыхуиIэ нэгъуэщI махуэм и гугъу
ищIынтэкъым. [9]Аращи, Тхьэм еблано махуэм гупсэхугъуэм
зэрыхэтам хуэдэу, Тхьэм и цIыхухэри езым и гупсэхужыпIэм

---

4:3 Тхьэм зэрыжиIам хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 94:11.

4:4 Тхьэм къызэрыжиIэр … щIыпIэ гуэрым деж итщ – еплъ 1 Мусэ 2:2.

4:5 Тхьэм къызэрыжиIэр итщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 94:11.

4:7 нэхъапэм къызэрыжытIам хуэдэу – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 94:8.

4:8 Нун и къуэ Ехьошуа – Исус Навин арщ.

иджыри щIыхьэнущ, [10]сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хэту щытми,
Тхьэм и гупсэхужыпIэм щIыхьэм и Iуэхур иухауэ зегъэпсэхуж,
Тхьэм и Iуэхухэр иухыу, гупсэхугъуэм зэрыхэтам хуэдэу.
[11]Аращи, а гупсэхужыпIэм дызэрыщIыхьэным и ужь дивгъэт.
Ди адэжьхэм Тхьэм едэIуэну зэрамыдам хуэдэу, дэ тщыщ
гуэр Тхьэм емыдаIуэу щремыт. Ар мыхъумэ, а цIыхур Тхьэм
и гупсэхужыпIэм щIыхьэнукъым.

[12]Тхьэм и псалъэхэм гъащIэшхуэмрэ лъэкIыныгъэшхуэмрэ
яхэлъщ. Ахэр Тхьэм и бгъуитIымкIэ джатэ жанэм нэхърэ нэхъ
жаныжщ. Псэри, гури, къупщхьэри, куцIри зэхагъэкIыу цIыхум
и гущIэлъапсэм нэсыху пхрокI. ЦIыхум и гупсысэхэри и
мурадхэри зэхаху. [13] Тхьэм къигъэщIа псоми ящыщ гуэри езым
и пащхьэм гъэпщкIуа щыхъуркъым. Тхьэм и нэхэм я дежкIэ
Iуэху псоми я щхьэ техауэ икIи нахуэу щытщ. Тхьэращ жэуап
зэттынур.

*Дин пашэшхуэ къытхуэхъуар Хьисэщ*

[14]Аращи, уафэм дэкIуеижауэ, Тхьэм и Къуэ Хьисэ дин пашэ-
шхуэу диIэщи, дэ диIэ фIэщхъуныгъэм дытету щыпкъагъэкIэ
дривгъакIуэ. [15]Дин пашэшхуэу диIэр лъэкIыныгъэ зэрыдимыIэр
къызыгурыIуэн зылъэмыкI дин пашэшхуэкъым. ШейтIаным
гуэныхь дигъэщIэну зэрыхэтым хуэдэу, ди дин пашэшхуэми
сыт и лъэныкъэукIи гуэныхь иригъэщIэну хэтащ ар, ауэ гуэ-
ныхь иригъэщIэн хущIэфIэкIакъым. [16]Аращи, дэIэпыкъуэгъу
дыхуэныкъуэ щыхъукIэ, Тхьэм гущIэгъу къытхуищIын икIи
нэфI къытщыхуэн щхьэкIэ Зи гущIэгъур иным и тахътэм дыгу-
шхуауэ девгъэкIуалIэ.

# 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

ЦIыхухэм я пIэкIэ езым хуэлэжьэну, тыгъэхэри езым хуи-
хьыну, цIыхухэм я гуэныхьхэр ипшыныжын щхьэкIэ, тыхь
хуищIыну, Тхьэм дэтхэнэ дин пашэшхуэри цIыхухэм къахех.
[2]Дин пашэшхуэр гурэ псэкIэ лъэкIыныгъэ зимыIэ цIыхуу зэры-
щытым щхьэкIэ, зэхэщIыкI ямыIэу гъуэща цIыхухэм гущаба-
гъэкIэ ядэгъуэгурыкIуэн лъокI. [3]Апхуэдэу зэрыщытым щхьэкIэ,

дин пашэшхуэм езым и гуэныхьхэри цIыхухэм я гуэныхьхэри ипшыныжын щхьэкIэ, Тхьэм къурмэн хуищIын хуейщ.

[4]Дин пашэшхуэ хъунымкIэ щIыхьыр зыми зыхуигъэфэщэжьыфынукъым. ЦIыхур дин пашэшхуэ хъуну Тхьэм къыхуриджэн хуейщ, абы Хьэрун* къызэрыриджам хуэдэу.

[5]Дин пашэшхуэ хъунымкIэ щIыхьышхуэр Мэссихь езым зыхуигъэфэщакъым, ауэ Тхьэм абы къыжриIащ:*

«Уэращ си Къуэр, Адэ сыпхуэхъуащ нобэ».

[6]Тхьэм ар къызэрыжиIар и псалъэ тхахэм хэту, зыщIыпIэ деж итщ:*

«Мелхиседек* хуэдэу, уэри
дин пашэу ущытынущ игъащIэкIэ».

[7]Хьисэ дунейм щытета махуэхэм макъ хэIэтыкIакIэ джэурэ,
и нэпсыр къежэхыурэ,* лIэныгъэм къыIэщIэзыхыфыну Тхьэм
и фIэщу елъэIуащ. ЗэредаIуэм щхьэкIэ абы и макъыр Тхьэм
зэхихащ. [8]Езыр Тхьэм и Къуэми, ишэча гугъуехьхэмкIэ Тхьэр
зэрыхуеййм тету едаIуэу щытащ. [9]И Iуэхур щригъэкъум, езым
къедаIуэ цIыху псори игъащIэкIэ мыкIуэдыну къезыгъэлыр
аращ, [10]Тхьэми ар дин пашэшхуэу, Мелхиседек хуэдэу, игъэувaщ.

*ФIэщхъуныгъэм и гъуэгу фытемыкI*

[11]Мы Iуэхум теухуауэ къыжытIэн хуеяр куэд мэхъу. Ауэ
фитхьэкIумэ жьажьэщи, а Iуэхухэр зэхывэзгъэщIыкIыныр гугъущ.
[12] БлэкIа зэманым фыщеплъкIэ, мы зэманым фэ нэгъуэщI
цIыхухэм Мэссихь теухуа хъыбарыфIыр евгъэщIэн хуеящ, ауэ
Тхьэм и псалъэхэм теухуа, япэ дыдэ зэвгъэщIа Iуэхухэр зыгуэрым фигъэщIэжыну фыхуэныкъуэщ. Фызыхуэныкъуэр шхы-

5:4 Хьэрун – Мусэ бегъымбарым и къуэшу япэрей дин пашэшхуэ хъуар арщ. Еплъ 2 Мусэ 28:1-2.

5:5 Тхьэм абы къыжриIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 2:7.

5:6 зыщIыпIэ деж итщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:4.

5:6 Мелхиседек – еплъ 7:1-19.

5:7 и нэпсыр къежэхыурэ – еплъ Маттэ 26:36-46; Марк 14:32-42; Лука 22:41-43.

ныгъуэ гъэткIугъуейкъым, атIэ быдзышэщ. [13]Шэ фIэкIа нэ-
гъуэщI емыфэр ар сабий къудейщ. Абы щыпкъагъэм и Iуэхур
зэхищIыкIыркъым. [14]Шхыныгъуэр - зи ныбжь нэсахэм щхьэ-
кIэщ. Абыхэм фIымрэ емрэ ягукIэ зэхагъэкIыфу еса хъуурэ, ар
хьэл-щэн яхуэхъуащ.

## 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Мэссихь теухуа, япэ дыдэ фагъэщIа Iуэхухэм дыблэвгъэкIи,
зи ныбжь нэса цIыхухэм зэрагъэщIэн хуей Iуэхухэм захуэдвгъэ-
гъазэ. Ди фIэщхъуныгъэм и лъабжьэхэр аргуэру дывмыгъэгъэ-
тIылъыж. А лъабжьэ хъужыр мыращ: ЛIэныгъэ къызыхэкIыну
Iуэху мыхъумыщIэу фщIахэм фахущIегъуэжыныр, ТхьэмкIэ
фIэщхъуныгъэ фиIэныр; [2]цIыхухэр яумэхъыным* теухуауэ зэв-
гъэщIа Iуэхухэр, Тхьэм и нэфI къащыхуэн щхьэкIэ, цIыхухэм
фи Iэхэр тефлъхьэныр; лIахэр къэтэджыжыныр, Тхьэм и хьэ-
куму* мыкIуэдыжыныр цIыхухэм трищIыхьыныр. [3]Тхьэм жиIэ-
мэ, а Iуэхухэм даблэкIынущ.

[4]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зэгуэрым Тхьэм и нэхум хэтауэ, иужь-
кIэ зи щIыб Тхьэм хуэзыгъэзэжа цIыхухэм я гуэныхьхэм хущIеб-
гъэгъуэжыну къебгъэгъэзэжын плъэкIынукъым. Абыхэм уафэм
щыIэ Тхьэм и тыгъэр зыхуэдэр ящIэу щытащ; Тхьэм и Псэ
ЛъапIэри я гум илъащ; [5]Тхьэм и псалъэхэм я фIыгъуэри къэ-
кIуэну дунейм и къарухэри ящIащ. [6]Апхуэдэу щыт пэтми, я
щIыб Тхьэм хуагъэзэжащ. Ахэр я гуэныхьхэм хущIебгъэгъуэ-
жыну къебгъэгъэзэжын плъэкIынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Тхьэм и Къуэр жорым аргуэру ираIулIым хуэдэщ, абы и напэр
цIыхухэм я пащхьэм щытрахым хуэдэщ.

[7]Уэшх куэдрэ зытешхэ щIым, абы телэжьыхь цIыхухэмкIэ
зи фIагъ къыхэкI гъавэ къызыщыкIым, Тхьэм и нэфI къыщохуэ.
[8]Ауэ гъурцрэ пыжь банэрэ къызыщыкI щIым зы пщIи иIэкъым.
А щIым Тхьэм и ней къыщыхуэнущ куэд мыщIэу. ИкIэм-икIэжым
ар мафIэкIэ ягъэсыжынущ.

---

6:2 цIыхухэр яумэхъыным – еплъ Маттэ 3:1.

6:2 хьэкум – «суд» жыхуаIэрщ.

[9] ФIыуэ слъагъухэ, апхуэдэу жытIэ пэтми, фи Iуэхур нэ-
хъыфIу зэрыщытми фымыкIуэду Тхьэм фыкъызэрыригъэлыну
гъуэгум фызэрытетми дыщогугъ. [10]Тхьэр захуэщ. Фэ влэжьа
Iуэхур щыгъупщэнукъым. Тхьэм и цIыху лъапIэхэм дэIэпы-
къуэгъу фазэрыхуэхъуамкIи иджыри дэIэпыкъуэгъу фазэры-
хуэхъумкIи Тхьэм хуэвгъэлъэгъуа фIылъагъуныгъэр щыгъуп-
щэнукъым. [11]Фызыщыгугъыу фызыпэплъэ Iуэхухэр вгъуэтын
щхьэкIэ, фэ фщыщ дэтхэнэри игукIи и псэкIи Тхьэм и Iуэхум
и кIэм нэсыху емышу хущIэкъуну дыхуейщ. [12]Фымыщхьэх,
фIэщхъуныгъэрэ шыIэныгъэрэ зэраIэм щхьэкIэ Тхьэм
къызэригъэгугъа Iуэхухэр Iыхьэфlу къызылъысыну цIыхухэм
я лъэужьым фрикIуэ.

*Тхьэм дыкъызэригъэгугъар игъэзэщIэнущ*

[13]Тхьэм и псалъэр Ибрэхьим къыщритым, езым нэхърэ нэхъ
ин зэрыщымыIэм щхьэкIэ, и псалъэр игъэпэжурэ, езым и цIэкIэ,
псалъэ быдэкIэ мыпхуэдэу къыжиIащ:* [14]«ИпэжыпIэкIэ си нэфI
къыпщыхуэнущ, бын куэди къыптезгъэхъукIынущ». [15]Ибрэхьим
шыIэныгъэ хэлъти, Тхьэм къызэригъэгугъар иIэ хъуащ. [16]ЦIыху-
хэм езыхэм нэхърэ нэхъ ин гуэркIэ тхьэрыIуэ ящI я хабзэщ.
ТхьэрыIуэм абыхэм я псалъэхэр егъэпэж, зэдэуэныгъэ Iуэхуми
кIэ ирет. [17]Тхьэм къызэригъэгугъа Iуэхур Iыхьэфlу къызылъы-
сыну цIыхухэм и мурадыр зэрызэблимыхъунур яригъэлъагъуну
хуеяти, къызэригъэгугъа Iуэхухэр зэригъэзэщIэнур псалъэ быдэ-
кIэ къахуигъэпэжащ. [18]Апхуэдэу зэпхъуэкI мыхъуну IуэхуитI*
щыIэщ. Ар Тхьэуэ зэрыщытым щхьэкIэ, а IуэхуитIыр зэримы-
гъэзэщIэн гъуэгу щыIэкъым. Дэ, Тхьэр хъумакIуэ зыхуэхъуну
абы и гъунэгъу хъуа цIыхухэр, Тхьэм дяпэ кърилъхьа Iуэхуу
дызыщыгугъыу, дызыпэплъэхэр зылъэдгъэIэсыну мы Iуэ-
хуитIым дагъэгушхуэ. [19]Мэссихь дызэрыщыгугъыр быдэу икIи
дзыхь хуэтщIу хъурзэм хуэдэу ди гум илъщ. Тхьэм и унэшхуэм
и кIуэцIым щыфIэлъ Iупхъуэм дыблэкIыурэ, я нэхъ пэш
лъапIэм* дыщIыхьэн тлъэкIынущ абы щхьэкIэ. [20]Хьисэ а я нэхъ

---

6:13-14 мыпхуэдэу къыжиIащ – еплъ 1 Мусэ 22:16-17.

6:18 IуэхуитI – Тхьэм цIыхухэр къызэригъэгугъа Iуэхухэмрэ ахэр зэригъэзэщIэнур псалъэ быдэкIэ къазэрыхуигъэпэжамрэщ.

6:19 я нэхъ пэш лъапIэр – мы тхылъыр зытхам Тхьэм и унэшхуэм щIэта пэшу Тхьэм и щIыхьышхуэр здэщыIар уафэм хуегъадэ.

пэш лъапIэм дяпэ иту щIыхьащ* дэр щхьэкIэ. Ар, Мелхиседек хуэдэу, дин пашэшхуэ хъуащ игъащIэкIэ.

# 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Дин пашэу Мелхиседек*

Мелхиседек* Салим къалэм* и пащтыхьу икIи Тхьэуэ я нэхъ
Лъагэм хуэлажьэ дин пашэу щытащ. Ибрэхьим пащтыхь куэ-
дым ятекIуауэ къыщигъэзэжым, Мелхиседек абы пежьэри,
Тхьэм и нэфI къыщригъэхуащ. 2Ибрэхьим зауэм къыхиха мылъ-
кум и Iыхьэ пщIанэр Мелхиседек иритащ абы щыгъуэ. Мелхи-
седек и цIэм къикIыращи, япэщIыкIэ «щыпкъагъэ зигу илъ пащ-
тыхьщ», итIанэ Салим къалэм и пащтыхьщ, абы къикIыр «цIы-
хухэр зэзыгъэкIуж пащтыхьыщ». 3Ади ани, лъэпкъ зытепщIыкI
имыIэу, и махуэхэм ублапIэ ямыIэу, и гъащIэми ухыпIэ имыIэу,
Тхьэм и Къуэм хуэдэу, Мелхиседеки игъащIэкIэ дин пашэщ.
4Мелхиседек зэрыиным феплъ: Ди адэшхуэ Ибрэхьим зауэм
къыхиха мылъкум и Iыхьэ пщIанэр абы иритащ. 5Левий* къы-
техъукIа цIыхухэм ящыщу дин пашэ хъуахэм израил цIыхухэм
къалэжьам и Iыхьэ пщIанэр къыIахыну Торэт хабзэм унафэу
итщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, а Iыхьэ пщIанэр къызыIахыр я къуэш
Ибрэхьим къытехъукIа цIыхухэрщ. 6Мелхиседек, Левий къыте-
хъукIа цIыхухэм ящымыщами, Ибрэхьим зауэм къыхиха мылъ-
кум и Iыхьэ пщIанэр къыIихащ. Абы нэмыщI, Мелхиседек
Тхьэм IыхьэфIкIэ къигъэгугъэгъа Ибрахьим Тхьэм и нэфI къыщ-
ригъэхуащ. 7Шэч хэмылъу, нэгъуэщI цIыхум Тхьэм и нэфI къы-
щызыгъахуэ цIыхур нэфI зыщигъахуэм нэхърэ нэхъ инщ.

6:20 Хьисэ я нэхъ пэш лъапIэм … щIыхьащ – дин пашэшхуэр Тхьэм и унэшхуэм щIэта я нэхъ пэш лъапIэм илъэс къэс зэ щIыхьэрт, къурмэн ищIыну, цIыхухэм я гуэныхьхэр ипшыныжын щхьэкIэ. Хьисэ дин пашэшхуэу уафэм Тхьэм и пащхьэм щихьащ.

7:1 Мелхиседек – еплъ 1 Мусэ 14:17-20.

7:1 Салим къалэр – Ерусалимщ.

7:5 Левий – Екъуб бегъымбарым и къуэхэм ящыщащ. Дин пашэ псори абы и унагъуэ лъэпкъым щыщу щытащ.

[8] ЦIыхухэм Iыхьэ пщIанэр къеIызых дин пашэхэм я Iуэхум
уеплъмэ, ахэр уахъты зиIэ цIыхущ. Ауэ Ибрэхьим Iыхьэ пщIа-
нэр къеIызыха Мелхиседек и Iуэхум уеплъмэ, ар зэрыуахъ-
тыншэм Тхьэм и псалъэ тхахэр щыхьэт тохъу. [9]Левий къыте-
хъукIа цIыхухэм Iыхьэ пщIанэр адрей цIыхухэм мы зэманым
къыIах пэтми, Ибрэхьим Iыхьэ пщIанэр Мелхиседек щритым,
Левий Iыхьэ пщIанэр Мелхиседек иритауэ жыпIэ хъунущ, [10]сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ Мелхиседек Ибрэхьим щыхуэзам, Левий къа-
лъхуауэ щымытами, и адэшхуэ Ибрэхьим и пкъым хэлъу
щытауэ плъытэ хъунущ. [11]Аращи, Левий и унагъуэ лъэпкъым
щыщ дин пашэхэм ялэжьа IуэхумкIэ Тхьэм и мурадыр нэса
хъууэ щытамэ, (сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Мусэ и Торэт хабзэр
Левий и унагъуэ лъэпкъым щыщ дин пашэхэм ялэжьа Iуэхум
епхащи), Хьарун хуэмыдэу, Мелхиседек хуэдэ нэгъуэщI дин
пашэ къыщIэкIуэн щыIэнтэкъым. [12]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Тхьэм дин пашэ лъэпкъыр щызэблихъукIэ, хабзэри зэблэхъуа
хъун хуейщ. [13]Абы нэмыщIу, мы Iуэхухэр зытеуха ди Зиусхьэн
Хьисэ нэгъуэщI унагъуэ лъэпкъым щыщащ. Езым и унагъуэ
лъэпкъым щыщ зыми къурмэн щIыпIэм дин пашэу Iуэху
щищIакъым. [14] Ди Зиусхьэныр Иудэ зи цIэ унагъуэ лъэпкъым
зэрыщыщыр IупщIщ. Мусэ бегъымбарыр дин пашэхэм
къащытепсэлъыхьым, а унагъуэ лъэпкъым и гугъу ищIакъым.
[15]Мелхиседек хуэдэу, нэгъуэщI дин пашэ иджы къызэры-
лъэгъуам а жыхуэсIэ Iуэхур нэхъ IупщIэу ещI. [16] Мелхиседек и
унагъуэ лъэпкъ къытепщIыкIым теухуа хабзэхэмрэ цIыху
унафэхэмрэкъым ар дин пашэ зыщIар, атIэ зыми имыгъэкIуэ-
дыфын гъащIэм и лъэкIыныгъэращ дин пашэ зыщIар. [17]Тхьэм
и псалъэ тхахэм мыпхуэдэу хэтщ:*

«Мелхиседек хуэдэу, уэри
дин пашэу ущытынущ игъащIэкIэ».

[18]Пасэрей хабзэм лъэкIыныгъи пщIэи зэримыIам щхьэкIэ
Тхьэм ар лъэныкъуэ иригъэзащ. [19]Торэт хабзэм Iуэху гуэри нэса
игъэхъун лъэкIакъым. Тхьэм иджы дызыщигъэгугъ Iуэхур нэ-
хъыфIщ, а Iуэхум Тхьэм нэхъ пэгъунэгъу дыхуэхъун тлъегъэкI.
[20]Абы нэмыщI, Тхьэм псалъэ быдэкIэ жиIащ Хьисэ дин пашэ
зэрыхъунур. [21]НэгъуэщI цIыхухэр Тхьэм и псалъэ быдэ хэмылъу

7:17 Тхьэм и псалъэ тхахэм мыпхуэдэу яхэтщ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:4.

дин пашэ хъуащ, ауэ Хьисэ дин пашэ щыхъум, Тхьэм къыжиIар
псалъэ быдэкIэ игъэпэжащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм мып-
хуэдэу къыжриIащ:*

«Сэ, Зиусхьэныр, жысIар псалъэ
быдэкIэ згъэпэжурэ,
абы сыхущIегъуэжынукъым:
Уэ дин пашэу ущытынущ игъащIэкIэ».

[22]Тхьэм езымрэ дэрэ дяку къыдилъхьа зэгурыIуэныгъэр зэры-
нэхъыфIым дыщызыгъэгугъыр Хьисэщ.
[23]Абы нэмыщIу, адрей дин пашэхэр куэд хъуащ, Тхьэм дин
пашэу сыт щыгъуи хуэлэжьэну лIэныгъэм ахэр хуит ищIакъы-
ми. [24]Ауэ игъащIэкIэ зэрыпсэунум щхьэкIэ Хьисэ и дин пашэ
Iуэхур нэгъуэщI гуэрым къыхуигъэнэжынукъым. [25]Тхьэм пэгъу-
нэгъу хъуну Хьисэ зылъигъэкI цIыхухэр мыкIуэду кърigъэлын
сыт щыгъуи хузэфIокI абы щхьэкIэ. Хьисэ а цIыхухэм Тхьэм
яхуелъэIуну игъащIэкIэ псэунущи.
[26]Мыпхуэдэ дин пашэшхуэщ дызыхуэныкъуэр: и гур къабзэу,
зыми зэригъэкъуэншэн лъэпкъ бгъэдэмылъу, лажьэ зыри
имыIэу, гуэныхь зыщIэхэм яхэкIыжауэ, уафэхэм я щыгу
дэкIуеижауэ. [27]Адрей дин пашэшхуэхэм, япэщIыкIэ езыхэм я
гуэныхьхэр япшыныжын щхьэкIэ, итIанэ адрей цIыхухэм я
гуэныхьхэр япшыныжын щхьэкIэ, махуэ къэс къурмэн ящIын
хуейуэ зэрыщытам хуэдэу, Хьисэ ищIын хуейуэ щыткъым; езым
къурмэныпхъэ зыщищIам, цIыхухэм я гуэныхьхэр ипшыныжын
щхьэкIэ, къурмэныпхъэ аргуэру мыхъужыну, а зэмкIэ зэфIи-
гъэкIащ. [28]Зигурэ зи псэкIэ лъэкIыныгъэ зимыIэ цIыхухэр дин
пашэшхуэ хъуну Торэт хабзэм и унафэм егъэув; ауэ Торэт хабзэр
ува нэужь, Тхьэм жиIар псалъэ быдэкIэ къыщигъэпэжым, игъа-
щIэкIэ цIыху нэгъэсауэ щыт и Къуэр дин пашэшхуэ хъуну къи-
гъэуващ.

7:21 Тхьэм мыпхуэдэу къыжриIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 109:4.

# 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьисэ Мэссихьыщ ди дин пашэшхуэр*

ЖытIэ псом я нэхъыщхьэр мыращ: Уафэхэм щыIэу, тепщэ-
ныгъэшхуэ псори зиIэ Тхьэм и тахътэм и ижьырабгъумкIэ бгъэ-
дэсу дин пашэшхуэ диIэщ. [2] Тхьэр здэщыIэ шэтыр пэжым дин
пашэшхуэу Iуэху щелэжь абы. А шэтырыр зыгъэувар цIыхухэра-
къым, атIэ Зиусхьэнырэщ.
[3]Тхьэм дэтхэнэ дин пашэшхуэми тыгъэхэри езым хуихьыну,
къурмэнхэри хуищIыну егъэув. Ди дин пашэшхуэми Тхьэм къур-
мэныпхъэ гуэр хуищIын хуейщ. [4]Хьисэ дунейм тетамэ, дин па-
шэу щытынтэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Торэт хабзэм тету,
Тхьэм тыгъэхэр хуэзыхь дин пашэхэр щыIэщи. [5]Дин пашэу абы-
хэм Iуэху зыщащIэр Тхьэм и унэшхуэу уафэм щыIэм и сурэтым
ещхь е и ныбжь къудейщ. Мусэ шэтырыр игъэувын щыщIидзэм,
Тхьэм абы унафэ къыхуищIащ: «Бгым утету, псори зэрыозгъэ-
лъэгъуам хуэдэу, зэрыпщIыным хэт». [6]Хьисэ Тхьэмрэ цIыху-
хэмрэ яку дэлъын хуейуэ ищIа зэгурыIуэныгъэр япэрей зэгу-
рыIуэныгъэм* нэхърэ зэрынэхъ иным хуэдэу, Хьисэ дин пашэ-
шхуэ Iуэхуу илэжьыр адрей дин пашэшхуэхэм я Iуэхум нэхърэ
нэхъ Iуэхушхуэщ, иужьрей зэгурыIуэныгъэмкIэ Тхьэм цIыхухэр
къызэригъэгугъа Iуэхухэр нэхъыфIщи.
[7]Ауэ япэрей зэгурыIуэныгъэм* щыщIагъэ зыри имыIатэмэ,
нэгъуэщI зэгурыIуэныгъэ абы и пIэм щIиувэн щыIэнтэкъым.
[8]Бегъымбарым, цIыхухэр игъэкъуаншэу, жиIащ:*

«Зиусхьэным мыпхуэдэу жеIэ:
Сэрэ израил унагъуэ лъэпкъымрэ
Иудэ унагъуэ лъэпкъымрэ яку
зэгурыIуэныгъэщIэ щыдэслъхьэну
махуэхэр къэсынущ.
[9]Ауэ мы зэгурыIуэныгъэр зэрыщытынур
я адэжьхэр Мысырым къыщисшыжым,

---

8:7 япэрей зэгурыIуэныгъэр – япэрей зэгурыIуэныгъэр хъуну зыщIар Мусэ бегъымбарыр арщ.

8:8-12 бегъымбарым … къыжиIащ – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 38:31-34.

сэрэ абыхэмрэ дяку дэслъхьа
зэгурыIуэныгъэр зэрыщытам хуэдэукъым,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ дяку
дэслъхьа зэгурыIуэныгъэм и гъуэгу
ахэр ирикIуакъым.
Аращи, абыхэм нэмыплъ есту щытащ,
жеIэ Зиусхьэным.
[10]А махуэхэм яужькIэ сэрэ израил
лъэпкъымрэ дяку дэслъхьэну
зэгурыIуэныгъэр мыращ:
Си унафэхэр абыхэм я щхьэм ислъхьэнущ,
ягуми истхэнущ.
Сэ абыхэм я Тхьэуэ сыщытынущ,
ахэри сэ си лъэпкъыу щытынущ,
жеIэ Зиусхьэным.
[11]Апхуэдэу щыхъукIэ, „Зиусхьэныр
зыхуэдэр зэгъащIэ“, жаIэурэ
зэгъунэгъухэми зэшхэми зэжраIэжынукъым,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
цIыкIухэм къыщыщIэдзауэ инхэр къыхиубыдэу,
цIыху псоми сэ сащIэнущ.
[12] БзаджащIэхэми гущIэгъу яхуэсщIынущ.
Я гуэныхьхэри бзаджагъэу ящIари
си гум изгъэлъыжынукъым».

[13]Тхьэм «зэгурыIуэныгъэщIэ» жиIэу къызэрыжиIамкIэ япэрей зэгурыIуэныгъэр жьы зэрыхъуар къигъэлъэгъуащ. Сыт ищIысри жьы хъуауэ лъэкIыныгъэ зимыIэр куэд мыщIэу кIуэдыжынущ.

## 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэр цIыхухэм зэрагъэлъэпIэн хуей щIыкIэр*

Япэрей зэгурыIуэныгъэм тету цIыхухэм Тхьэр зэрагъэлъэпIэн хуей щIыкIэм теухуа унафэхэр щыIащ. ЦIыхухэм я IэкIэ ящIауэ, Тхьэр щагъэлъэпIэн щIыпIи щыIащ. [2]ПэшитI зиIэ шэтыр гуэр

ягъэуващ. Япэрей пэшу Пэш ЛъапIэкIэ зэджэм и кIуэцIым
уэздыгъэ тегъэувапIэр, Iэнэр, Тхьэм и пащхьэм ягъэтIылъа
щIакхъуэр щIэлъащ. [3] Iупхъуэ гуэрым и щIыбкIэ я нэхъ Пэш
ЛъапIэу жыхуаIэр щыIащ. [4]Мэ IэфI къызыпих удзхэм я гъэ-
сыпIэу дыщэм къыхэщIыкIар а пэшым щIэтащ. Абы нэмыщI,
дэнэкIи дыщэпс зытегъэлъэда пхъуантэу Тхьэм езымрэ цIыху-
хэмрэ яку дилъхьа зэгурыIуэныгъэм и пхъуантэу жыхуаIэр а
пэшым щIэтащ. Дыщэм къыхэщIыкIа фалъэу мэнн зи цIэ
шхыныгъуэр* зэрылъыр, Хьарун и башу тхьэмпэхэр къызы-
пыкIар, Тхьэм и унафэхэр зэрыт мывэ пхъэбгъуитIыр а пхъуан-
тэм дэлъащ. [5]А пхъуантэм ищхьэмкIэ Тхьэм и щIыхьышхуэ
къэзыгъэлъагъуэ Херувим жыхуаIэ мелыIычхэр щытащ. Абы-
хэм я дамэхэмкIэ Тхьэм цIыхухэм я гуэныхьхэр къащыхуигъэ-
гъу щIыпIэр яхъумэу щытащ. Ауэ щхьэхуэу а Iуэхухэм иджы
дащIытепсэлъыхьын щыIэкъым.

[6]Апхуэдэ гъэпсыкIэм тету я Iуэхур ящIэну дин пашэхэр зэпы-
мыууэ япэрей пэшым щIыхьэу щытащ. [7]Ауэ етIуанэрей пэшым
дин пашэшхуэм фIэкIа зыри щIыхьакъым, ари илъэсым зэ
нэхъыбэ щIыхьэу щытакъым. Абы щыгъуэми къурмэныпхъэми
лъыр здимыхьу щIыхьэртэкъым, езым и гуэныхьхэри цIыхухэм
ямыщIэххэу ялэжьа гуэныхьхэри ипшыныжын щхьэкIэщ а къур-
мэныр щIищIар. [8] Тхьэм и Псэ ЛъапIэм а гъэпсыкIэмкIэ къегъэ-
нахуэ я нэхъ Пэш ЛъапIэу уафэм щыIэм деж кIуэ гъуэгур зэ-
рыIумыхар, а шэтырыжьыр щыIэху. [9]А Iуэху псоми иджырей
зэманым Iуэхур зытетыр къагъэлъагъуэ: ЦIыхухэм тыгъэу
Тхьэм хуахьымрэ къурмэну хуащIымрэ я гум я къабзагъэр нэ-
гъэса ящIын ялъэкIыркъым. [10]А тыгъэхэри а къурмэнхэри зэпха
Iуэху къудейхэр шхэнми ефэнми я Iуэхумрэ диным теухуауэ
зэхуэмыдэ щIыкIэу цIыхухэм зызэрагъэкъэбзэжын Iуэхумрэщ.
Ахэр цIыхухэм япкъхэм епха унафэщ; Тхьэм Iуэху псори
зэрихъуэкIыжыхущ, а унафэхэр щыIэн зэрыхуейр.

[11]Ауэ иджы щыIэ IуэхуфIхэр къыздихьри, Мэссихь дин пашэ-
шхуэу къэкIуащ. Мы дунейм тет шэтырым нэхърэ нэхъ шэтыры-
шхуэу икIи нэхъ нэгъэсауэ щытым и кIуэцIым дин пашэшхуэу
Iуэху щещIэ абы. А шэтырыр цIыхухэм я IэкIэ ящIа шэтыру
щыткъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, а шэтырыр Тхьэм къигъэщIа
мы дунейм щыщкъым. [12]Бжэнымрэ танэмрэ я къурмэныпхъэ

9:4 мэнн зи цIэ шхыныгъуэр – еплъ 2 Мусэ 16:4-5.

лъыр здимыхьу, езым илъ жорым щыщIэкIауэ, уафэм щыIэ я
нэхъ Пэш ЛъапIэм Мэссихь, афIэкI щIэмыхьэжыну, зэ закъуэ
щIыхьащ. Езым и лъымкIэ мыкIуэдыжын щхьэхуитыныгъэ
дигъэгъуэтурэ, ди щхьэр къищэхужащ. 13Дин пашэхэм бжэн-
хэмрэ выхэмрэ я къурмэныпхъэ лъыри жэмым и сахуэри Тхьэм
дежкIэ мыкъабзэу щыт цIыхухэм траутхэу щытащ, ахэр къабзэ
хъужын щхьэкIэ. 14Абы нэхърэ нэхъыбэу лIэныгъэр къызыхэкI
Iуэхухэм дапыкIыжыну, гъащIэрэ щыпкъагъэрэ зиIэ Тхьэм ды-
хуэлэжьэну, Мэссихь и лъым дигухэр егъэкъэбзэж. Тхьэм и Псэ
ЛъапIэу сыт щыгъуи щыIэм и лъэкIыныгъэкIэ Мэссихь къур-
мэныпхъэ нэсу езы Тхьэм зритащ.

15Абы къыхэкIкIи, Мэссихьщ Тхьэмрэ цIыхухэмрэ яку зэгу-
рыIуэныгъэщIэ дэлъ зыщIыр. Апхуэдэу щIищIыр и бынхэм
ящыщ хъуну къыхуриджа цIыхухэм мыкIуэдыжыну щыт
Iыхьэфlу Тхьэм ахэр къызэригъэгугъар къалъысын щхьэкIэщ.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ япэрей зэгурыIуэныгъэм и тепщэныгъэм
щIэту гуэныхь зыщIа цIыхухэм я щхьэр и лIэныгъэмкIэ Мэссихь
къищэхужащ.

16Уэсят щыIэмэ, уэсят къэзыщIар зэрылIам щыхьэт техъуэн
хуейщ. 17 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уэсятыр щыбгъэзащIэ хъунур
ар зыщIар лIа нэужь къудейщ. Ар зыщIар псэумэ, уэсятыр бгъэ-
защIэ хъунукъым. 18Абы щхьэкIэ япэрей зэгурыIуэныгъэри гъэ-
зэщIа хъун зэгурыIуэныгъэ зыщIа закъуэр лъыращ. 19Мусэ бе-
гъымбарым Торэт хабзэм и унафэ псори цIыху псоми яригъэщIа
нэужь, цы плъыжь-фIыцIафэр иссоп зи цIэ чыцэм и къудамэхэм
япищIэщ, танэхэмрэ бжэнхэмрэ я лъыр псы щIыгъуу къищтэри,
а къудамэхэмкIэ тхылъымрэ цIыху псомрэ ятриутхащ. 20Мусэ
къыжиIащ* итIанэ: «Мы лъыр арщ зэгурыIуэныгъэу, Тхьэм уна-
фэ къызэрыфхуищIам хуэдэу, фызэредэIуэн хуейр зыгъэпэжыр».
21Апхуэдэуи шэтырымрэ Тхьэр зэрагъэлъапIэ хьэкъущыкъу
псомрэ лъы ятриутхащ. 22 Пэжщ, Торэт хабзэм зэритым хуэдэу,
сыт ищIысри, къанэ щIагъуэ щымыIэу, лъыкIэ ягъэкъэбзэж икIи
къурмэнылъ хэмыту гуэныхь гъэгъуныгъэ щыIэкъым.

9:20 Мусэ къыжиIащ – еплъ 2 Мусэ 24:8.

*Хьисэ, къурмэныпхъэ зищIурэ,*
*цIыхухэм я гуэныхьхэр зэращхьэщихыр*

[23]Апхуэдэу сызытепсэлъыхь Iуэхуу, уафэм щыIэ Iуэху пэж-
хэм я сурэту щытхэр, мы къурмэнхэмкIэ ягъэкъэбзэжын хуеящ.
Ауэ уафэм щыIэ Iуэхухэм а къурмэнхэм нэхърэ нэхъ къурмэ-
ныфIхэр яхуэфащэщ. [24]ЦIыхухэм ящIа шэтыру, Тхьэр здэщыIэ
щIыпIэ пэжым и сурэту щытыракъым Мэссихь зыщIыхьар, атIэ
уафэу Тхьэр здэщыIэ щIыпIэ дыдэрщ зыщIыхьар, Тхьэм и
пащхьэм дэр щхьэкIэ иджы ихьэну. [25] Дин пашэшхуэр я нэхъ
Пэш ЛъапIэу жыхуаIэм илъэс къэс езым и лъыр мыхъуу, къур-
мэныпхъэм и лъыр здихьыурэ щIыхьэу щытащ. Ауэ Мэссихь
уафэу Тхьэр здэщыIэ щIыпIэм щIыщIыхьар, къурмэныпхъэ
куэдрэ зищIын щхьэкIэкъым, атIэ аргуэру къурмэныпхъэ зимы-
щIыну, зэ закъуэ къурмэныпхъэ зищIын щхьэкIэщ. [26]Апхуэдэу
щымытатэмэ, Тхьэм дунейр къыщигъэщIам къыщыщIэдзауэ
Мэссихь куэдрэ гугъуехь ишэчын хуей хъунут. Ауэ езым къурмэ-
ныпхъэ зэрызищIамкIэ гуэныхьыр игъэкIуэдын щхьэкIэ, иджы,
лъэхъэнэхэм я кIэух дыдэм деж, аргуэру къэмылъэгъуэжыну,
зэ закъуэ къэлъэгъуащ. [27]ЦIыху псори зэ лIэжын хуейщ, итIанэ
Тхьэм хьэкум ятрищIыхьынущ. [28]Апхуэдэуи цIыху куэдым я
гуэныхьхэр ятрихыну Мэссихьи зэ къурмэныпхъэ зищIащ. ИтIа-
ни зэ къэлъэгъуэжынущ ар.* ЦIыхухэм я гуэныхьхэр ящхьэщи-
хын щхьэкIэкъым, абы щыгъуэ къыщIэкIуэжынур, атIэ езыр
къызэрыкIуэжынум щыгугъыу пэплъэ цIыхухэр мыкIуэду къри-
гъэлын щхьэкIэщ.

## 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Торэт хабзэр къэкIуэну IуэхуфIхэм я ныбжь къудейуэ щытащ, а IуэхуфIхэр зэрыщытыну дыдэр абы къигъэлъэгъуэн лъэкIыу щытакъым. Аращи, а къурмэн дыдэу илъэс къэси зэпымыууэ ящIу щытахэмкIэ Тхьэм пэгъунэгъу хъуну хуея цIыхухэр я щы-пкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, цIыху нэгъэса ищIын лъэкIыу щытакъым Торэт хабзэм. [2]Ар лъэкIыну щытатэмэ,

9:28 ИтIани зэ къэлъэгъуэжынущ ар – дунейм и кIэухым дежщ къыщылъэгъуэжынур.

цIыхухэм къурмэн щIыныр зыханыжынт. Тхьэм пэгъунэгъу
хъуну хуейхэр а къурмэнхэмкIэ къабзэ хъуну щытамэ, я гуэны-
хьхэр ягукIэ зыдащIэжынтэкъым. 3Я гуэныхьхэр я гум илъэс
къэси къагъэкIыжу щытащ а къурмэныпхъэхэм, 4выхэмрэ
бжэнхэмрэ я лъым цIыхухэм я гуэныхьхэр ятрихын лъэкIы-
нутэкъыми.

5Ращи, Мэссихь мы дунейм къыщытехьэнум щыгъуэ Тхьэм
мыпхуэдэу жриIащ:*

«Къурмэнхэми тыгъэхэми уахуеякъым,
ауэ пкъы къысхуэбгъэхьэзыращ.
6 ЦIыхухэм мафIэкIэ ягъэс къурмэнхэри,
я гуэныхьхэр зыщхьэщахын щхьэкIэ,
ящI къурмэнхэри игъуэу плъытакъым.
7 ИтIанэ сэ жысIащ: „Уэ, Тхьэ, мис,
уэ узыхуейр згъэзэщIэну сыкъэкIуащ,
уи тхылъым си хъыбар зэритым хуэдэу“».

8Мэссихь апхуэдэу къыщыжиIэм, япэщIыкIэ жиIар мыращ:
«Къурмэнхэми, тыгъэхэми, цIыхухэм мафIэкIэ ягъэс къурмэн-
хэми, я гуэныхьхэр зыщхьэщахын щхьэкIэ, ящI къурмэнхэми
уахуеякъым икIи игъуэу плъытакъым». ЦIыхухэм а къурмэнхэр
Торэт хабзэм и унафэм тету ящIауэ щыта пэтми, апхуэдэу
жиIащ. 9 ИтIанэ мыпхуэдэу къыжиIащ: «Уэ, Тхьэ, мис узыхуейр
згъэзэщIэну сыкъэкIуащ». Апхуэдэу Мэссихь япэрей Iуэхухэр*
лъэныкъуэ иригъэзащ, абыхэм я пIэм етIуанэ Iуэхур* иригъэ-
увын щхьэкIэ. 10Хьисэ Мэссихь Тхьэр зыхуеяр зэригъэзэщIам
щхьэкIэ, езым и пкъыр аргуэру къурмэныпхъэ имыщIыжыну,
зэ закъуэ къурмэныпхъэ зэрищIамкIэ ди гур игъэкъэбзэжащ.

11Дэтхэнэ дин пашэми и дин пашэ Iуэхур махуэ къэс егъэ-
защIэ. А къурмэн дыдэу цIыхухэм я гуэныхьхэр ящхьэщызыхын
зылъэмыкIхэр зэпымыууэ ещI. 12Мэссихь цIыхухэм я гуэныхь-
хэр игъащIэкIэ ипшыныжыпэн щхьэкIэ, къурмэныпхъэ зэзакъуэ
зищIа нэужь, Тхьэм и ижьырабгъумкIэ щысыну бгъэдэтIыс-

---

10:5-7 Тхьэм мыпхуэдэу жриIащ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 39:7-9.

10:9 япэрей Iуэхухэр – къурмэн щIыныр арщ.

10:9 етIуанэ Iуэхур – Мэссихь къурмэныпхъэ зызэрищIар арщ.

хьащ. [13]А зэманым къыщыщIэдзауэ Мэссихь поплъэ и бийхэр
Тхьэм абы лъэгущIэтын* щыхуищIыну махуэм. [14]Апхуэдэу
зэзакъуэ къурмэныпхъэ зэрызищIам щхьэкIэ, зигу къабзэ
хъухэр, я щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, игъащIэкIэ
цIыху нэгъэса ищIащ Мэссихь.
[15] Тхьэм и Псэ ЛъапIэри мы IуэхумкIэ щыхьэт къытхуохъу;
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ япэщIыкIэ мыпхуэдэу къыжеIэ:*

[16] «Зиусхьэным къыжеIэ:
А махуэхэм я ужькIэ зэгурыIуэныгъэу
сэрэ абыхэмрэ яку
дэслъхьэнур мыращ:
Си унафэхэр абыхэм я гум ислъхьэнущ,
я щхьэми истхэнущ».
[17] ИтIани жеIэ:*
«Я гуэныхьхэри бзаджагъэу ящIари
си гум изгъэлъыжынукъым».

[18]Тхьэм цIыхухэм я гуэныхьхэр зэрахуигъэгъуам щхьэкIэ,
ахэр япшыныжын папщIэ, къурмэн щIащIыни щыIэкъым.

*Тхьэм пэгъунэгъу дывгъэхъу*

[19]Arащи, ди къуэшхэ, Хьисэ и лъыуэ жорым щыщIэкIам
щхьэкIэ, щIыпIэ лъапIэу Тхьэр здэщыIэм гушхуэныгъэкIэ ди-
хьэн тлъэкIынущ. [20]Хьисэ и пкъыр къурмэныпхъэ зэрищIам
щхьэкIэ, цIыхухэм гъащIэ къыдэзыт гъуэгущIэу Iупхъуэм блэ-
кIыр къытхуIуихащ. [21]Тхьэм и унагъуэр зи IэмыщIэм илъ дин
пашэшхуэ диIэщ. [22]Arащи, Хьисэ и лъыр ди гум триутхэу, ди-
гукIэ мыхъумыщIэ зыри зыдэдмыщIэжыну зэригъэкъэбзэжам
щхьэкIи, дипкъхэр псы къабзэкIэ зэрыттхьэщIам щхьэкIи, ди
гум щыпкъагъэрэ фIэщхъуныгъэшхуэрэ илъу, Тхьэм пэгъунэгъу
дывгъэхъу. [23]Arащи, дызыщыгугъыу, дызыпэплъэ IуэхуфIу
цIыхухэм зи гугъу яхуэтщIхэм дыкъимыкIуэтыжу дытету дрив-
гъакIуэ, а IуэхуфIхэмкIэ дыкъэзыгъэгугъа Тхьэм и гум щы-

---

10:13 лъэгущIэтын – еплъ 1:13.

10:15-16 япэщIыкIэ мыпхуэдэу къыжеIэ – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 31:33.

10:17 итIанэ жеIэ – еплъ Иеремие бегъымбарым и тхылъым 31:34.

пкъагъэ илъщи. 24 Ди гум фIылъагъуныгъэ илъыну, фIы щIэнми
дыхэтыну дызэрыгъэгушхуэурэ дызэкIэлъывгъэплъыж. 25 ЦIы-
ху гуэрхэм зэрахабзэм хуэдэу, дызэIущIэныр зыхэдывмыгъанэ,
атIэ дызэрывгъэгъэгушхуэ. Зиусхьэным и махуэр* нэхъ
къэблэгъауэ зэрыфлъагъум щхьэкIэ нэхъри фызэрыгъэгушхуэн
хуейщ.

26Щыпкъагъэр зэдгъэщIауэ, итIани дэ тфIэфIу гуэныхь щIэ-
ным дыхэтмэ, ди гуэныхьхэр тщхьэщызыхыфын къурмэны-
пхъэ щыIэжкъым, 27 ауэ хьэкум шынагъуэу Тхьэм къыттрищIы-
хьынумрэ Тхьэм пэувхэр зыхисхьэну мафIэшхуэмрэ къыт-
поплъэ. 28Мусэ бегъымбарым и Торэт хабзэм едэIуэну
зымыдэм щыхьэтитI е щыхьэтищ къыщытехъуэкIэ, гущIэгъу
хуамыщIу, укI тралъхьэу щытащ. 29Тхьэм езым и Къуэр
зыгъэпуд цIыхум Тхьэм абы нэхърэ куэдкIэ нэхъ гугъуехьышхуэ
иригъэшэчынущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а цIыхум Мэссихь и
лъыуэ Тхьэм и зэгурыIуэныгъэр зыгъэпэжауэ, а цIыхум и гур
зыгъэкъэбзэжам пщIэ имыIэу елъытэ, Тхьэм и Псэ ЛъапIэу зи
нэфI дэ къытщыхуэми и гум хегъэщI. 30Мыпхуэдэу жызыIа
Зиусхьэныр* дощIэ: «ЦIыхухэм я бзаджагъэр езыгъэпшыны-
жынур сэращ; абыхэм яхуэфащэр езгъэгъуэтыжынущ». ИтIани
жиIащ:* «Зиусхьэным езым и цIыхухэм хьэкум ятрищIыхьы-
нущ». 31Къуаншагъэ зэрыпщIам щхьэкIэ гъащIэ зиIэ Тхьэм и
IэмыщIэ уихуэныр куэду шынагъуэшхуэщ!

32Тхьэм и хъыбарыр къывгурыIуэну абы и нэхур къыщыф-
тепса блэкIа махуэр фи гум къэвгъэкIыж. ФыкъимыкIуэтыжу
и гъуэгу фрикIуэу, а махуэхэм гугъуехьышхуэ куэд фшэчу щы-
тащ. 33Зэм цIыхухэм я пащхьэм псалъэ фIейхэр къыщывапэсырт,
гузэвэгъуэми фыщыхадзэрт, зэми апхуэдэу зыхущыта адрей
цIыхухэм защIэвгъакъуэрт. 34Лъэхъуэщым щIэсхэм гугъуехь
ядэфшэчырт. ЦIыхухэм фи мылъкур зэрыфтрахар фигуапэу
къабыл фщIащ, абы нэхърэ нэхъ мылъкуфIу мыкIуэдыжынур
уафэм зэрыщывиIэр фщIэрти.

35Аращи, гушхуэныгъэу фиIэр зыхэвмыныж, гушхуэныгъэ
зиIэхэм я IыхьэфIыр инынущи. 36 Теубыдагъэ фиIэн хуейщ,
Тхьэр зыхуейр вгъэзэщIэн икIи фызэригъэгугъа IыхьэфIыр

10:25 Зиусхьэным и махуэр – къемэтмахуэр арщ.

10:30 мыпхуэдэу жызыIа Зиусхьэныр – еплъ 5 Мусэ 32:35.

10:30 итIани къыжиIащ – еплъ 5 Мусэ 32:36.

вгъуэтын щхьэкIэ. [37]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэ
тхахэм зэрыхэтым хуэдэу:*

«Куэд дыдэ дэмыкIыу,
къэкIуэнур мыгувэу къэсынущ.
[38] ФIэщхъуныгъэ зэриIэм щхьэкIэ,
си дежкIэ щыпкъагъэ зиIэр псэунущ.
Ауэ а цIыхур къикIуэтыжмэ,
сигу ирихьынукъым».

[39]Дэ зызыгъэкIуэду гъуэгум къыщикIуэтыжхэм дащыщкъым,
атIэ фIэщхъуныгъэм и гъуэгум дрокIуэ, апхуэдэу зэрыщытым
щхьэкIэ дымыкIуэду Тхьэм дыкърегъэл.

## 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *ЦIыхухэр пасэ зэманым Тхьэм щыгугъыу зэрыщытар*

ФIэщхъуныгъэр зищIысыр - дызыщыгугъыу, дызыпэплъэ
Iуэхухэр зэрыдгъуэтынур тщIэныр арщ икIи Iуэху нэрымылъа-
гъухэм ди дзыхь едгъэзыныр арщ. [2]Пасэ зэманым дунейм
щыпсэууэ щыта цIыхухэм фIэщхъуныгъэ зэраIам щхьэкIэ Тхьэр
щыхьэтыфI яхуэхъуащ.
[3]ФIэщхъуныгъэ зэрыдиIэм щхьэкIэ, Тхьэм и псалъэкIэ дунейр
къызэригъэщIар зэхыдощIыкI. Аращи, цIыхум и нэкIэ илъа-
гъур и нэкIэ имылъагъум къыхэкIащ.
[4]Хэбэл* фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, Каин ищIа къур-
мэным нэхърэ нэхъ къурмэныфI ищIащ. Тхьэм Хэбэл и тыгъэ-
хэр щидам, Хэбэл фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, Тхьэр абы
щыпкъагъэ зэриIамкIэ щыхьэт хуэхъуащ. Хэбэл дунейм ехы-
жащ, ауэ фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, иджыри хъыбар
къытхуехь.

---

10:37-38 Тхьэм и псалъэ тхахэм зэрыхэтым хуэдэу – еплъ Хабакук (Аввакум) бегъымбарым и тхылъым 2:3-4.

11:4 Хэбэл – еплъ 1 Мусэ 4:3-10.

[5]Ханох* фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, Тхьэм абы лIэныгъэр
иримыгъэлъагъуу уафэм дрихьеящ. Тхьэм ар уафэм зэрыдри-
хьеям щхьэкIэ, цIыхухэм ар ягъуэтыжын ялъэкIакъым. Тхьэм
ар уафэм дрихьеин и пэкIэ, Ханох Тхьэм и гум зэрырихьамкIэ
Тхьэм и псалъэ тхахэр щыхьэт абы хуохъу. [6]ЦIыхум фIэщхъу-
ныгъэ имыIэмэ, Тхьэм игу ирихьынукъым; Тхьэм пэгъунэгъу
хъуну хуей дэтхэнэми Тхьэр зэрыщыIэмкIи Тхьэм и гъуэгум
лъыхъуэхэм я IыхьэфIыр зэралъигъэсымкIи фIэщхъуныгъэ иIэн
хуейщи.

[7]ЦIыхухэм ямылъэгъуа къэкIуэну Iуэхухэм теухуауэ Тхьэм
Нухь* хъыбар къыщригъащIэм, Нухь фIэщхъуныгъэ зэриIам
щхьэкIэ, Тхьэм щышынэри, и унагъуэр мыкIуэду къригъэлын
щхьэкIэ, кхъухь ищIащ. Нухь иIа фIэщхъуныгъэмкIэ дунейм и
цIыхухэм я къуаншагъэр нахуэ яхуищIащ. ФIэщхъуныгъэ зэ-
риIам щхьэкIэ Тхьэм абы щыпкъагъэ иIэу зэрилъытар и IыхьэфI
хъуащ.

[8] Ибрэхьим* и IыхьэфI хъуну къэралым кIуэну Тхьэм къыщы-
хуриджам, Ибрэхьим фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, Тхьэм
едаIуэри, здэкIуэнур имыщIэу щыта пэтми, итIани гъуэгу те-
хьащ. [9]ФIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, Тхьэм къритыну къызэ-
ригъэгугъа къэралым хамэм хуэдэу щыпсэууэ щытащ ар. А
къэралым Ибрэхьим шэтырхэм щIэсу щыпсэууэ щытащ. Ис-
хьэкъри Екъубри шэтырхэм щIэсащ. Ибрэхьим Тхьэм къызэ-
ригъэгугъа IыхьэфIыр абы и гъусэу абыхэми къалъысыну
щытащ. [10]Ибрэхьими шэтырхэм щIэсащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
къалэшхуэу Тхьэм игъэпсауэ, игъэувауэ, мыкIуэдыжын
лъабжьэхэр зиIэм пэплъэу щытащ.

[11]Сарэ* сабий имыгъуэтыну и ныбжьыр блэкIауэ щыта
пэтми, фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, сабий игъуэтыну Тхьэм
къару къритащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къэзыгъэгугъа Тхьэр зэры-
щыпкъэр Сарэ ищIэу щытащи. [12]ЛIэн гъунэгъу хъуа пэтми, а
лIы закъуэм быну къытехъукIар уафэм ит вагъуэхэм я бжыгъэм
хуэдизу куэд хъуащ, хы Iуфэм Iулъ умыбжыфыну пшахъуэми
хуэдизу бэгъуащ.

11:5 Ханох – еплъ 1 Мусэ 5:21-24.

11:7 Нухь – еплъ 1 Мусэ 6:13-22.

11:8 Ибрэхьим – еплъ 1 Мусэ 12:1-5.

11:11 Сарэ – еплъ 1 Мусэ 18:11-14; 21:2.

[13]Мы цIыху псори фIэщхъуныгъэ яIэу лIащ. Тхьэм къызэри-
гъэгугъа Iуэхухэр ягъуэтакъым, ауэ жыжьэу ахэр ялъагъури
щыгуфIыкIащ. «Мы дунейм хамэу икIи хэхэсу дытетщ», жаIащ
абыхэм. [14]Апхуэдэу жызыIэхэм я къэрал пэжым зэрылъыхъуэр
къагъэнахуэ. [15]Я гум илъу щытар къэралу зэрыкIыжар аратэмэ,
ягъэззэжыну Iэмал яIэнт. [16]Ауэ къэрал нэхъыфI гуэрым щIэ-
хъуэпсу щытащ – ар уафэм щыIэ къэралыр аращ. Аращи, езы-
хэм я ТхьэкIэ щеджэкIэ, Тхьэм емыкIу ищIыркъым, Тхьэм абы-
хэм къалэ яхуигъэпсащи.

[17]Тхьэм Ибрэхьим* и щыпкъагъэр щигъэунэхум, Ибрэхьим
фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, Исхьэкъ къурмэныпхъэу къи-
хьащ. [18]«Исхьэкъ къытехъукIыну цIыхухэр арщ уэ уи бын пэжкIэ
зэджэнухэр», жиIэу Тхьэм Ибрэхьим къигъэгугъа пэтми,* Ибрэ-
хьим и къуэ закъуэр къурмэныпхъэ ищIыну хьэзыру щытащ.
[19]Тхьэм Исхьэкъ лIахэм къахигъэтэджыкIыжын зэрылъэкIынум
Ибрэхьим щыгугъыу щытащ, Исхьэкъ лIахэм къахэтэджыкIы-
жауэ Ибрэхьим зэригъуэтыжари жыпIэ хъунущ.

[20]Исхьэкъ* фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, Тхьэм и нэфI къэ-
кIуэну зэманым Екъубрэ Эсаурэ къазэрыщыхуэнур яжриIащ.

[21]Екъуби* фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, лIэн щыхъум,
Исуф и къуэхэм ящыщ дэтхэнэми Тхьэм и нэфI къызэрыщы-
хуэнур жриIащ икIи и башым зытригъащIэурэ,* Тхьэм щIыхь
хуищIащ.

[22]Исуф* фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, и лIэгъуэр къыщы-
сым, израил цIыхухэр Мысырым къызэрикIыжынум и гугъу
ищIащ икIи и хьэдэ къупщхьэхэр здыщIалъхьэжын хуеймкIэ
усят къищIащ.

[23]Мусэ бегъымбарым и адэ-анэм* фIэщхъуныгъэ зэраIам
щхьэкIэ, Мусэ къыщалъхум, мазищкIэ ягъэпщкIуащ, сабийр
зэрыдахэр ялъэгъуат, пащтыхьым и унафэми щышынатэкъыми.

[24]Мусэ* фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, ин щыхъум,
Фирхьэуным и пхъурылъхукIэ къеджэу идэртэкъым. [25]Гуэныхь

11:17 Ибрэхьим – еплъ 1 Мусэ 22:1-14.

11:18 Тхьэм Ибрэхьим къигъэгугъа пэтми – еплъ 1 Мусэ 21:12.

11:20 Исхьэкъ – еплъ 1 Мусэ 27:27-29, 39-40.

11:21 Екъуб – еплъ 1 Мусэ 48:1-20.

11:21 и башым зытригъащIэурэ – еплъ 1 Мусэ 47:31.

11:22 Исуф – еплъ 1 Мусэ 50:24-25.

11:23 Мусэ и адэ-анэр – еплъ 2 Мусэ 2:2.

11:24 Мусэ – еплъ 2 Мусэ 2:10-12.

щIэнымкIэ зы зэман кIэщIкIэ зигъэтхъэжыным нэхърэ, Тхьэм
и цIыхухэм гугъуехь ядишэчыныр нэхъ къищтащ. 26 Мысырым
и мылъку псоми нэхърэ Мэссихь щхьэкIэ езыр ягъэпудыныр
нэхъ къулеигъэу илъытащ, Iыхьэфlу къылъысынум пэплъу щы-
тащи. 27ФIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, пащтыхьым и губжьым
щымышынэу, Мысырым къикIыжащ. ЦIыхухэм ямылъагъу
Тхьэр зэрилъэгъуам хуэдэу и гум теубыдагъэ илъу щытащ.
28Мусэ фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, израил цIыхухэм IутIыж
махуэшхуэр* япэ дыдэ яригъэгъэлъэпIащ, я бжэхэми лъы тра-
утхэну унафэ яхуищIащ, я щыпэлъхухэр зыгъэкIуэд мелыIычым
имыгъэкIуэдын щхьэкIэ.

29Израил цIыхухэм* фIэщхъуныгъэ зэраIам щхьэкIэ, щIы гъу-
щэм зэрыщызекIуам хуэдэу, Хы Плъыжьым зэпрыкIащ, ауэ
мысыр цIыхухэр хым зэпрыкIыну щыхуежьэм, псори итхьэлащ.

30Израил цIыхухэм фIэщхъуныгъэ зэраIам щхьэкIэ, Ерихон
къалэр* махуиблкIэ хъурейуэ къакIухьа нэужь, къалэм и блы-
ныр къызэтещэщащ.

31Рахав* псэжьым фIэщхъуныгъэ зэриIам щхьэкIэ, фIэщхъу-
ныгъэ зимыIэхэм ядэкIуэдакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ бий
тIасхъэщIэххэр и гуапэу иригъэблэгъащ (икIи нэгъуэщI гъуэ-
гукIэ къалэм ахэр дишыжащ).

32 Иджыри сыт жысIэнур? Гидеон, Барак, Шимшон, Ифтэх,
Даут, Самуел сымэ, адрей бегъымбархэми я хъыбарыр къы-
жысIэну зэманыр срикъунукъым. 33Абыхэм фIэщхъуныгъэ зэ-
раIам щхьэкIэ, нэгъуэщI пащтыхьыгъуэхэм ятекIуащ, захуагъэр
ягъэпсащ, Тхьэм къызэригъэгугъа Iуэхухэри яIэ хъуащ. Аслъэн-
хэм я жьэхэр ягъэбыдащ, 34мафIэшхуэхэри ягъэункIыфIащ,
джатэхэм къаIэщIэкIыжащ. ГуащIэмащIэу щытами, къару яIэ
хъуащ. ЗэуэнкIэ лъэкIыныгъэ яIэ хъуащ, хамэхэм я дзэхэр ира-
хужащ. 35Фызхэм я лIахэр къэхъужауэ ягъуэтыжащ. Тхьэм къы-
щигъэтэджыжкIэ, нэхъ гъащIэфI ягъуэтын щхьэкIэ, нэгъуэщIхэр
(Тхьэр ягъэпцIыну зэрамыдам щхьэкIэ) я бийхэм щхьэхуиту
къаутIыпщыжакъым. Абыхэм гугъуехь ирагъэшэчурэ, ягъэ-
лIащ. 36ЦIыхухэм абыхэм ящыщхэр ягъэикIэурэ икIи щIопщкIэ
еуэурэ, гугъуехь ирагъэшэчащ, итIанэ Iэхъулъэхъу иралъхьэри,

11:28 IутIыж махуэшхуэр – еплъ 2 Мусэ 12:21-28.

11:29 израил цIыхухэр – еплъ 2 Мусэ 14:21-31.

11:30 Ерихон къалэр – еплъ Нун и къуэ Ехьошуа и хъыбар зэрыт тхылъым 6:12-21.

11:31 Рахав – еплъ Нун и къуэ Ехьошуа и хъыбар зэрыт тхылъым 2:1-21; 6:22-25.

лъэхъуэщым щIадзащ. [37]ЦIыхухэм нэгъуэщI гуэрхэри мывэкIэ
еуэурэ яукIащ, зыгуэрхэри пхъэм хуэдэу зэпахащ, нэгъуэщI гуэр-
хэри джатэкIэ яукIащ. ФIэщхъуныгъэ зиIэ цIыхухэм мэлыфэрэ
бжэныфэрэ ящыгъыу къакIухьу, щыщIагъэ яIэу, гузэвэгъуэ хэту,
цIыхухэм хьэкIэкхъуэкIагъэ кърахщIэу щытащ. [38]Абыхэм я фIы-
гъуэр дунейм хуэфащэу щытакъым. Губгъуэ нэщIхэмрэ Iуащ-
хьэхэмрэ къыщакIухьу, бгъуэнщIагъхэмрэ аузхэмрэ щыпсэууэ
щытащ.

[39]Ауэ абыхэм фIэщхъуныгъэ зэраIам щхьэкIэ, Тхьэр щыхьэ-
тыфI а псоми къахуэхъуа пэтми, Тхьэм и цIыхухэр къызэригъэ-
гугъауэ щыта Iуэхухэр иджыри ягъуэтакъым. [40] Сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Тхьэм и гум илъу щытар дэркIэ нэхъыфIщ – ахэр дэ
ди мыгъусэмэ, я щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, езым
дежкIэ цIыху нэгъэса зэрымыхъунуращ.

## 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и бынхэр IурыщIэ зэрищIыр*

Аращи, апхуэдэ щыхьэт гупышхуэ дяпэ иту зэрыдиIэм щхьэ-
кIэ, дэтхэнэ хьэлъэу ттелъымрэ гуэныхьу дызэщIэзубыдэмрэ
зытедвгъэдзи, теубыдагъэ диIэу, зэдэжэныгъэу къытпэщылъыр
къэдвгъэж. [2]Хьисэ ди нэхэр тедвгъэгъэт. Аращ фIэщхъуныгъэм
и гъуэгум дытезыгъэхьэу, пашэ къытхуэхъуу ди фIэщхъуныгъэр
нэгъэса зыщIыр. И пащхьэм илъу щыта гуфIэгъуэм щхьэкIэ,
цIыхухэм жорым зэрыраIулIам и гугъуехь ишэчащ, жорым и
емыкIуми еплъакъым ар, Тхьэм и тахътэм и ижьырабгъумкIэ
бгъэдэтIысхьащ. [3] Фемышын икIи фи гур фымыгъэныкъуэн
щхьэкIэ, Хьисэ Мэссихь фегупсыс. Езыр жагъуэу зылъагъу
гуэныхьыщIэ цIыхухэм сыту гугъуехьышхуэ ирагъэшэча!

[4]Гуэныхьым фебэну, лъы къыфщIэкIыху, иджыри къэс фыпэу-
вакъым абы. [5] И бынкIэ къывэджэурэ, Тхьэм фигу зэригъэза-
гъэр* фщыгъупщащ:

---

12:5-6 Тхьэм … фигу зэригъэзагъэр – еплъ Сэлмэн пащтыхьым и псалъэжьхэм (Притчи) 3:11-12.

«Си бын, Зиусхьэным IурыщIэ ущищIкIэ,
нэмыплъ епту ущымыт,
езыр къыщогийкIи,
уи гур умыгъэныкъуэ,
6 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным фIыуэ
илъагъу цIыхур IурыщIэ ещI,
и быным хуэдэу ищтэ дэтхэнэми
гугъуехь ирегъэшэч».

7Аращи, Тхьэм IурыщIэ фыщищIкIэ, теубыдагъэ зивгъэIэ.
Тхьэр апхуэдэу къывдогъуэгурыкIуэ, и быну фызэрыщытым
щхьэкIэ. Адэм IурыщIэ имыщI бын щыIэ? 8 Тхьэм и бын псори
IурыщIэ зэрищIым хуэдэу IурыщIэ фимыщIмэ, и бынхэм фа-
щыщкъым, атIэ хабзэкIэ къамылъхуахэм фахуэдэщ. 9Абы нэ-
мыщI, мы дунейм дытету ди адэхэм IурыщIэ дащIмэ, фIэлIыкI
яхудиIэщ. Дыпсэун щхьэкIэ, уафэм тес ди Адэ лъапIэм абы
нэхърэ нэхъыбэу дыхуэIурыщIэн хуейщ. 10Ди адэхэм зэман
кIэщIкIэ игъуэу зэралъытам хуэдэу, IурыщIэ дащIырт. Ауэ
Тхьэм, и лъапIагъэмкIэ Iыхьэ диIэн щхьэкIэ, и фIагъ къыди-
гъэкIыну IурыщIэ дещI. 11Зыгуэрым IурыщIэ дыщищIкIэ, ди
гуапэ хъуркъым, атIэ ди гуауэ мэхъу. Ауэ Тхьэм IурыщIэ ищIурэ
игъэса цIыхухэм иужькIэ фIыуэ абы къахухэкIыр щыпкъагъэмрэ
гузэгъэгъуэмрэщ.

12Аращи, фэ фи Iэблэу гуэхуахэмрэ къару зыхэмылъыж лъэ-
гуажьэхэмрэ къару яхэвгъэлъ. 13ЦIыху лъашэр нэхъ Iей фымы-
гъэхъуу, ар хъужын щхьэкIэ, гъуэгу захуэм фрикIуэ.

*Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэм нэмыплъ евмыт*

14ЦIыху псоми фазэрыгурыIуэнми гукъабзагъэри зэрывиIэн-
ми фыхущIэкъу; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гукъабзагъэ имыIэмэ,
зыми Зиусхьэныр илъагъунукъым. 15Фэ фщыщ зыми Тхьэм и
нэфI щыхуэныгъэм зэрызыхимыгъэныным фыхуэсакъ. Зи зэран
къакIуэ лъабжьэ дыджу, цIыху куэдыр зыгъэуфIейр къыфхре-
мыкI. 16Фэ фщыщу зыри зинэ зыщIэ цIыхухэм ящыщ иремыхъу,
е Эсау* хуэдэу Тхьэм и фIэлIыкI зи гум имылъ цIыхухэм ящыщ
иремыхъу. Эсау къуэ нэхъыжьым иIэу щыта хуитыныгъэхэр

12:16 Эсау – еплъ 1 Мусэ 25:29-34; 27:30-40.

шхыныгъуэ закъуэм щхьэкIэ ищэжащ. 17ИтIанэ, зэрыфщIэщи,
Тхьэм и нэфI зыщигъэхуэн щхьэкIэ, Эсау и адэр Тхьэм иригъэ-
лъэIуну хуеящ*, ауэ и адэм хуидакъым. Эсау гъыурэ и адэм
елъэIуа пэтми, ар и псалъэм тригъэкIыфакъым.

18ФызэIусэн флъэкIыну мафIэм ис бгым деж фыкъэкIуа-
къым*. КIыфIыгъэм, мазэхэм, жьышхуэм, 19 бжьамиишхуэм и
макъым, псалъэхэр къыжызыIэ макъым я деж фыкъэкIуакъым.
Ар зэхэзыхахэр а макъыр аргуэру къемыпсэлъэжыну елъэIуащ,
20сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а макъым къыжиIа унафэр яшэчын
ялъэкIакъым: «ХьэкIэкхъуэкIэр бгым еIусэмэ, мывэхэмкIэ е
шабзэмкIэ вгъэлIэн хуейщ». 21 Къахуэлъэгъуар шынагъуэшхуэ-
ти, Мусэ бегъымбарми, «Сошынэ икIи сокIэзыз» жиIащ.*

22Фэ фыкъыздэкIуар Сион Iуащхьэр* арщ, гъащIэ зиIэ Тхьэм
и къалэшхуэу, уафэм щыIэ Ерусалиму мелыIычхэр мин бжы-
гъэкIэ здэщыIэр арщ. 23 Тхьэм и япэрей быну уафэм щыIэ тхы-
лъым зи цIэ итхэм я махуэшхуэ зэхуэсми фыкъэкIуащ. Тхьэуэ
цIыху псоми хьэкум ятезыщIыхьым деж фыкъэкIуащ, зи
щыпкъагъэм щыщIагъэ лъэпкъ хэмылъу, Тхьэм цIыху нэгъэса
ищIахэм я псэхэм я дежи фыкъэкIуащ. 24ЗэгурыIуэныгъэщIэр
Тхьэмрэ цIыхухэмрэ яку дэлъ зыщIа Хьисэрэ абы лъыуэ
къыщIэкIамрэ я деж фыкъэкIуащ. Хэбэл и лъым нэхърэ Хьисэ
и лъым Iуэху нэхъыфIым нэхъ дыщегъэгугъ.

25 Фысакъ, къэпсалъэм фи щIыб хуэвмыгъазэ. Тхьэм деж
къикI хъыбарыр щIылъэм къыщыжызыIэгъам зи щIыб хуэ-
зыгъэзахэм яхуэфащэ тезырыр ягъуэтыжащ. Аращи, уафэм
къикIыу дэ къыдэпсалъэм ди щIыб хуэдгъазэмэ, абы нэхърэ
нэхъ тхуэфащэ тезырыр дгъуэтынукъэ? 26Тхьэм и макъым щIы-
лъэр игъэхъеящ абы щыгъуэ, ауэ иджы Тхьэм псалъэ быдэ
итащ:* «ЩIылъэм и мызакъуэу, уафэри згъэхъеинущ аргуэру».
27 «Аргуэру» жыхуиIэ псалъэм къегъэнахуэ Тхьэм игъэхъей
псори – Тхьэм къигъэщIа псори – я пIэм зэрырихыжынур. Тхьэм
имыгъэхъея Iуэхухэращ къызэтенэнур.

---

12:17 и адэр Тхьэм иригъэлъэIуну хуеящ – еплъ 1 Мусэ 27:30-40.

12:18 мафIэм ис бгым деж фыкъэкIуакъым – е израил цIыхухэм яхуэдэу, мафIэм ис Синай бгым деж фыкъэкIуакъым. Еплъ 2 Мусэ 19:16-22; 20:18-21.

12:21 Мусэ бегъымбарми … жиIащ – еплъ 5 Мусэ 9:19.

12:22 Сион Iуащхьэр – абы къикIыр Тхьэм и унэшхуэу уафэм щыIэр аращ.

12:26 псалъэ быдэ итащ – еплъ Хаггай (Аггей) бегъымбарым и тхылъым 2:6.

[28]Аращи, зыми имыгъэхъеифыну тепщэныгъэр Тхьэм къызэрыдитым щхьэкIэ фIыщIэ хуэдвгъэщI. ДгъэлъапIэу, фIэлIыкI худиIэу, и гум дрихьу дыхуэвгъэлажьэ, [29] сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ди Тхьэр псори зыс мафIэщ.

## 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм игу дрихьын зэрыхуейр*

Зэшхэм хуэдэу, зэпымыууэ фIыуэ фызэрылъагъуу щрет.
[2] ХьэщIэр гъэлъэпIэныр зыщывмыгъэгъупщэ; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ апхуэдэу цIыху гуэрхэм ямыщIэу мелыIычхэр ягъэхьэ-
щIащ.* [3] Лъэхъуэщым щIэсхэр, абы фадыщIэсым хуэдэу, икIи
гугъуехь зышэчхэри, гугъуехь ядэфшэчым хуэдэу, зыщывмы-
гъэгъупщэ. Фэри мы дунейм тет цIыхухэм фащыщщ.
[4]Нэчыхьыр цIыху псоми ирегъэлъапIэ, лIымрэ фызымрэ я
пIэр къабзэу щрет. Тхьэм зинэщIэхэр игъэкъуэншэнущ. [5]Ахъ-
шэм фыхуэмынэпсей, фиIэм арэзы фытехъуэ. Тхьэм къыжиIащ:*

«ИгъащIэкIэ ухыфIэздзэжынукъым,
уи закъуэу укъэзгъэнэнукъым».
[6]Аращи, гушхуэныгъэкIэ жыдоIэ:*
«Зиусхьэныр си дэIэпыкъуэгъущи,
зыми сыщышынэнукъым.
ЦIыхухэм сыт къызащIэфынур?»

[7]Тхьэм и псалъэхэр къывжезыIа фи унафэщI къушхэр зы-
щывмыгъэгъупщэ. Дунейм зэрехыжами феплъи, я фIэщхъуны-
гъэм и лъэужьым фрикIуэ. [8]Хьисэ Мэссихь дыгъуасэ зэрыщы-
там хуэдэу, зызэримыхъуэкIауэ ноби щытщ, игъащIэкIи щыты-
нущ.
[9]Iуэху гъэщIэгъуэн зэхуэмыдэу цIыхухэм адрейхэр зра-
гъаджэхэм зыдевмыгъэхьэх. Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэкIэ

---

13:2 мелыIычхэр ягъэхьэщIащ – еплъ 1 Мусэ 18:1-8; 19:1-3.

13:5 Тхьэм къыжиIащ – еплъ 5 Мусэ 31:6.

13:6 жыдоIэ – еплъ Уэрэд ЛъапIэхэм (Сабур) 117:6.

фигухэр вгъэбыдэмэ, фIыщ, ауэ шхыныгъуэхэм теухуа
унафэхэм пщIэ яIэкъым. А унафэхэм ятету ирикIуэ цIыхухэм
абыхэм я фIагъ ирагъэкIакъым. [10] Дэ ди къурмэнщIыпIэ диIэщ.
Шэтырым щылажьэу щытахэм а щIыпIэм щащI къурмэны-
пхъэм* щыщ яшхыну хуитакъым.

[11]Дин пашэшхуэм цIыхухэм я гуэныхьхэр ипшыныжын щхьэ-
кIэ, былымхэм я лъыр здихьыурэ, я нэхъ Пэш ЛъапIэу жы-
хуаIэм щIыхьэу щытащ, ауэ былымхэм япкъхэр къалэм и щIы-
бым мафIэкIэ щагъэсу щытащ. [12]И лъымкIэ цIыхухэм я гур
игъэкъэбзэжын щхьэкIэ, куэбжэ щIыбым* гугъуехь щишэчащ
Хьисэи. [13]КъращIа емыкIум ди Iыхьэ хэлъын щхьэкIэ, Хьисэ
деж къалэ щIыбым дывгъакIуэ. [14]Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мыбде-
жым мыкIуэдыжын къалэ щыдиIэкъым, ауэ къэунэхуну къа-
лэм дыпоплъэ.

[15]Аращи, Хьисэ и цIэкIэ Тхьэм щIыхьышхуэ зэпымыууэ хуэд-
вгъэщI – а щIыхьышхуэр арщ дэ ди къурмэныпхъэр – езым и
цIэр зыгъэлъапIэ жьэм къажьэдэкIыр арщ дэ ди къурмэны-
пхъэр. [16]ФIы фщIэнри зыщывмыгъэгъупщэ, фиIэр нэгъуэщI цIы-
хухэм ядэвгуэшынри зыщывмыгъэгъупщэ, апхуэдэ къурмэны-
пхъэхэр Тхьэм и гуапэщи.

[17] Фи унафэщI къуэшхэм къыжаIэм федаIуэ икIи абыхэм
фахуэIурыщIэ, ахэр Тхьэм жэуап езытыжын хуей цIыхухэм хуэ-
дэу, фи псэхэм яхуэсакъыу къыкIэлъоплъри. Я Iуэхур къехьэ-
лъэкIыурэ ямылэжьэу, гуфIэу ящIэн щхьэкIэ, абыхэм федаIуэ.
Я Iуэхур къехьэлъэкIыурэ ящIэмэ, абы и фIагъ къывэкIыркъым.

[18] Тхьэм фытхуелъэIу. МыхъумыщIэ дигу илъу зыдэтщIэ-
жыркъым, Iуэху псомкIи щыпкъагъэ дигу илъу, дыпсэуну
дыхуейщи. [19]Псом хуэмыдэжу сыщIывэлъэIур фи деж Тхьэм
щIэх нызигъэгъэзэжыну фелъэIуныркщ.

*Иужьрей фIэхъус псалъэхэр*

[20]Гузэгъэгъуэ къыдэзыт Тхьэм ди Зиусхьэну Хьисэ Мэссихьу
мэлыхъуэ лэгъупэжьыр лIахэм къахигъэтэджыкIыжащ. Хьисэ
и лъыр арщ мыкIуэдыжын зэгурыIуэныгъэу Тхьэм езымрэ дэрэ
дяку къыдилъхьар мыхъурым хуэдэу зыгъэпэжар. [21] Тхьэр зы-

13:10 къурмэныпхъэр – Тхьэм щIыхьышхуэу хуэтщIыр арщ. Еплъ 13:15.

13:12 куэбжэ щIыбым – Ерусалим и куэбжэр арщ.

хуейр вгъэзэщIэн щхьэкIэ, фIыуэ фызыхуэныкъуэр фи гум къырелъхьэ. Тхьэм игъуэу илъытэ Iуэхухэр Хьисэ Мэссихь и лъэкIыныгъэкIэ фрегъэгъэзащIэ. МыкIуэдыжын щIыхьышхуэр зейр аращ. Iэмин.

22 Си къуэшхэ, къызэрывгурызгъаIуэ псалъэхэр фщтэнкIэ сынуволъэIу. Куэдыщэ ныфхуэстхакъым.

23 Ди къуэш Тимофей* щхьэхуиту къызэраутIыпщыжар фщIэну сыхуейщ. Мыгувэу къакIуэмэ, абы сригъусэу фыслъагъуну сынэкIуэнущ.

24Фи унафэщI къуэш псоми Тхьэм и цIыху лъапIэ псоми фIэхъус схуефхыж. Италием щыщ къуэшхэм фIэхъус къывахыж.

25 Тхьэм и нэфI къыфщрехуэ фэ псоми.

13:23 Тимофей – члисэ зэхуэс унафэщIу Паул дэлажьэу, и гъусэхэм ящыщу щытар арщ. Еплъ Апостол. 16:1-3.



# АПОКАЛИПСИС*

## 1-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Пэублэ псалъэмрэ фIэхъусымрэ*

Мы тхылъым итыр Тхьэм Хьисэ Мэссихь къыхуигъэнэхуа
Iуэхугъуэхэрщ. Тхьэм ахэр къыщIигъэнэхуар Хьисэ Мэссихь
Тхьэм хуэлажьэ цIыхухэм куэд мыщIэу къэхъуну Iуэхугъуэхэр
яригъэщIэн щхьэкIэщ. Хьисэ и мелыIычыр езым хуэлажьэ Иуан
и деж игъакIуэри, къэхъуну Iуэхугъуэхэр гуригъэIуащ. [2]Иуан
илъэгъуа псори иIуэтэжурэ, щыхьэт ятохъуэ Тхьэм и псалъэхэми
Хьисэ Мэссихь и щыхьэтыгъэми. [3]Къэхъуну Iуэхугъуэхэм
ятеухуауэ Тхьэм деж къикIа мы псалъэхэм еджэр гъуэгу махуэ
теуващ. Мы псалъэхэр зэхэзыхыу, зыгъэзащIэхэри гъуэгу махуэ
теуващ, мы Iуэхугъуэхэр къыщыхъуну зэманыр къэблэгъащи.
[4] Сэ сы-Иуанщ. Фэ, Асие хэкум* щыIэ члисэ зэхуэсиблым,
фIэхъус фызох. ЩыIауэ, щыIэу икIи къэкIуэну махуэхэм щыIэну

---

1:1 Апокалипсис – Хьисэ Мэссихь апостол Иуан къыхуигъэнэхуа Iуэхугъуэхэр.

1:4 Асие хэкур – Рим къэралыгъуэшхуэм щыщ хэкуу щытащ. Асие хэкур иджырей Тыркъум и къухьэпIэ лъэныкъуэм итащ. А хэкум и къалэшхуэу щытар Ефесщ.

Тхьэм къыбгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къы-
флърес. Тхьэм и тахътэм и пащхьэм ит и псиблми Хьисэ Мэс-
сихьи къабгъэдэкIыу нэфI щыхуэныгъэрэ гузэгъэгъуэрэ къы-
флърес. 5Хьисэ Мэссихьщ щыхьэт пэжыр, япэу лIахэм къахэ-
тэжыкIыжар арщ, щIылъэм тет пащтыхьхэм я пашэр арац.

Абы фIыуэ делъагъу, и лъыр жорым зэрыщыщIэкIам щхьэ-
кIэ, ди гуэныхьхэр тщхьэщихыжащ. 6 Абы и гъусэу тепщэныгъэ
зиIэу, Тхьэуэ езым и Адэм хуэлажьэ дин пашэ дыхъуну дигъэ-
уващ. МыкIуэдыжын щIыхьышхуэмрэ лъэкIыныгъэшхуэмрэ
зейр аращ! Iэмин.

7 ФыкъэдаIуэ, уафэпшэхэм хэту къэкIуэжынущ ар,  
нэ псоми ар ялъагъунущ,  
и джабэр бжыкIэ* зугъуэнахэми ар ялъагъунущ.  
Дунейм тет лъэпкъ псори абы щхьэкIэ гъыурэ,  
я бгъэгухэм еуэжынущ.  
Аращ зэрыхъунур. Iэмин.*

8ЛъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэ Зиусхьэну щыIауэ, щыIэу икIи
игъащIэкIэ щыIэну Тхьэм къыжеIэ: «Алфэри Омегэри, япэрейри
иужьрейри сэращ».

*Хьисэ Мэссихь Иуан зыкъызэрыригъэлъэгъуар*

9 Сэ, Иуану фи къуэшыр, Хьисэ ди псэм зэрыщыщым щхьэкIэ
гузэвэгъуэу фызыхэтым сыщывигъусэщ, Тхьэм и Тепщэ-
ныгъэшхуэм сывигъусэуи сыщIэтщ, сывигъусэуи теубыдагъэ
сиIэу сопсэу. Тхьэм и псалъэхэмрэ Хьисэ Мэссихь и щыхьэ-
тыгъэмрэ цIыхухэр зэрезгъэдаIуэм щхьэкIэ, Патмос* хытIы-
гум* сагъэкIуауэ сыщыIащ. 10Зиусхьэным и махуэм* Тхьэм и
Псэ ЛъапIэр къысхуехащ. Бжьамиишхуэм и макъым хуэдэ

1:7 бжы – шуудзэхэм нэхъапэм яIыгъыу щыта бжэгъу кIыхьу, гъущI папцIэ зыпылъу щытар аращ.

1:7 Iэмин – журтыбзэм щыщ псалъэщ, «Апхуэдэу ирехъу» мыхьанэ къокI.

1:9 Патмос хытIыгур – Эгейскэ хым хэт хытIыгуу рим цIыхухэм бзаджащIэхэм щхьэкIэ хьэпсыпIэу ящIар аращ. Патмос хытIыгур Ефес къалэм километри 100-кIэ пэжыжьэу и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэм итщ.

1:9 хытIыгу – зи хъуреягъкIэ псым къиухь щIыналъэщ.

1:10 Зиусхьэным и махуэр – тхьэмахуэ махуэр аращ.

макъышхуэ гуэрым къыжиIэу си щIыбагъкIэ щызэхэсхащ: «Ал-
фэри Омегэри, япэрейри иужьрейри сэращ. [11] Плъагъур тхы-
лъым итхи, члисэ зэхуэсиблым яхуегъэхь: Ефес, Смирнэ, Пер-
гам, Фиатирэ, Сардис, Филаделфие, Лаодикие къалэхэм щыIэ
члисэ зэхуэсхэм».

[12]Къызэпсалъэ макъыр зи макъыр зэзгъэлъагъуну зыхуез-
гъэзэкIащ. ЗыщыхуезгъэзэкIым, дыщэм къыхэщIыкIауэ уэзды-
гъэ тегъэувапIибл слъэгъуащ [13] икIи уэздыгъэ тегъэувапIиблым
яхэту ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм ещхьу* зыгуэр слъэгъуащ. И
лъапэм нэсу джанэ кIыхь щыгът абы, дыщэм къыхэщIыкIа бгы-
рыпхи щIэпхат. [14]И щхьэцыр цы хужьым е уэсым хуэдэу ху-
жьыбзэт. И нэхэри мафIэ бзийм хуэдэт. [15]И лъакъуэхэри хьэкум
щагъэплъа гъуаплъэм хуэдэу лыдырт, и макъри псыдзэ куэдым
я макъышхуэм хуэдэт. [16]И Iэ ижьымкIэ вагъуибл иIыгът, зи
дзитIри жан джатэри и жьэм къыжьэдэкIырт. И нэкIури дыгъэ
жьэражьэм хуэдэт.

[17]Ар щыслъагъум, лIам хуэдэу, и пащхьэм сиджэлащ. И Iэ
ижьыр къыстрилъхьэри къызжиIащ абы итIанэ: «Умышынэ,
япэрейри иужьрейри сэращ. [18]ГъащIэ зиIэр сэращ. СылIащ, ауэ
иджы сыпсэущ икIи игъащIэкIи сыпсэунущ. Iэмин. ЛIэныгъэми
хьэдрыхэми я IункIыбзэхэр сIыгъщ. [19]Аращи, Iуэхугъуэу плъэ-
гъуахэри, иджыпсту щыIэхэри, къэхъунухэри тхы. [20] Си Iэ
ижьымкIэ сIыгъа вагъуиблымрэ дыщэм къыхэщIыкIа уэздыгъэ
тегъэувапIиблымрэ къикIыр мыращ: Вагъуиблым къикIыр чли-
сэ зэхуэсиблым я мелыIычхэр* арщ. Уэздыгъэ тегъэувапIиблым
къикIыр члисэ зэхуэсиблыр аращ».

## 2-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Ефес къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым*
*Хьисэ Мэссихь хуигъэхьа хъыбарыр*

Ефес къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым и мелыIычым мы хъы-
барыр хуэтх:

---

1:13 ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм ещхьу – еплъ Даниил бегъымбарым и хъыбар зэрыт тхылъым 7:13.

1:20 мелыIычхэр – е члисэ зэхуэсхэм я хъумакIуэхэр е абыхэм я лIыкIуэхэр аращ.

Зи Iэ ижьымкIэ вагъуибл зыIыгъыу, дыщэм къыхэщIыкIа
уэздыгъэ тегъэувапIиблым яхэту къэзыкIухьым мы псалъэхэр
жеIэ: 2фэ влэжь Iуэхухэр сощIэ, куэду фызэрылэжьари, теубы-
дагъэ фиIэу фызэрыпсэуари сощIэ. ЦIыху бзаджэхэр зэры-
вмышэчыфри сощIэ. АпостолкIэ зэджэж апостол нэпцIхэр вгъэ-
унэхуащ икIи пцIы зэраупсыр флъэгъуащ. 3 Гугъуехь куэд фшэ-
чащ, теубыдагъэ фиIэуи фопсэу, си цIэм щхьэкIэ куэду фылэ-
жьащ икIи фешакъым.

4Ауэ мыхъумыщIэ гуэр вдызолъагъу: нэхъапэм къысхувиIа
фIылъагъуныгъэр зыхэвнэжащ. 5Фыкъызэхуэхар зыхуэдизыр
зыщывмыгъэгъупщэ. Гуэныхьу фщIахэм фахущIегъуэжи, нэ-
хъапэм Iуэхухэр фщIэуэ зэрыщытам хуэдэу влэжь. Фи гуэныхь-
хэм фахущIемыгъуэжмэ, сэ сынэкIуэнурэ, фи уэздыгъэ тегъэ-
увапIэр Iусхыжынущ. 6Ауэ IуэхугъуэфI гуэр фэ вдызолъагъу:
Николай и гъуэгум ирикIуэ цIыху гупым ялэжь Iуэху бзаджэхэр
уи жагъуэщ, сэ абыхэм я Iуэхухэр зэрызижагъуэм хуэдэу.

7Тхьэм и Псэ ЛъапIэм члисэ зэхуэсхэм къажриIэр зэхрех тхьэ-
кIумэ зиIэм. Тхьэм и жэнэтым ит жыгыу цIыхухэм гъащIэ къе-
зытым* къыпыкIэм щыщ ишхыну хуит сщIынущ текIуэныгъэр
къэзыхьыр.

*Смирнэ къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым*
*Хьисэ Мэссихь хуигъэхьа хъыбарыр*

8 Смирнэ къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым и мелыIычым мы
хъыбарыр хуэтх:

Япэрейуэ икIи Иужьрейуэ, лIэуэ къэхъужам мы псалъэхэр
жеIэ: 9Гузэвэгъуэу фызыхэтымрэ фи тхьэмыщкIагъэмрэ сощIэ,
апхуэдэу щытми фыбейщ. ЖурткIэ зэджэж мыжуртхэр IейкIэ
къызэрыфтепсэлъыхьыр сощIэ. Ахэр журткъым, атIэ шейтIа-
ным и зэхуэсым щыщщ. 10 Гугъуехьу фшэчынухэм фащымы-
шынэ. Мыр нывжызоIэ, фигъэунэхун щхьэкIэ шейтIаным фэ
фщыщ гуэрхэр лъэхъуэщым щIидзэнущ, гузэвэгъум махуи-
пщIкIи фыхэтынущ. ЛIэныгъэм нэсыху фыкъысхуэпэж.
Фыкъысхуэпэжмэ, тажу мыкIуэдыжын гъащIэр фэстынущ.

2:6 Николай и гъуэгум ирикIуэ цIыху гупыр – абыхэм тхьэ нэпцIхэр ягъэлъапIэрт икIи зинэ ящIэрт.

2:7 жыгыу цIыхухэм гъащIэ къезытыр – еплъ 1 Мусэ 2:9.

[11]Тхьэм и Псэ ЛъапIэм члисэ зэхуэсхэм къажриIэр зэхрех
тхьэкIумэ зиIэм. ЕтIуанэ лIэныгъэм* и ягъэ иригъэкIынукъым
текIуэныгъэр къэзыхьым.

*Пергам къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым*
*Хьисэ Мэссихь хуигъэхьа хъыбарыр*

[12] Пергам къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым и мелыIычым мы
хъыбарыр хуэтх:
Зи дзитIри жан джатэр зиIэм мы псалъэхэр жеIэ: [13] Фэ влэжь
Iуэхухэр сощIэ, шейтIаным и тахътэр здэщыIэм фызэрыщы-
псэури сощIэ. Сэ си цIэм фыкъыхуэпэжщ. Фэ фыщыпсэу щIыпIэу
шейтIаныр здэщыIэм си щыхьэт пэжу Антипэ зи цIэр цIыхухэм
щыщаукIа махуэхэми сэркIэ фиIэ фIэщхъуныгъэм фепцIыжын
вдакъым.
[14]Ауэ Iуэху мыхъумыщIэ гуэрхэр вдызолъагъу: Билеам и
гъуэгум тет цIыхухэр къыфхэтщ. Билеамщ Балак* зыгъэIущар,
израил цIыхухэм гуэныхь яригъэщIэн щхьэкIэ. Хамэ лъэпкъхэм
щыщхэм тхьэ нэпцIхэм хуащIа къурмэныпхъэм и лыр Балак
израил цIыхухэм яригъэшхащ икIи зинэ яригъэщIащ. [15]Нико-
лай и гъуэгуу сэ слъагъу мыхъум тет цIыхухэр къыфхэтщ. [16]Ара-
щи, фи гуэныхьхэм фахущIегъуэж. ФахущIемыгъуэжмэ, фи деж
мыгувэу сынэкIуэнурэ, си жьэм къыжьэдэкI джатэмкIэ абыхэм
сезэуэнущ.
[17]Тхьэм и Псэ ЛъапIэм члисэ зэхуэсхэм къажриIэр зэхрех
тхьэкIумэ зиIэм. ГъэпщкIуауэ щыт мэнн шхыныгъуэм* щыщ
естынущ текIуэныгъэр къэзыхьым. ЦIэщIэ зытетха мывэ хужь-
ри естынущ. А мывэр зэст цIыхум фIэкIа а цIэр зыми ищIэр-
къым.

*Фиатирэ къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым*
*Хьисэ Мэссихь хуигъэхьа хъыбарыр*

[18] Фиатирэ къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым и мелыIычым мы
хъыбарыр хуэтх:

---

2:11 етIуанэ лIэныгъэр – мыкIуэдыжын лIэныгъэу псэр зыгъэкIуэдыр арщ.

2:14 Билеам ... Балак – еплъ 4 Мусэ 22:24, 31:1 икIи 5 Мусэ 23:4.

2:17 мэнн шхыныгъуэр – израил цIыхухэр Мысырым къикIыжу, губгъуэ нэщIым къыщакIухьу щыщытым, Тхьэм яригъэшха шхыныгъуэр аращ. Еплъ 2 Мусэ 16:14-15, 31-35.

Тхьэм и Къуэу зи нэхэр мафIэ бзийм хуэдэу, зи лъакъуэхэр
гъуаплъэ плъам хуэдэу лыдым мы псалъэхэр жеIэ: [19]Фэ влэжь
Iуэхухэр сощIэ, фи фIылъагъуныгъэри, фи фIэщхъуныгъэри,
дэIэпыкъуэгъу фызэрызэхуэхъужри, теубыдагъэ фиIэу фызэ-
рыпсэури сощIэ. Япэм нэхърэ иджы фIы нэхъыбэ зэрыфщIэри
сощIэ.

[20]Ауэ мыхъумыщIэ гуэр вдызолъагъу: БегъымбаркIэ зэджэж
цIыхубз Езавел фыпэувыркъым. Зинэ ящIэнуи, хамэ лъэпкъ
щыщхэм тхьэ нэпцIхэм хуащIа къурмэныпхъэм и лыр яшхынуи
сэ къысхуэлажьэ цIыхухэр егъэIущ икIи дехьэх абы. [21]ИщIа зи-
нэм хущIегъуэжыну абы Iэмал естащ, ауэ хущIегъуэжакъым.
[22]Абы щхьэкIэ гугъуехь ишэчу пIэм хэзгъэлъынущ. А цIыху-
бзым зинэ дэзыщIахэри ящIам хущIемыгъуэжмэ, гузэвэгъуэ-
шхуэ хэзгъэхуэнущ. [23]Абы и бынхэри згъэлIэнущ. ЦIыхухэм я
гум илъри я гупсысэхэри зыгъэунэхур сызэрыарар члисэ зэхуэс
псоми къагурыIуэнущ итIанэ. Фэ фщыщ дэтхэнэми илэжьа
Iуэхухэм яхуэфащэр естыжынущ. [24]Фэ фщыщу Фиатирэ къалэм
къыдэна цIыхуу, Езавел и гъуэгум темыту, шейтIаным и
щэхушхуэхэр зэзымыгъащIэхэм нэгъуэщI хьэлъэ зэрыфтез-
мылъхьэнур нывжызоIэ. [25] Сэ сыкъэкIуэжыху, фIэщхъуныгъэу
фиIэм фытемыкI.

[26]ТекIуэныгъэр къэзыхьу, и кIэм нэсыху си Iуэхухэр зыгъэза-
щIэхэр лъэпкъхэм тепщэныгъэ яхуиIэ сщIынущ, си Адэм теп-
щэныгъэ сиIэ сызэрищIам хуэдэу.

[27] «Абы гъущI башкIэ игъэIурыщIэнущ,
ятIагъуэм къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэм хуэдэу,
зэхикъутэнущ».

[28]Нэхущ вагъуэри* естынущ текIуэныгъэр къэзыхьым.
[29]Тхьэм и Псэ ЛъапIэм члисэ зэхуэсхэм къажриIэр зэхрех тхьэ-
кIумэ зиIэм.

2:28 нэхущ вагъуэр – Мэссихьыращ. Еплъ 22:16.

# 3-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Сардис къалэм щыІэ члисэ зэхуэсым*
*Хьисэ Мэссихь хуигъэхьа хъыбарыр*

Сардис къалэм щыІэ члисэ зэхуэсым и мелыІычым мы хъы-
барыр хуэтх:

Тхьэм и псиблымрэ и вагъуиблымрэ зыІыгъым мы псалъэхэр
жеІэ: Фэ влэжь Іуэхухэр сощІэ. Фыпсэууэ жаІэ цІыхухэм, ауэ
фылІащ. 2 Фысакъ, фымыжейуэ, къыфхуэнэжа гъащІэу и кІэм
нэсам къару евгъэгъуэт; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ фэ влэжь Іуэхухэр
Тхьэм дежкІэ нэсауэ слъытэркъым. 3 Аращи, Іуэхуу зэвгъэщІари
зэхэфхари фи гум къэвгъэкІыж. Ахэр вгъэзащІи, фи гуэныхьхэм
фахущІегъуэж. Фыжейурэ фымысакъмэ, дыгъуакІуэр цІыхухэм
ямыщІэххэу къызэрыкІуэм хуэдэу сынэкІуэнущ. Фи деж сыны-
щыкІуэну сыхьэтри фщІэнукъым.
4 Ауэ зи щыгъынхэр зымыуфІея цІыху гуэрхэр Сардис къа-
лэм щыфщІыгъущ. Щыгъын хужьхэр ящыгъыу къыздэкІуэнущ
ахэр, абыхэм апхуэдэ щІыхь яхуэфащэщи. 5 Абыхэм хуэдэу щы-
гъын хужьхэр щыгъынущ текІуэныгъэр къэзыхьым. МыкІуэды-
жын гъащІэ зыгъуэтынухэм я цІэхэр зэрыт тхылъым абы и
цІэр зэикІ изгъэкІуэдыкІынукъым. Абы и цІэр зэрысщІэр си
Адэмрэ абы и мелыІычхэмрэ я пащхьэм щыжысІэнущ. 6 Тхьэм
и Псэ ЛъапІэм члисэ зэхуэсхэм къажриІэр зэхрех тхьэкІумэ
зиІэм.

*Филаделфие къалэм щыІэ члисэ зэхуэсым*
*Хьисэ Мэссихь хуигъэхьа хъыбарыр*

7 Филаделфие къалэм щыІэ члисэ зэхуэсым и мелыІычым
мы хъыбарыр хуэтх:

ЛъапІэу икІи пэжу щыту, Даут и ІункІыбзэр* зыІыгъым мы
псалъэхэр жеІэ. Абы зэІуихыр зыми игъэбыдэфыркъым, игъэ-
быдари зыми зэІуихыфыркъым. 8 Фэ влэжь Іуэхухэр сощІэ. Мис,
зыми имыгъэбыдэжыфыну бжэр фи пащхьэм щызэІусхащ.

---

3:7 Даут и ІункІыбзэ – а ІункІыбзэм Мэссихьым и тепщэныгъэшхуэр къегъэлъагъуэ. Мэссихьыр Даут пащтыхьым къытехъукІа цІыхухэм ящыщу щытащ. Тхьэм Даут пащтыхьыр къигъэгугъащ бын лъапІэу Тхьэм и цІыхухэм тепщэныгъэ яхузиІэнур къызэрытехъукІынумкІэ. Еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 22:22; Апостол. 2:20-31.

ЛъэкIыныгъэшхуэ фиIэкъым, ауэ си псалъэхэр вгъэзэщIащ, си
гъуэгу фызэрырикIуэри цIыхухэм я пащхьэм щывущэхуакъым.
[9] ФыкъэдаIуэ, шейтIаным и зэхуэсым щыщу, пцIы зыупсу, журт-
кIэ зэджэж мыжуртхэр – ахэр сэ къэзгъэкIуэнурэ, фи пащхьэм
лъэгуажьэмыщхьэу щызгъэтIысынущ, фIыуэ фызэрыслъагъури
ящIэнущ. [10]«Теубыдагъэ зивгъэIэ», жыхуэсIа унафэр зэрывгъэ-
зэщIам щхьэкIэ дунейм тет псоми ялъагъуну гузэвэгъуэ сыхьэ-
тым фыщысхъумэнущ. А гузэвэгъуэ сыхьэтыр, дунейм тет цIы-
хухэм я щыпкъагъэр игъэунэхун щхьэкIэ, къэсынущ.

[11]ЩIэх сынэкIуэжынущ. Фи тажыр зыми къыфIимыхын щхьэ-
кIэ, фи фIэщхъуныгъэм фытемыкI. [12] ТекIуэныгъэр къэзыхьыр
си Тхьэм и унэшхуэм пкъоууэ щIэзгъэувэнущ, а унэшхуэми зэи
щIэкIыжынукъым. Си Тхьэм и цIэрэ си Тхьэм и къалэшхуэу
ЕрусалимыщIэм и цIэрэ а цIыхум и натIэм тестхэнущ. А къалэр
си Тхьэуэ уафэм щыIэм деж къикIыу къехынущ. Сэ цIэщIэу
сиIэри а цIыхум и натIэм тестхэнущ. [13] Тхьэм и Псэ ЛъапIэм
члисэ зэхуэсхэм къажриIэр зэхрех тхьэкIумэ зиIэм.

*Лаодикие къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым*
*Хьисэ Мэссихь хуигъэхьа хъыбарыр*

[14]Лаодикие къалэм щыIэ члисэ зэхуэсым и мелыIычым мы
хъыбарыр хуэтх:

IэминкIэ* зэджэ щыхьэт пэжу икIи узыщыгугъ хъун щыхьэту
Тхьэм къигъэщIа псори зи IэмыщIэм къикIам мы псалъэхэр
жеIэ: [15]Фэ влэжь Iуэхухэр сощIэ. Фигухэр икIи хуабэкъым, икIи
щIыIэкъым. Фигухэр хуабэу щытыгъащэрэт е щIыIэу щыты-
гъащэрэт. [16]Мыхуабэ-мыщIыIэу фызэрыщытым щхьэкIэ си
жьэм фыкъыжьэдэздзынущ. [17] Фэ мыпхуэдэу жывоIэ: «Дыбейщ,
куэд диIэ хъуащ, щыщIагъэ зыри диIэкъым». Гъуэгу мыгъуэ
фытеувауэ, фытхьэмыщкIэу, гущIэгъу фхуэфащэу, фынэфу икIи
фыпцIанэу фызэрыщытыр фщIэркъым. [18]Аращи, бей фыхъун
щхьэкIэ, мафIэкIэ гъэкъэбзэжа дыщэ си деж щыфщэхуну чэн-
джэщ фызот. ФызэрыпцIанэщи, фымыукIытэн щхьэкIэ, щы-
гъын хужьхэри къэфщэху. Фи нэхэми ялъагъун щхьэкIэ, ящы-
фхуэну дагъэри къэфщэху.

---

3:14 Iэмин – Тхьэм и цIыхухэр къызэригъэгугъа Iуэхухэр зэригъэзэщIэнур зыгъэ-пэжыр Мэссихьыращ. Еплъ 2 Кор. 1:20. «Iэмин» псальэм къикIыр «Апхуэдэу ирехъу» мыхьэнэрщ.

[19]ФIыуэ слъагъухэм ягурызогъаIуэ, икIи согъэIурыщIэ. Аращи, фи гуэныхьхэм фахущIегъуэжи, си гъуэгум фигурэ фи псэкIэ фрикIуэ. [20] Мис, бжэм сыIуту сынытоуIуэ. Зыгуэрым си макъыр зэхихрэ, бжэр къызэIуихмэ, сыщIыхьэнурэ, сэ абы сыдэшхэнущ, езыри сэ къыздэшхэнущ.

[21]Си тахътэм къыщызбгъэдэсыну хуит сщIынущ текIуэныгъэр къэзыхьыр, сэри текIуэныгъэр къэсхьу, си Адэм и тахътэм езым сызэрыщыбгъэдэтIысхьам хуэдэу. [22] Тхьэм и Псэ ЛъапIэм члисэ зэхуэсхэм къажриIэр зэхрех тхьэкIумэ зиIэм.

# 4-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Уафэм щыIэ тахътэр*

Абы и ужькIэ сыщыплъэм, уафэм щыIэ бжэ гуэр зэIухауэ слъэгъуащ. Бжьамиишхуэм и макъым хуэдэу къызэпсалъэу зэхэсхыгъа макъым жиIащ: «Мыбы къыдэкIуей, дяпэкIэ къэхъун хуей Iуэхугъуэхэр уэзгъэлъагъунущ». [2]Абдеж дыдэм Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къысхуехащ, икIи сыщыплъэм, уафэм тахътэ гуэр щыслъэгъуащ, абы зыгуэр тест. [3]Абы тесым и теплъэр мывэ лъапIэ хужьу яспискIэ зэджэмрэ мывэ лъапIэ плъыжьу сардискIэ зэджэмрэ я теплъэм хуэдэт. Тахътэм ихъуреягъкIэ лэгъупыкъу теплъэ зиIэ мывэ лъапIэ удзыфэу смарагдкIэ зэджэм хуэдэр щыIэт. [4]Тахътэм ихъуреягъкIэ къеувэкIауэ нэгъуэщI тахътэ тIощIрэ плIырэ щытт. Тхьэмадэ нэхъыжьу цIыху тIощIрэ плIырэ щыгъын хужьхэр ящыгъыу, дыщэм къыхэщIыкIа тажхэр ящхьэрыгъыу слъэгъуащ а тахътэхэм исү. [5]Тахътэм уафэхъуэпскIхэри къилыдыкIащ, уафэгъуагъуэ макъышхуэхэри къыпыIукIащ. Тахътэм и пащхьэм уэздыгъибл къыщыблэрт – ахэр Тхьэм и псиблыр арщ. [6]А тахътэм и пащхьэм, абджым къыхэщIыкIауэ, кристаллым хуэдэу нэхуу икIи къабзэу, хым хуэдэу зыгуэр щыслъэгъуащ.

Утыкум тахътэм ихъуреягъкIэ къеувэкIауэ, псэущхьиплI итт. Я гупэкIи я щIыбкIи абыхэм нэхэр яхэзт. [7]Япэрей псэущхьэр аслъэным хуэдэт, етIуанэр шкIэм хуэдэт, ещанэм и нэгур цIыхум и нэгум хуэдэт, еплIанэр бгъэжь лъатэм хуэдэт. [8] ПсэущхьиплIым ящыщ дэтхэнэ зыми дамих тетт, нэхэр дэнэкIи яхэзт. Жэщи махуи зэпымыууэ, мыпхуэдэу жаIэ:

«ЛъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэ Зиусхьэн Тхьэуэ,
щыIауэ, щыIэу, икIи игъащIэкIэ щыIэнур,
лъапIэу, лъапIэу, лъапIэу щытщ».

[9]ЩIыхьышхуэри, лъытэныгъэшхуэри, фIыщIэшхуэри тахъ-
тэм тесу, сыт щыгъуи щыIэнум псэущхьэхэм [10] хуащIыху къэс,
тахътэм тесу сыт щыгъуи щыIэнум и пащхьэм зыщрадзыхыурэ
тхьэмадэ нэхъыжьу цIыху тIощIрэ плIым ар ягъэлъапIэ. Я таж-
хэр тахътэм и пащхьэм щагъэтIылъурэ, мыпхуэдэу жаIэ:

[11] «Уэ, ди Зиусхьэн, щIыхьышхуэри,
лъытэныгъэшхуэри, лъэкIыныгъэшхуэри
зыхуэфащэр уэращ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ псори къэзыгъэщIар
уэращ,
уэ уфIэигъуэти, ахэр къэхъури,
гъащIэ яIэ хъуащ».

## 5-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхылъымрэ Щынэмрэ*

Тахътэм тесым и Iэ ижьымкIэ тхылъ гуэр иIыгъыу слъэгъуащ
итIанэ. И кIуэцIкIи и щIыбкIи тхауэ, а тхылъыр зэкIуэцIышы-
хьауэ, мыхъурибли тедзауэ щытащ. [2]ЛъэкIыныгъэ зиIэ мелыIыч
гуэри слъэгъуащ, макъышхуэкIэ жиIэу: «Мыхъурыр тезычыну,
тхылъыр зэгуэзыхыну хэт зыхуэфащэр?» [3]А тхылъыр зэгуихыну
е абы итым еплъыну зылъэкI цIыху зыри уафэми, щIылъэми,
щIылъэм и щIагъми щыIакъым. [4] Тхылъыр зэгуихыну е абы
итым еплъыну зыхуэфащэ цIыху къызэрамыгъуэтам щхьэкIэ,
куэдрэ сыгъащ. [5]Тхьэмадэ нэхъыжьхэм ящыщ гуэрым къыз-
жиIащ: «Умыгъ, моуэ къэдаIуэ! Иудэ унагъуэ лъэпкъым щыщу
аслъэнкIэ зэджэу, Даут пащтыхьым къытехъукIа бын лъапIэм*
текIуэныгъэр къихьащ. Мыхъуриблыр тричын, тхылъри
зэгуихын лъэкIынущ абы».

---

5:5 Даут пащтыхьым къытехъукIа бын лъапIэр – Хьисэ Мэссихьщ.

[6]Щынэ гуэр фIагъэжам хуэдэу, тахътэм и гупсэм иту, псэущ-
хьиплIымрэ тхьэмадэ нэхъыжьхэмрэ а Щынэм ихъуреягъкIэ
къеувэкIауэ слъэгъуащ итIанэ. Бжьакъуибл тетт абы, нибли
иIэт. Ниблыр Тхьэм дунейм дэнэкIи игъэкIуа псиблыр аращ.
[7]А Щынэр кIуэри, тахътэм тесым и Iэ ижьым IэщIэлъ тхылъыр
къыIихащ. [8]Ар къыщыIихым, псэущхьиплIымрэ цIыху тIощIрэ
плIырэ хъу тхьэмадэ нэхъыжьхэмрэ Щынэм и пащхьэм зыщ-
радзыхащ. ШыкIэ пшынэм хуэдэ пшынэ лIэужьыгъуэ гуэр
иIыгът хэти икIи дыщэм къыхэщIыкIауэ, мэ IэфI зыпих удзхэр
зэрыт фалъэхэр яIыгът. А удзхэм япих мэ IэфIыр Тхьэм и цIыху
лъапIэхэм я тхьэлъэIухэр арщ. [9]УэрэдыщIэ къыжаIащ:

«Тхылъыр пщтэну, и мыхъурхэри тепчыну
уэ пхуэфащэщ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхухэм уфIагъэжащ,
уилъкIэ унагъуэ лъэпкъ псоми,
бзэ псоми, къэрал псоми, лъэпкъ псоми ящыщ
цIыхухэм я щхьэхэр Тхьэм папщIэ къэпщэхужащ.
[10] Уэ уи гъусэу тепщэныгъэ зиIэу, ди Тхьэм
хуэлажьэ дин пашэ дыхъуну уэ дыбгъэуващ;
дунейми тепщэныгъэ щыдиIэнущ».

[11] ИтIанэ сыщыплъэм, тахътэм, псэущхьиплIым, тхьэмадэ
нэхъыжьхэм яхъуреягъкIэ къеувэкIауэ мелыIыч куэд дыдэхэм
я макъыр зэхэсхащ; ахэр я бжыгъэкIэ мин Iэджэ хъурт. [12]Абы-
хэм макъышхуэкIэ мыпхуэдэу жаIащ:

«ЛъэкIыныгъэшхуэр, къулеигъэшхуэр,
акъылыфIагъэр, къаруушхуэр,
лъытэныгъэшхуэр, щIыхьышхуэр, фIыщIэшхуэр
Щынэ фIагъэжам хуэфащэщ».

[13] Уафэми, щIыми, щIы щIагъми, хыми щыпсэууэ Тхьэм къи-
гъэщIа псэ зыпыт псоми къыжаIэу зэхэсхащ итIанэ:

«ФIыщIэшхуэр, лъытэныгъэшхуэр, щIыхьышхуэр,
тепщэныгъэшхуэр тахътэм тесымрэ
Щынэмрэ яйщ игъащIэкIэ».

[14] ПсэущхьиплIми «Iэмин» жаIащ. Тхьэмадэ нэхъыжьу цIыху тIощIрэ плIым зрадзыхри, сыт щыгъуи ЩыIэнур ягъэлъэпIащ.

# 6-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Мыхъурхэр*

Щынэм мыхъуриблым ящыщу япэрейр зэрытричыр слъэгъуащ итIанэ. ПсэущхьиплIым ящыщу зым уафэгъуагъуэм и макъым хуэдэ макъкIэ «КъакIуэ!» жиIэу зэхэсхащ абдежым.
[2]Сыщыплъэм, шы пщIэгъуалэ къэслъэгъуащ итIанэ. Шым тесым шабзэ иIыгът, мелыIыч гуэрми абы таж иритащ. ТекIуэныгъэр къэзыхьым хуэдэу, текIуэныгъэр къихьыну ежьащ.

[3]ЕтIуанэ мыхъурыр щынэм щытричым, етIуанэ псэущхьэми «КъакIуэ, еплъ!» жиIэу зэхэсхащ. [4]НэгъуэщI шы гуэр, шы пцIэгъуэплъ гуэр, къэхутащ абдежым. Абы тесым дунейм мамырыгъэр трихыну икIи цIыхухэр зэригъэукIыну Тхьэм хуитынытгъэ къритащ. МелыIыч гуэрми джатэшхуэ IэщIилъхьащ абы.

[5]Ещанэ мыхъурыр Щынэм щытричым, ещанэ псэущхьэми, «КъакIуэ, еплъ!» жиIэу зэхэсхащ. Сыщыплъэм, шы къарэ къэслъэгъуащ. Абы тесым тэрэзэ иIыгът. [6]ПсэущхьиплIым яку макъ гуэр къыдэIукIри мыпхуэдэу жиIэу зэхэсхащ: «Фалъиищым илъ гуэдзыр зы махуапщIэ мэхъу, фалъибгъум илъ хьэри зы махуапщIэ мэхъу. Дагъэми жызумми уи ягъэ йомыгъэкI».

[7]Абы и ужькIэ, еплIанэ мыхъурыр Щынэм щытричым, еплIанэ псэущхьэм и макъым «КъакIуэ, еплъ!» жиIэу зэхэсхащ.
[8]Сыщыплъэм, шыгъуэ къэслъэгъуащ. Абы тесым и цIэр ЛIэныгъэт. Хьэдрыхэ абы кIэлъыкIуэрт. Абыхэм джатэмкIи, гъаблэмкIи, уз зэрыцIалэхэмкIи, щIылъэм и хьэкIэкхъуэкIэхэм я дэIэпыкъуныгъэкIи цIыхухэр ягъэлIэну щIылъэм и плIанэм тепщэныгъэ хуаIэ хъуащ.

[9]Абы и ужькIэ, етхуанэ мыхъурыр Щынэм щытричым, цIыхуу адрей цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм зэрыригъэдэIуамрэ а псалъэхэм щыхьэтыгъэ зэрахуэхъуахэмрэ щхьэкIэ яукIахэм я псэхэр къурмэнщIыпIэм и щIагъым щыслъэгъуащ. [10]Ахэр
макъышхуэкIэ къэджащ: «Уэ Зиусхьэн лъапIэ икIи щыпкъагъэ

зиIэ Зиусхьэн, ди лъыр зыгъэжауэ дунейм тет цIыхухэм я хьэку-
мыр щатепщIыхьынум икIи яхуэфащэр щебгъэпшыныжынум
сыт пщIондэ дыпэбгъэплъэну?» 11Мелыыч гуэрым абыхэм
ящыщ дэтхэнэми джанэ кIыхь кърите, зытэлай загъэпсэхуну
яжриIащ, дунейм и цIыхухэм ахэр зэраукIам хуэдэу, абыхэм я
гъусэу яукIыну цIыхуу Тхьэм хуэлажьэхэмрэ адрей къуэш
яукIынухэмрэ я бжыгъэр ирикъуху.

12ИтIанэ Щынэм еханэ мыхъурыр зэрытричыр слъэгъуащ.
ЩIылъэр хуабжьу хъеящ абы щыгъуэ, дыгъэри бжэныцым къы-
хэщIыкIа щэкI фIыцIэм хуэдэ кIыфI хъуащ, мазэри лъым хуэдэ
плъыжь хъуащ. 13 Уафэм ис вагъуэхэри щIылъэм къехуэхащ,
жьышхуэ къыщепщэкIэ, ахъуо жыгым пытхэр зэрыпылъэлъым
хуэдэу. 14ТхылъымпIэ шыхьам хуэдэу уафэм зишыхьри, бзэхащ;
бгы псори хытIыгу псори я пIэм икIащ.

15 Дунейм и пащтыхьхэми, тепщэныгъэ зиIэхэми, дзэпщхэми,
бейхэми, къаруушхуэ зиIэхэми, пщылIхэми, щхьэхуитхэми
бгъуэнщIагъхэмрэ къурш ауз куухэмрэ зыщагъэпщкIуащ.
16Абыхэм бгыхэмрэ къыр дзакIэхэмрэ жраIащ: «ЗыкъыттефIу-
би, тахътэм тесым девмыгъэлъагъу, Щынэм и губжьми дыщыф-
хъумэ. 17 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр щыгубжь махуэшхуэр къэ-
сащ икIи абыхэм япэувын хэт зылъэкIынур?»

## 7-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и мыхъурыр мелыIычхэм*
*цIыху мин плIыщIрэ плIым зэрытрагъэуар*

Абы и ужькIэ щIылъэм и къуапиплIым мелыIычиплI тету
слъэгъуащ. Жьыр щIыми хыми къыщемыпщэн, жыгми къе-
мыуэн щхьэкIэ, щIылъэм и къуапиплIым къикI жьыбгъэхэм
пэувырт ахэр. 2НэгъуэщI мелыIыч гуэр, гъащIэ къыздикI Тхьэм
и мыхъурыр иIыгъыу, къуэкIыпIэмкIэ къикIыу слъэгъуащ
итIанэ. Я ягъэ щIымрэ химрэ ирагъэкIыну хуитыныгъэ зиIэ
мелыIычиплIым макъышхуэкIэ яжриIащ: 3 «Ди Тхьэм хуэлажьэ
цIыхухэм я натIэм мыхъурыр тедмыгъэуауэ, щIыми, хыми,
жыгхэми фи ягъэ евмыгъэкI!» 4МелыIычхэм мыхъурыр зытра-
гъэуа цIыхухэм я бжыгъэр зэхэсхащ итIанэ: израил и унагъуэ

лъэпкъ псоми ящыщу мелыIычхэм мыхъурыр зытрагъэуа
цIыху минищэрэ плIыщIрэ плIырэ хъурт.

[5] Иудэ унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху мин пщыкIутIым
мыхъурыр трагъэуащ; Реувен унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху
мин пщыкIутIым мыхъурыр трагъэуащ; Гад унагъуэ лъэпкъым
щыщ цIыху мин пщыкIутIым мыхъурыр трагъэуащ; [6]Ашер уна-
гъуэ лъэпкъым щыщ цIыху мин пщыкIутIым мыхъурыр тра-
гъэуащ; Нафталый унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху мин пщы-
кIутIым мыхъурыр трагъэуащ; Менашэ унагъуэ лъэпкъым
щыщ цIыху мин пщыкIутIым мыхъурыр трагъэуащ; [7]Симеон
унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху мин пщыкIутIым мыхъурыр тра-
гъэуащ; Левий унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху мин пщыкIутIым
мыхъурыр трагъэуащ; Иссашкар унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху
мин пщыкIутIым мыхъурыр трагъэуащ; [8]Зевулон унагъуэ лъэ-
пкъым щыщ цIыху мин пщыкIутIым мыхъурыр трагъэуащ;
Исуф унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху мин пщыкIутIым
мыхъурыр трагъэуащ; Биниамин унагъуэ лъэпкъым щыщ цIыху
мин пщыкIутIым мыхъурыр трагъэуащ.

*Бжыгъэ зимыIэ цIыху куэдым Тхьэр зэрагъэлъапIэр*

[9]Абы и ужькIэ сыщыплъэм, лъэпкъ псоми, унагъуэ лъэпкъ
псоми, къэрал псоми, бзэ псоми ящыщу пхуэмыбжыну цIыху
куэдыкIей слъэгъуащ. Джанэ кIыхь хужьхэр ящыгъыу, хъурмэ
жыгым и къудамэхэр яIыгъыу, тахътэмрэ Щынэмрэ я пащхьэм
итт ахэр.

[10]МакъышхуэкIэ къэджащ ахэр:

«Ди Тхьэуэ тахътэм тесымрэ
Щынэмрэщ дымыкIуэду дыкъезыгъэлыр».

[11]Тахътэм, тхьэмадэ нэхъыжьхэм, псэущхьиплIым къеувэкIауэ
щытт мелыIыч псори. Тахътэм и пащхьэм нэкIукIэ зыщрадзых-
ри, Тхьэр ягъэлъапIэурэ, абыхэм жаIащ:

[12] «Iэмин!* ФIыщIэшхуэр, щIыхьышхуэр,
акъылыфIэгъуэшхуэр, лъытэныгъэшхуэр,

---

7:12 Iэмин – еплъ 1:7.

лъэкIыныгъэшхуэр, къаруушхуэр игъащIэкIэ
зейр ди Тхьэрщ. Iэмин!»

13 Тхьэмадэ нэхъыжьхэм ящыщ гуэр къызэупщIащ итIанэ:
– Мы джанэ хужь кIыхьхэр зыщыгъхэр хэт икIи дэнэ къи-
кIа?
14 – Тхьэмадэ, ахэр уэ уощIэ, – жысIащ сэ.
– Мыхэращ гузэвэгъуэшхуэм къыхэкIар, – къызжиIащ абы.
– Я джанэ кIыхьхэр Щынэм илъкIэ ягъэкъэбзэжри, хужьыбзэу
яжьыщIыжащ.

15Абы щхьэкIэ Тхьэм и тахътэм и пащхьэм
итщ икIи жэщи махуи Тхьэм и унэшхуэм щIэту
Тхьэр ягъэлъапIэ.
Тахътэм тесри ядэпсэунущ.
16 ИгъащIэкIэ мэжэлIэжынукъым,
псыи хуэлIэжынукъым.
Дыгъэри хуабагъэшхуэри
абыхэм къегуэуэжынукъым.
17 Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ тахътэм и кум
тес Щынэр абыхэм Iэхъуэ яхуэхъунущ;
икIи гъащIэ къэзыт псынащхьэхэм
я деж ахэр ишэнущ.
Абыхэм я нэхэм
нэпс псори ящIилъэщIыкIыжынущ.

## 8-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Еблanэ мыхъурымрэ дыщэм къыхэщIыкIа удз гъэсылъэмрэ*

Еблaнэ мыхъурыр Щынэм щытричым, сыхьэт ныкъуэ хуэ-
дизкIэ уафэм щым щыхъуащ.
2Тхьэм и пащхьэм ит мелыIычиблыр слъэгъуащ итIанэ. Ме-
лыIыч гуэрым бжьамиишхуиблабыхэм яритащ.
3Нэгъуэщ I мелыIыч гуэр мэ IэфI зыпих удзхэм щхьэкIэ ды-
щэм къыхэщIыкIа удз гъэсылъэ иIыгъыу къакIуэри, къурмэн-

щIыпIэм и пащхьэм къиуващ. НэгъуэщI мелыIыч гуэрым мэ
IэфI зыпих удз куэд а мелыIычым кърит ащ, Тхьэм и цIыху
лъапIэхэм я тхьэлъэIуу тахътэм и пащхьэм щыт къурмэнщIы-
пIэм телъхэм яхигъэхъуэн щхьэкIэ. 4 Мэ IэфI зыпих удзхэм я
Iугъуэ, Тхьэм и цIыху лъапIэхэм я тхьэлъэIухэм щIыгъуу, ме-
лыIычым и Iэм къикIри, Тхьэм деж дэкIуеящ. 5Абы и ужькIэ
мелыIычым удз гъэсылъэр къищтэщ, къурмэнщIыпIэм и
мафIэм щыщ из ищIри, щIылъэм къридзыхащ. Уафэгъуагъуэ
макъышхуэхэр къэIуащ, уафэри къэхъуэпскIащ, щIылъэри
къэхъеящ абы щыгъуэ.

*Бжьамиишхуэхэр*

6Бжьамиишхуиблыр зыIыгъ мелыIычиблым абыхэм епщэну
загъэхьэзыращ итIанэ.

7Япэрей мелыIычыр и бжьамиишхуэм епщащ. Уэи, мафIи,
лъыи зэхэту щIылъэм къехащ асыхьэту. ЩIылъэм и Iыхьэ ща-
нэр пхрисыкIащ, жыгхэм я Iыхьэ щанэр илыпщIащ, удз щхъуан-
тIэ псори исащ.

8 ЕтIуанэ мелыIычыр и бжьамиишхуэм епщащ. МафIэр
зыщIэна бгышхуэм хуэдэу, зыгуэр хым хэхуащ асыхьэту. Хым
и Iыхьэ щанэр лъы хъуащ. 9 Хым хэс псэущхьэхэм я Iыхьэ щанэр
лIащ, кхъухьхэм я Iыхьэ щанэри хым щIилъэфащ.

10Ещанэ мелыIычри и бжьамиишхуэм епщащ. МафIэ пхъэ-
дзакIэм хуэдэу, вагъуэшхуэ гуэр мафIэ щIэнауэ уафэм къехуэх-
ри, псышхуэхэмрэ псынащхьэхэмрэ я Iыхьэ щанэм къыхэхуащ
асыхьэту. 11Вагъуэшхуэм и цIэр Удз Дыджщ. Псыхэм я Iыхьэ
щанэр дыдж хъуащ, а псы дыджым ефа цIыху куэди лIащ.

12ЕплIанэ мелыIычри и бжьамиишхуэм епщащ. Дыгъэм и
Iыхьэ щанэри, мазэм и Iыхьэ щанэри, вагъуэхэми я Iыхьэ ща-
нэри ункIыфIащ асыхьэту. Абыхэм я нэхум и Iыхьэ щанэри
кIыфI хъуащ. Махуэм и Iыхьэ щанэмрэ жэщым и Iыхьэ щанэмрэ
нэху хъуакъым.

13Сыщыплъэм, уафэгум щызелъатэ мелыIычыр макъы-
шхуэкIэ къаджэу зэхэсхащ итIанэ:

– Къэна мелыIычищыр я бжьамиишхуэхэм къыщепщэкIэ,
щIылъэм тетхэр гъуэгу мыгъуэ теувэнущ, гъуэгу мыгъуэ теувэ-
нущ, гъуэгу мыгъуэ теувэнущ.

# 9-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Етхуанэ мелыІычыр и бжьамиишхуэм епщащ итІанэ. Уафэм
къикІыу, щІылъэм къехыгъа вагъуэр* слъэгъуащ асыхьэту.
ЩІылъэм и кууупІэу щІэ зимыІэм* и щІыхьэпІэм и ІункІыбзэр
мелыІыч гуэрым а вагъуэм иритащ. [2]Вагъуэм щІылъэм и куу-
упІэу щІэ зимыІэм и щІыхьэпІэр Іуихащ. Ар щыІуихым, хьэ-
кушхуэм и Іугъуэм хуэдэ Іугъуэ кърихуащ. А щІыхьэпІэм
къыщІэуа Іугъуэм дыгъэри уафэри игъэункІыфІащ. [3]МацІэхэр
Іугъуэм къыхэкІри, щІылъэм къытехьащ итІанэ. ЩІылъэм и
акърэбхэм* я къарум хуэдэ къару яІэну мелыІыч гуэрым а
мацІэхэм яритащ. [4] ЩІылъэм и удзхэми, и жыгхэми, и къэкІы-
гъэхэми ягъэ ирамыгъэкІыну Тхьэм яжриІащ. Тхьэм и мыхъу-
рыр зи натІэ темыгъэуа цІыхухэм я закъуэщ я ягъэ зрагъэкІын
хуеяр. [5]МацІэхэм а цІыхухэр ягъэлІэну хуитакъым, мазитхукІэ
гугъуехь ирагъэшэчыну хуита къудейщ. А гугъуехьу ирагъэшэ-
чар акърэбыр цІыхум щеуэкІэ гугъуехьу иригъэшэчым хуэдэщ.
[6]А махуэхэм цІыхухэр лІэныгъэм лъыхъуэнущ, ауэ ягъуэты-
нукъым. ЛІэну хуеинущ, ауэ лІэныгъэр яІэщІэкІынущ.

[7]МацІэхэм я теплъэр зауэм хуагъэхьэзыра шыхэм я теплъэм
хуэдэт. Дыщэм къыхэщІыкІа тажхэм хуэдэхэр ящхьэрыгът, я
нэкІухэри цІыхухэм я нэкІухэм хуэдэт. [8] Я щхьэцхэр цІыхубз
щхьэцхэм хуэдэт, я дзэхэри аслъэным и дзэхэм хуэдэт. [9]Я афэ
джанэхэр гъущІым къыхэщІыкІа афэ джанэхэм хуэдэт. Я дамэ-
хэм япыІукІ макъыр зауэм ежьэ гужэ куэдымрэ шуудзэмрэ
япыІукІ макъышхуэм хуэдэт. [10]Акърэбхэм кІэ зэраІэм хуэдэу,
кІэхэри яІэт. КІэхэми шэрэзхэр япытт. А мацІэхэм лъэкІыныгъэ
яІащ мазитхукІэ цІыхухэм гугъуехь ирагъэшэчыну. [11]Абыхэм
пащтыхьу яІар щІылъэм и кууупІэу щІэ зимыІэм и мелыІычыр
арщ. Абы и цІэр журтыбзэкІэ Аваддонщ, алыджыбзэкІэ*
Аполлионщ*.

---

9:1 вагъуэр – мелыІыч гуэрщ.

9:1 щІылъэм и кууупІэу щІэ зимыІэр – жин бзаджэхэм я лъэхъуэщыр аращ.

9:3 акърэб – скорпион.

9:11 алыджыбзэ – грекыбзэ жыхуаІэрщ.

9:11 Аполлион – «ЗыгъэкІуэдыр» арщ.

[12]Апхуэдэу, япэрей гъуэгу мыгъуэр блэкIащ. Гъуэгу мыгъуитI къэхъунущ иджыри.

[13]Еханэ мелыIычыр и бжьамиишхуэм къепщащ итIанэ. Тхьэм и пащхьэм ит къурмэнщIыпIэу дыщэм къыхэщIыкIам и
къуапиплIым къикIыу макъ гуэр зэхэсхащ асыхьэту. [14]А макъым
бжьамиишхуэр зыIыгъ еханэ мелыIычым жриIащ: «Евфрат псышхуэм* деж щрапха мелыIычиплIыр хуит щIыж, утIыпщыж».
[15]Игъэува сыхьэтымрэ махуэмрэ, мазэмрэ илъэсымрэ цIыху псоми я Iыхьэ щанэр ягъэлIэну Тхьэм хьэзыру щигъэта мелыIычиплIыр яутIыпщыжащ. [16]А шуудзэм хэтахэм я бжыгъэр мелуан
щитI хъурт. Я бжыгъэр зыхуэдизыр зэхэсхащ.

[17]Шыхэри шууейхэри мыпхуэдэу къысхуэлъэгъуащ: Афэ джанэхэр мафIэм хуэдэу плъыжьу, щхъуантIэу икIи гъуэжьу ящыгът. Яшхэм я щхьэхэр аслъэнымщхьэм хуэдэт. Шыхэм я жьэхэм мафIэри, Iугъуэри, тхъуэбзащхъуэри къажьэдэкIырт. [18]Ма-
фIэ, Iугъуэ, тхъуэбзащхъуэ гугъуехьышхуищу а шыхэм я жьэхэм къажьэдэкIыу щытам цIыху псоми я Iыхьэ щанэр ягъэлIащ.
[19] Шыхэм я къарур я жьэм жьэдэлът, я кIэм хэлът; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ я кIэхэр блэхэм хуэдэт; я кIэхэм щхьэхэр япыту, абыхэмкIэ я ягъэ цIыхухэм ирагъэкIырт.

[20]Ауэ а гугъуехьышхуэхэм хэмыкIуэда цIыхухэм я IэкIэ ящIа тхьэ нэпцI сурэтхэм я щIыб хуагъэзэжыну ядакъым. Жин бзаджэхэр ягъэлъэпIэныр къагъэнакъым икIи дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм, мывэм, пхъэм къыхащIыкIа тхьэ нэпцI сурэтхэу зылъагъуни, зэхэзыхыни, зекIуэни зылъэмыкIхэр ягъэлъэпIэныр щагъэтакъым. [21]Арати, зи ужь ит Iуэхуу цIыху укIы-
ным, удыгъэм, зинэ щIэным, дыгъуэным хущIегъуэжакъым.

## 10-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*МелыIычымрэ тхылъ цIыкIу зэIухамрэ*

ЛъэкIыныгъэ зиIэ, нэгъуэщI мелыIыч гуэр уафэм къехыу слъэгъуащ итIанэ; уафапшэр фащэу щыгът, лэгъупыкъури щхьэ-

---

9:14 Евфрат псышхуэр – а зэманым а псышхуэр къуэкIыпIэмкIэ Рим къэралыгъуэшхуэм и гъунапкъэу щытащ.

щытт, и нэкIури дыгъэм хуэдэт, и лъакъуэхэри мафIэ пкъохэм
хуэдэт. 2 Тхылъ цIыкIу гуэр зэIухауэ иIыгът. Лъакъуэ ижьыр
хым хигъэувэрт, лъакъуэ сэмэгур щIым тригъэувэрт. 3 Аслъэн-
хэр зэрыгъуахъуэм хуэдэу, макъышхуэкIэ къэгуоуащ. Ар къы-
щыгуом, уафэгъуагъуиблым я макъхэр къэIуащ. 4 Уафэгъуа-
гъуиблым я макъхэр къэIуа нэужь, жаIар стхыну сыхуеящ, ауэ
уафэм къикIыу макъ гуэрым жиIэу зэхэсхащ:

– Уафэгъуагъуиблым жаIар умытхыу, ущэху.

5 Зи лъакъуэ лъэныкъуэр хым хэзыгъэувауэ, адрей лъакъуэ
лъэныкъуэри щIым тезыгъэувауэ слъэгъуа мелыIычым и Iэ
ижьыр уафэм дриIэтеящ. 6 Тхьэуэ сыт щыгъуи щыIэ, уафэхэмрэ
уафэхэм щыIэ псомрэ, щIымрэ щIым тет псомрэ, хымрэ хым
хэс псомрэ къэзыгъэщIам и цIэкIэ а мелыIычым тхьэрыIуэ
ищIри, мыпхуэдэу жиIащ:

– Зэман куэд къэнэжакъым. 7 Ауэ ебланэ мелыIычыр и
бжьамиишхуэм къыщепщэну махуэхэм Тхьэм, езым хуэлажьэ
бегъымбархэм къазэрыжригъэIам хуэдэу, и мурад щэхур игъэ-
зэщIэнущ.

8 Уафэм къиIукIыу зэхэсха макъым, аргуэру къэпсалъэурэ,
къызжиIащ:

– КIуэи, зи лъакъуэ лъэныкъуэр хым хэзыгъэувауэ, адрей
лъакъуэ лъэныкъуэри щIым тезыгъэува мелыIычым иIыгъ
тхылъ цIыкIу зэIухар къеIых.

9 Арати, мелыIычым деж сыкIуэри жесIащ:

– А тхылъ цIыкIур къызэт.

– Мэ, узот, шхы, – къызжиIащ абы. – Уи лъатэкIэ дыджы-
нущ, ауэ уи жьэмкIэ фом хуэдэу IэфI хъунущ.

10 Тхылъ цIыкIур мелыIычым къеIысхри сшхащ. Си жьэмкIэ
фом хуэдэу IэфIу щытащ, ауэ сшха нэужь, си лъатэм дыдж
къыщыхъуащ. 11 Мыпхуэдэу къызжиIащ итIанэ:

– Къэрал Iэджэми, лъэпкъ Iэджэми, бзэ Iэджэми, пащтыхь
Iэджэми ятеухуауэ Тхьэм уи гум кърилъхьа хъыбару къэхъуну
Iуэхугъуэхэм теухуахэр цIыхухэм яхуэпIуэтэн хуейщ.

# 11-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *ЩыхьэтитIыр*

МелыIыч гуэрым къамыл баш, пщалъэм хуэдэу, къызитащ
итIанэ. «КIуэ, Тхьэм и унэшхуэмрэ къурмэнщIыпIэмрэ къэпщ
икIи абы Тхьэр щызыгъэлъапIэхэр зыхуэдизыр къызэгъащIэ»,
къызжиIащ. [2] «Ауэ Тхьэм и унэшхуэм и щIыбкIэ щыIэ пщIантIэр
къыупщыну упымылъ, Тхьэм а пщIантIэр хамэ лъэпкъхэм къа-
хуигъэнащи. Къалэ лъапIэр мазэ плIыщIрэ тIукIэ* къалэ
лъапIэр* лъэгукIэ яубэнущ абыхэм. [3]Си щыхьэтитIым лъэкIы-
ныгъэ естынущ икIи абыхэм щыгъуэ щыгъынхэр ящыгъыу, я
гум Тхьэм кърилъхьа псалъэу къэхъуну Iуэхугъуэхэм ятеухуахэм
цIыхухэр махуэ минрэ щитIрэ тIощIкIэ ирагъэдэIуэнущ абы-
хэм».
[4]Мы щыхьэтитIыр щIылъэм и Зиусхьэным и пащхьэм ит
зейтун жыгитIымрэ* уэздыгъэ тегъэувапIитIымрэщ. [5]Зыгуэрым
и ягъэ а щыхьэтитIым яригъэкIыну хуеймэ, абыхэм я жьэм
мафIэ къыжьэдэкIыурэ, я бийхэр егъэкIуэд. Абыхэм зи ягъэ
езыгъэкIыну хэтыр аращ зэрылIэн хуейр. [6]А щыхьэтитIым
уафэр ягъэбыдэжыну тепщэныгъэ яIэщ, Тхьэм абыхэм я гум
кърилъхьа псалъэхэм цIыхухэр щрагъэдаIуэ махуэхэм уэшх
къемышхын щхьэкIэ; псыр лъы ягъэхъун щхьэкIэ псыхэми
тепщэныгъэ хуаIэщ икIи щIылъэм сыт хуэдэ гугъуехь
ирагъэшэчыну дапщэщ хуейми яхузэфIэкIынущ.
[7]Абыхэм я щыхьэтыгъэр щаухкIэ, щIылъэм и куууупIэу щIэ
зимыIэм къыщIэкI хьэщхьэвылъэр* абыхэм къебэнынущ икIи
къатекIуэнурэ къыукIынущ. [8]Абыхэм я хьэдэхэр къалэшхуэу*
цIыхухэм ди Зиусхьэныр жорым щраIулIам и уэрамым дэлъы-
нущ. А къалэшхуэм щхьэкIэ Содом* е Мысыр жаIэ, нэгъуэщI
мыхьэнэ кърагъэкIыурэ. [9] Къэрал псоми, унагъуэ лъэпкъ псоми,

---

11:2 мазэ плIыщIрэ тIурэ – ар махуэ минрэ щитIрэ хыщIрэ е илъэсищрэ ныкъуэрэ мэхъу. А зэманым фIэщхъуныгъэ зиIэхэм гугъуехьышхуэ яшэчурэ, Тхьэр зымыщIэхэм ахэр кърахуэкIынущ.

11:2 къалэ лъапIэр – Ерусалимщ.

11:4 зейтун жыгыр – «маслинэ» жыхуаIэр аращ.

11:7 щIылъэм и куууупIэу щIэ зимыIэм къыщIэкI хьэщхьэвылъэр – еплъ 13:1-7.

11:8 къалэшхуэр – Ерусалимщ.

11:8 Содом – еплъ Ешайа бегъымбарым и тхылъым 1:10.

бзэ псоми икІи лъэпкъ псоми ящыщ цІыху куэд махуищрэ ныкъуэкІэ а хьэдэхэм еплъынущ, ауэ щІалъхьэжын ядэнукъым.
[10]А тІур зэрылІам щхьэкІэ гуфІэнущ икІи тхъэжынущ дунейм
тетхэр. Тыгъэхэри зэхурагъэхьынущ, а бегъымбаритІым щІылъэм тет цІыхухэм гугъуехь ирагъэшэчу щытащи.

[11]Махуищрэ ныкъуэрэ дэкІа нэужь, Тхьэм абыхэм гъащІэм
и псэр къахилъхьэжри, тІури я лъэкІэ къэувыжащ. Ахэр зылъэгъуа псори шынагъуэшхуэм хэхуащ. [12]А бегъымбаритІым*
уафэм къиІукІ макъ гуэрым къажриІэу зэхахащ итІанэ: «Моуэ
фыкъыдэкІуей». Я бийхэр еплъурэ, ахэр уафэм дэкІуеящ пщэм
хэту.

[13]ЩІыр ину хъеящ а сыхьэт дыдэм, къалэм и Іыхьэ пщІанэри зэхэкъутащ. ЩІыр щыхъейм, цІыху минибл хэкІуэдащ. МыкІуэду къелахэри шынагъуэшхуэм хэхуащ икІи уафэм щыІэ Тхьэм щІыхьышхуэ хуащІащ.

[14]Апхуэдэу блэкІащ етІуанэ гъуэгу мыгъуэри. Ещанэ гъуэгу мыгъуэри къэкІуэным куэд иІэжкъым.

*Еблане бжьамиишхуэр*

[15]Еблане мелыІычыр и бжьамиишхуэм епщащ итІанэ. Уафэм макъышхуэхэр къиІукІащ абы щыгъуэ:

«Ди Зиусхьэнрэ езым и Мэссихьрэ
мы дунейм тепщэныгъэшхуэ хуаІэ хъуащ.
Тхьэр арщ тепщэныгъэшхуэр игъащІэкІэ
зиІэнур».

[16]Тхьэм и пащхьэм ит тахътэхэм тес тхьэмадэ нэхъыжьу цІыху тІощІрэ плІым нэкІукІэ зрадзыхыурэ, Тхьэр ягъэлъапІэурэ, мыпхуэдэу жаІащ:

[17] «Уэ, лъэкІыныгъэшхуэ псори зиІэ Зиусхьэн Тхьэуэ,
щыІауэ, иджыри щыІэм, щІыхьышхуэр пхудощІ,
сыту жыпІэмэ уи лъэкІыныгъэшхуэр къэпщтауэ,
тепщэныгъэшхуэр узэриІэр къэбгъэлъэгъуащ.

11:12 а бегъымбаритІыр – щыхьэтитІыр аращ. Еплъ 11:3.

[18] Хамэ лъэпкъхэр губжьащ, уэ уи губжьри
къэлъэгъуащ.
ЛӀахэм хьэкум щатепщӀыхьыну
зэманыр къэсащ иджы.
Уэ къыпхуэлажьэ бегъымбархэми,
уи цӀыху лъапӀэхэми, уи фӀэлӀыкӀ зи гум илъ
цӀыхухэм, - цӀыкӀуми, инми, - яхуэфащэ Ӏыхьэфӏыр
щебгъэгъуэтыну зэманри къэсащ.
ЩӀылъэр зыгъэкӀуэд цӀыхухэр уэ щыбгъэкӀуэдыжыну
зэманри къэсащ».

[19]Тхьэм и унэшхуэу уафэм щыӀэр зэӀуха хъуащ абы и ужькӀэ,
икӀи Тхьэм езымрэ и цӀыхухэмрэ яку дилъхьа зэгурыӀуэныгъэр
къэзыгъэлъагъуэ пхъуантэри* къэнэхуащ. Уафэр къэхъуэпскӀащ
итӀанэ, макъышхуэхэри уафэгъуагъуэ макъышхуэхэри къэӀуащ,
щӀыри хъеящ, уэшхуэхэри къехащ.

## 12-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЦӀыхубзымрэ благъуэжьымрэ*

Нэщэнэ гъэщӀэгъуэнышэ уафэм къыщылъэгъуащ итӀанэ:
ЦӀыхубз гуэр, дыгъэр фащэу щыгъыу, и лъакъуэхэр мазэм тету,
и щхьэрыгъ тажым вагъуэ пщыкӀутӀыр тету, къэхутащ. [2]ЦӀыху-
бзыр лъэщыджэт икӀи лъхугъэр къытелъэдауэ гугъуехьышхуэ
ишэчти, кӀийрт. [3]НэгъуэщӀ нэщэнэ гъэщӀэгъуэнышэ гуэр уафэм
къыщылъэгъуащ итӀанэ: Благъуэжь абрагъуэ плъыжьу, щхьибл
фӀэту, бжьакъуипщӀ тету къэлъэгъуащ. Дэтхэнэ зы щхьэми зы
таж щхьэрыгът. [4]Вагъуэхэм я Ӏыхьэ щанэр и кӀэмкӀэ уафэм къы-
щрилъэфажьэри, щӀылъэм къридзыхащ. Сабий пэплъэ цӀы-
хубзым и пащхьэм благъуэжьыр къиуващ, сабийр къызэри-
лъхуу иригъэлъэтэхын щхьэкӀэ. [5] ЩӀалэ цӀыкӀу къилъхуащ. Абы
щӀылъэм тет лъэпкъ псори гъущӀ башкӀэ игъэӀурыщӀэнущ. А
сабийр Тхьэмрэ Тхьэм и тахътэмрэ я деж драхьеящ. [6]ЦӀыхубзыр

---

11:19 зэгурыӀуэныгъэр къэзыгъэлъагъуэ пхъуантэр – а пхъуантэр Тхьэм и унэшхуэм щыщ я нэхъ Пэш ЛъапӀэм щӀэтт. Еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт япэ тхылъым (3-я Царств) 8:1-6.

щIэпхъуэжри, Тхьэм абы губгъуэ нэщIым щыхуигъэхьэзыра
увыIэпIэм щызэгъащ. Махуэ минрэ щитIрэ хыщIкIэ щагъэ-
шхэнущ ар абдежым.

[7]Уафэм зауэ къыщыхъеящ. Михаилрэ* абы и мелыIычхэмрэ
благъуэжьым езэуащ, благъуэжьри абы и мелыIычхэри абыхэм
къапэуващ. [8]Благъуэжьыр Михаил къыпэлъэщакъым, благъуэ-
жьымрэ абы и мелыIычхэмрэ уафэм щIыпIэ къащыхуэнэжа-
къым. [9] Благъуэжь абрагъуэр щIылъэм кърадзыхащ – иблису
икIи шейтIану жыхуаIэ блэжьу щIылъэм тет цIыху псори
дэзыщэхыр ащ. Ари абы и мелыIычхэри щIылъэм кърадзы-
хащ.

[10] Уафэм макъ лъагэ гуэр къиIукIри, мыпхуэдэу жиIэу
зэхэсхащ итIанэ:

«ДымыкIуэду ди Тхьэм дыкъригъэлащ иджы.
Ди Тхьэм и лъэкIыныгъэшхуэмрэ
и Тепщэныгъэшхуэмрэ къэлъэгъуащ иджы,
езы Тхьэм и Мэссихь и къаруушхуэри
къэлъэгъуащ.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ди къуэшхэр зыгъэмысэу,
Тхьэм и пащхьэм жэщи махуи ахэр щызыгъэкъуаншэр
щIылъэм кърадзыхащ.
[11] Щынэм лъыуэ щIэкIамкIи, Тхьэм и псалъэхэм
щыхьэт зэрахуэхъуамкIи
ди къушхэр шейтIаным текIуащ.
ЛIэныгъэм и гъунэгъу хъуами,
езыхэм я псэхэм щысхьакъым.
[12]Аращи, фэ, уафэхэри, фэ, уафэхэм щыпсэухэри, фыгуфIэ!
Ауэ фэ, щIыри хыри, гъуэгу мыгъуэ фытеуващ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ иблисыр къыфхуехащ.
Зэману езым къыхуэнэжыр зэрымащIэр ещIэри,
и гум губжьышхуэ илъщ».

[13]Благъуэжьыр, щIылъэм къызэрырадзыхар щилъагъум,
щIалэ цIыкIур къызыхуэхъуа цIыхубзым и ужь ихьащ. [14]Ме-
лыIыч гуэрым бгъэ иным и дамитIыр цIыхубзым кърита щ,
блэжьым и пащхьэм икIыу, Тхьэм губгъуэ нэщIым абы щы-
хуигъэхьэзыра увыIэпIэм лъэтэн щхьэкIэ. Абдежым илъэсищрэ

12:7 Михаил – япэрей мелыIычышхуэхэм ящыщщ.

никъуэкIэ* щагъэшхэнущ. [15]ЦIыхубзыр псым иригъэхьын
щхьэкIэ, псыдзэм хуэдэу, блэжьым и жьэм псыр къыжьэдиут-
хыкIащ. [16]Ауэ щIыр цIыхубзым дэIэпыкъущ, и жьэр зэIуихри,
благъуэжьым и жьэм къыжьэдиутхыкIа псышхуэр ирифащ.
[17]ЦIыхубзым ину хуэгубжьри, цIыхубзым къытехъукIа нэ-
гъуэщI и бынхэм – Тхьэм и унафэхэр зыгъэзащIэхэмрэ Хьисэ
Мэссихь щыхьэт хуэхъухэмрэ – езэуэну кIуащ благъуэжьыр
итIанэ.

## 13-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ХьэщхьэвылъитIыр*

Хы Iуфэм сыIуту, хым хьэщхьэвылъэ гуэр къыхэкIыу слъэ-
гъуащ. Щхьибл пытт, бжьакъуипщIи тетт. И бжьакъуэхэм та-
жипщI фIэлът. И щхьэхэми Тхьэм зэрыхущIэбжэ цIэхэр телът.
[2] Хьэщхьэвылъэу слъэгъуар къаплъэн фIыцIэм* хуэдэт, ауэ и
лъакъуэхэр мыщэ лъакъуэхэм хуэдэт, и жьэр аслъэным и жьэм
хуэдэт. Благъуэжьым и лъэкIыныгъэри, и тахътэри, и тепщэ-
ныгъэшхуэри хьэщхьэвылъэм иритащ. [3] Хьэщхьэвылъэм и
щхьэхэм ящыщ зым езыр зыгъэлIэн уIэгъэм хуэдэ телът, ауэ а
уIэгъэр хъужыгъащ. ЩIылъэм тет цIыху псоми а хьэщхьэвы-
лъэр ягъэщIагъуэу, кIэлъыкIуэрт. ЦIыхухэм благъуэжьыр ягъэ-
лъэпIащ абы хьэщхьэвылъэм тепщэныгъэ зэрыритам щхьэкIэ.
[4]Хьэщхьэвылъэри ягъэлъапIэурэ, жаIащ: «Хьэщхьэвылъэм хэт
пэхъун? Хэт абы езэуэн зылъэкIынур?»

[5]Хьэщхьэвылъэм псалъэ пагэхэр жиIэну, Тхьэм хущIэджэу,
мазэ плIыщIрэ тIукIэ* тепщэныгъэ иIэну хуит хъуащ. [6] Тхьэми,
Тхьэм и цIэми, Тхьэр здэщыIэ щIыпIэми, уафэм щыIэ псоми
хущIэбжэну и жьэр иутIыпщащ. [7]Тхьэм и цIыху лъапIэхэри
езауэнурэ хигъэщIэн хуит хъуащ. Унагъуэ лъэпкъ псоми, къэрал
псоми, бзэ псоми, лъэпкъ псоми тепщэныгъэ яхуиIэну хуит
хъуащ. [8]Тхьэм дунейр къыщигъэщIам къыщыщIэдзауэ, зи цIэ-
хэр Щынэ фIагъэжам и тхылъым ит цIыхуу гъащIэ зыгъуэты-

---

12:14 илъэсищрэ никъуэрэ – махуэ минрэ щитIрэ хыщIрэ мэхъу. Еплъ 12:6.

13:2 къаплъэн фIыцIэ – урысыбзэкIэ «барс» жыхуаIэр арщ; щомыщ.

13:5 мазэ плIыщIрэ тIукIэ – еплъ 11:2.

нухэм фIэкIа къэмынэу, щIылъэм тет адрей цIыху псоми хьэщхьэвылъэр ягъэлъэпIэнущ.

[9] ТхьэкIумэ зиIэм зэхрех.
[10] ЦIыхухэр лъэхъуэщым щIэзыдзэр
езыр лъэхъуэщым щIадзэнущ.
ДжатэкIэ зыукIыр
Езыр джатэкIэ яукIыжынущ.

Аращи, Тхьэм и цIыху лъапIэхэм теубыдагъэрэ щыпкъагъэрэ ярыреIэ.

[11]НэгъуэщI хьэщхьэвылъи щIы щIагъым къыщIэкIыу слъэгъуащ итIанэ. Щынэм и бжьакъуэм хуэдэу бжьакъуитI тетт, ауэ благъуэжьым хуэдэу къэпсалъэрт. [12]Мы етIуанэ хьэщхьэвылъэм япэрей хьэщхьэвылъэм и тепщэныгъэ псори иIэу, абы и пащхьэм Iуэху щищIащ икIи щIылъэми щIылъэм тет цIыху псоми япэрей хьэщхьэвылъэу зи уIэгъэр хъужар яригъэгъэлъэпIащ. [13]ЕтIуанэ хьэщхьэвылъэм нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр къигъэлъэгъуащ. ЦIыхухэм я пащхьэм уафэм къикIыу мафIэ щIылъэм къыщригъэхащ. [14]Япэрей хьэщхьэвылъэм и пащхьэм нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр къыщигъэлъэгъуэну етIуанэ хьэщхьэвылъэр хуит зэрыхъуамкIэ щIылъэм тет цIыхухэр дищэхащ. ЕтIуанэ хьэщхьэвылъэм щIылъэм тет цIыхухэм яжриIащ япэрей хьэщхьэвылъэу, джатэ уIэгъэ телъ пэтми, псэууэ щытыр ягъэлъэпIэн щхьэкIэ, сурэт хуащIыну. [15]Япэрей хьэщхьэвылъэм и сурэтым псэ хилъхьэну етIуанэ хьэщхьэвылъэр хуит хъуащ. Апхуэдэу а сурэтыр къэпсэлъащ икIи ар зыгъэлъэпIэну зымыдэхэр яукIыну а сурэтым унафэ ищIащ. [16] ЕтIуанэ хьэщхьэвылъэм цIыху псоми - цIыкIуми инми - бейми тхьэмыщкIэми, щхьэхуитми пщылIми - я Iэ ижьхэм е я натIэхэм дамыгъэ ятрыригъэдзащ. [17]А дамыгъэр темыдзамэ, зыми зыри ищэну икIи къищэхуну хуиту щытакъым. А дамыгъэм хьэщхьэвылъэм и цIэр е и цIэм и бжыгъэр тетт.

[18] ЦIыхухэм акъылыфIагъэ ярыреIэ. ЗэхэщIыкI зиIэм хьэщхьэвылъэм и бжыгъэр иребж, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхум и бжыгъэр аращ.* А бжыгъэр щихрэ хыщIрэ хырэ мэхъу.

---

13:18 цIыхум и бжыгъэр аращ – алыджыбзэкIи журтыбзэкIи бжыгъэхэр хьэрфхэмкIэ ятх. ЖуртыбзэкIи алыджыбзэкIи цIэхэр щыIэщ, я хьэрфхэм къарыкI бжыгъэхэр зэхэплъхьэмэ, щихрэ хыщIрэ хырэ хъууэ.

# 14-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*ЦIыху минищэрэ плIыщIрэ плIым къыжаIэ уэрэдыр*

Сыщыплъэм, Сион Iуащхьэм* Щынэр тету слъэгъуащ итIанэ.
Щынэм и цIэмрэ абы и Адэм и цIэмрэ зи натIэм тет цIыху
минищэрэ плIыщIрэ плIырэ и гъусэт. 2 Псыдзэ куэдым я ма-
къышхуэмрэ уафэгъуагъуэшхуэм и макъышхуэмрэ хуэдэу макъ
гуэр уафэм къиIукIыу зэхэсхащ итIанэ. Макъышхуэу зэхэсхар
шыкIэ пшынэхэм я макъым хуэдэт. 3 ТIысыпIэ лъапIэм, псэу-
щхьиплIым, тхьэмадэ нэхъыжьхэм я пащхьэм уэрэдыщIэ къы-
щыжаIэрт. ЦIыху минищэрэ плIыщIрэ плIым фIэкIа а уэрэдыр
зыми зригъэщIэн лъэкIакъым. Мы дунейм и цIыхухэм ящыщу
ахэрщ Щынэм зи щхьэ къищэхужар. 4 Мыхэрщ цIыхубзхэмкIэ
зызымыгъэуфIеяр, ахэр къэзымыша-дэмыкIуахэм яхуэдэщи.
Щынэр дэнэ кIуэми, абы кIэлъокIуэ. Мыхэращ Щынэм цIыху-
хэм къахишу, зи щхьэхэр къищэхужу, Тхьэмрэ езымрэ щхьэкIэ
япэ игъэувар. 5 Абыхэм я жьэхэм пцIы зыхэлъ псалъэ къажьэ-
дэкIакъым. Лажьэ гуэри яIэкъым.

*МелыIычищым къыжаIэ хъыбархэр*

6 Нэгъуэщ I мелыIыч гуэр уафэм щызелъатэу слъэгъуащ абы
и ужькIэ. Дунейм тет цIыху псоми, лъэпкъ псоми, унагъуэ
лъэпкъ псоми, бзэ псоми, къэрал псоми яхуиIуэтэну Тхьэм и
хъыбарыфIу мыкIуэдыжынур а мелыIычым къихьырт.
7 МакъышхуэкIэ жиIащ:

– Тхьэм фыщышынэ, щIыхьышхуэри хуэфщI, Тхьэм цIыху
псоми я хьэкумыр* щатрищIыхьыну сыхьэтыр къэсащи. Уафэ-
ри, щIыри, хыри, псынащхьэхэри къэзыгъэщIар вгъэлъапIэ.

8 А мелыIычым нэгъуэщI мелыIыч кIэлъыкIуэри жриIащ:

– Къалэшхуэр зэхакъутащ. Бабилэн* къалэшхуэр зэхакъу-
тащ. А къалэшхуэм и хъуэпсэныгъэ Iейхэмрэ зинэ щIэнымрэ я
фадэмкIэ лъэпкъ псори игъэудэфащ.

---

14:1 Сион Iуащхьэр – Ерусалимщ.

14:7 хьэкум – «суд» жыхуаIэрщ.

14:8 къалэшхуэ Бабилэн – Рим къалэшхуэр арщ.

9 Ещанэ мелыIыч гуэр а мелыIычитIым кIэлъыкIуэри, ма-
къышхуэкIэ мыпхуэдэу жиIащ:
– ЦIыху гуэрым хьэщхьэвылъэмрэ абы и сурэтымрэ игъэ-
лъапIэу, хьэщхьэвылъэм и дамыгъэр и натIэм е и Iэм тедзауэ
щытмэ, 10 ари Тхьэм и губжьым и фадэ дыджым ефэнущ. А
фадэу псы зыхэмытыр Тхьэм и губжьым и фалъэм хьэзыру итщ.
МелыIыч лъапIэхэмрэ Щынэмрэ я пащхьэм мафIэмрэ тхъуэ-
бзащхъуэмрэ щахэту, а цIыхум гугъуехьышхуэ ишэчынущ. 11 Гу-
гъуехьышхуэ езыгъэшэч мафIэм и Iугъуэр игъащIэкIэ къыпи-
хыурэ, уафэм дэкIуеинущ. Хьэщхьэвылъэри абы и сурэтри зы-
гъэлъапIэ цIыхухэм жэщи махуи зыгъэпсэхугъуэ ягъуэтыну-
къым. Апхуэдэу, хьэщхьэвылъэм и цIэр зытет дамыгъэр зы-
тедза дэтхэнэми жэщи махуи зыгъэпсэхугъуэ игъуэтынукъым.
12 Аращи, Тхьэм и цIыху лъапIэу абы и унафэхэр зыгъэзащIэу,
Хьисэми щыпкъагъэ хузиIэхэм теубыдагъэ ярыреIэ.
13 Макъ гуэрым мыпхуэдэу къыжиIэу, уафэм къиIукIыу
зэхэсхащ итIанэ:
– Тхы: Иджы къыщыщIэдзауэ Зиусхьэныр зи псэм щыщу лIэр
гъуэгу махуэ теувэнущ.
– Ар пэжщ, – жеIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм. – Я Iуэхур за-
гъэщIауэ, загъэпсэхужынущ, я фIыщIагъэхэр ягъуэтыжынущи.

*ЩIылъэм и хэгъуэр къэсауэ, мелыIычхэм ар къызэрахыр*

14 Сыщыплъэм, пшэ хужь гуэр слъэгъуащ итIанэ. Уафэпшэм
хэту «ЦIыху Лъэпкъым и Къуэм» и плъыфэ зиIэ гуэри къэслъэ-
гъуащ. Дыщэм къыхэщIыкIа таж щхьэрыгът, гъубжэ жан
иIыгът. 15 НэгъуэщI мелыIыч гуэр Тхьэм и унэшхуэм къыщIэ-
кIри, пшэм хэтым макъышхуэкIэ жриIащ: «Гъубжэр щтэи, хэ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ щIылъэм и гъавэр хъуащ, хэгъуэр къэ-
сащ». 16 Пшэм хэтыр гъубжэкIэ щIылъэм щыхэри, щIылъэм и
гъавэ псори къихащ.
17 НэгъуэщI мелыIыч гуэр Тхьэм и унэшхуэу уафэм щыIэм
къыщIэкIащ. Абыи гъубжэ жан иIыгът. 18 ИтIанэ нэгъуэщI ме-
лыIычу мафIэм тепщэныгъэ хузиIэр къурмэн щIыпIэм къыIу-
кIри, гъубжэ жаныр зыIыгъым макъышхуэкIэ жриIащ: «ЩIы-
лъэм и санэ къуэпсхэм япыт жызумхэр хъуащи, уи гъубжэр
щтэи, къыпыупщI». 19 ЩIылъэм щыIэ жызумыр мелыIычым и
гъубжэмкIэ къыпиупщIри, Тхьэм и губжьым и санэ зэрапIытI

чеишхуэм ирикIутащ. [20] Къалэшхуэм и щIыб щыIэу жызум
зэрапIытI чейм жызумхэр щапIытIащ. Шыхэм я шхуэхэм
щIэуэу кууэ, стадие* минрэ щихкIэ зиубгъуу, жызум зэрапIытI
чейм лъы къикIащ.

## 15-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Иужьрей гугъуехьышхуэхэр мелыIычхэм къызэрахьыр*

Абы и ужькIэ нэгъуэщI нэщэнэ ин икIи гъэщIэгъуэныщэ
уафэм щыслъэгъуащ: МелыIычиблым иужьрей гугъуехьышхуи-
блыр къахьырт. Тхьэм и губжьыр уха мэхъу абыхэмкIэ. [2]Зэхэт-
кIухьа мафIэмрэ абджымрэ къыхэщIыкIауэ, хым и плъыфэ иIэу
зыгуэр слъэгъуащ итIанэ. Хьэщхьэвылъэм, абы и сурэтым, абы
и цIэм и бжыгъэм* ятекIуэгъа цIыхухэр абджым къыхэщIыкIа
хым и Iуфэм Iутт. Тхьэм ярита шыкIэ пшынэхэр яIыгъыу,
[3]Тхьэм хуэлажьэ Мусэмрэ Щынэмрэ я уэрэдыр* жаIэрт:

«ЛъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэ Зиусхьэну Тхьэ,
уэ блэжь Iуэхухэр Iуэхушхуэщ икIи Iуэху
гъэщIэгъуэныщэщ.
Уи гъуэгухэр гъуэгу захуэщ икIи гъуэгу пэжщ,
уэ цIыху лъапIэхэм урапащтыхьщ.
[4] Уэ, Зиусхьэн, къыпщымышынэ цIыхуи
щIыхьышхуэ къыпхуэзымыщI цIыхуи щыIэкъым.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ лъапIэ закъуэу щыIэр уэращ.
ЩыпкъагъэкIэ хьэкум зэрыпщIэр
нахуэ зэрыхъуам щхьэкIэ, лъэпкъ псори
уи пащхьэм ихьэнурэ уагъэлъэпIэнущ».

[5]Сыщыплъэм, Тхьэм и унэшхуэу щыхьэтыгъэм и шэтырыр
Iухауэ уафэм щыслъэгъуащ итIанэ. [6]Гугъуехьышхуиблыр къэ-
зыхь мелыIычиблыр Тхьэм и унэшхуэм къыщIэкIащ. Щыгъын

14:20 стадие – метри 192-рэ мэхъу.

15:2 и цIэм и бжыгъэр – еплъ 13:18.

15:3 Мусэмрэ Щынэмрэ я уэрэдыр – еплъ 2 Мусэ 15:1-18.

хужьыбзэ лыду ящыгъыт, дыщэм къыхэщIыкIа бгырыпххэри я
бгым щIэпхат. 7Игъащ1экIэ щыIэну Тхьэм и губжьыр зэрыт
фалъыиблу дыщэм къыхэщIыкIар псэущхьиплIым я зым ме-
лыIычиблым яритащ. 8Тхьэм и щIыхьышхуэмрэ и лъэкIыны-
гъэшхуэмрэ я Iугъуэр Тхьэм и унэшхуэм щIэз хъуащ. МелыIы-
чиблым къахь гугъуехьышхуиблыр яухыху, Тхьэм и унэшхуэм
щIыхьэн зыми лъэкIакъым.

## 16-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Тхьэм и губжьыр зэрыт фалъэхэр*

Макъышхуэ гуэр Тхьэм и унэшхуэм къыщIэIукIыурэ мелыIычиблым къажриIэу зэхэсхащ итIанэ: «ФыкIуи, Тхьэм и губжьу фалъиблым итыр щIылъэм тефкIэ».

2Япэрей мелыIычыр кIуэри, и фалъэм итыр щIылъэм трикIащ. Хьэщхьэвылъэм и дамыгъэр зи натIэ тедза цIыхуу, абы и сурэт зыгъэлъапIэхэм шын гущыкIыгъуэ зэрыт уIэгъэхэр я фэм телъ хъуащ асыхьэтым.

3ЕтIуанэ мелыIычым и фалъэм итыр хым хикIащ. Хыр цIыху лIам и лъым хуэдэ лъы хъури, псэ зыпыту хым хэс псори лIащ асыхьэтым.

4Ещанэ мелыIычым и фалъэм итыр псышхуэхэмрэ псынэ-
хэмрэ хикIащ. Ахэри лъы хъуащ. 5Псыхэм я тепщэ мелыIычым
мыпхуэдэу жиIэу зэхэсхащ итIанэ:

«Уэ, Зиусхьэну щыIауэ икIи щыIэр,
узахуэщ икIи улъапIэщ,
апхуэдэ хьэкумхэр зэрыпщIам щхьэкIэ,
6 сыту жыпIэмэ цIыху Iейхэм
уэ уи цIыху лъапIэхэмрэ уи бегъымбархэмрэ
я лъыр зэрагъэжам папщIэ,
лъы ебгъэфащ.
Ар абыхэм яхуэфащэщ».

7 КъурмэнщIыпIэм къиIукIыу макъ гуэрым жиIэу сэ зэхэсхащ итIанэ:

«Аращ, уэ лъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэ
Зиусхьэну Тхьэ,
цIыхухэм хьэкум зэратепщIыхьыр
пэжщ икIи захуэщ».

[8]ЕплIанэ мелыIычым и фалъэм итыр дыгъэм трикIащ. ЦIы-
хухэр мафIэкIэ игъэсыну дыгъэр хуит хъуащ. [9]Апхуэдэу щы-
хъум, дыгъэм цIыхухэр хуабэ гуащIэкIэ игъэсащ. Мы гугъуе-
хьышхуэхэм тепщэныгъэ яхузиIэ Тхьэм и цIэр ягъэулъиину и
ужь итащ ахэр икIи я гуэныхьхэм хущIегъуэжу, Тхьэм щIыхь
хуащIын ядакъым.
[10]Етхуанэ мелыIычым и фалъэм итыр хьэщхьэвылъэм и тахъ-
тэм трикIащ. Хьэщхьэвылъэм и тепщэныгъэм щIэт цIыхухэм
кIыфIыгъэ къащхьэщыхьащ итIанэ. Узышхуэ зэраIэм щхьэкIэ,
цIыхухэр я бзэгухэм едзэкъэжырт. [11]Гугъуехьу яшэчымрэ уIэгъэу
ятелъымрэ щхьэкIэ, уафэм щыIэ Тхьэм хуэхъущIэрт, я щыуагъэ-
хэми хущIегъуэжатэкъым.
[12]Еханэ мелыIычым и фалъэм итыр Евфрат псышхуэм*
хикIащ. Дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ къикI пащтыхьхэм гъуэгу яри-
тын щхьэкIэ псышхуэр жэщIащ итIанэ. [13]Благъуэжьым и жьэми,
хьэщхьэвылъэм и жьэми, бегъымбар нэпцIым и жьэми, хьэн-
дыркъуакъуэхэм я плъыфэр яIэу, жин бзаджищ къажьэдэкIыу
слъэгъуащ иужькIэ. [14]Нэщэнэ гъэщIэгъуэныщэхэр къэзыгъэлъа-
гъуэ жин бзаджэщ ахэр. ЛъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэ Тхьэм и
махуэшхуэм щыгъуэ зэуэну, дуней псом я пащтыхьхэм я деж
кIуэурэ, ахэр зэхуашэс.
[15] (Хьисэ жеIэ:) – Мис, уащхъуэдэмыщхъуэу дыгъуакIуэр
къызэрыкIуэм хуэдэу сэ сыкъэкIуэнущ. ПцIанэу къыщикIухькIэ,
и укIытапIэр цIыхухэм ямылъагъун щхьэкIэ, мыжейуэ икIи
сакъыу зи щыгъынхэр зыхъумэр гъуэгу махуэ теуващ.
[16] ЖуртыбзэкIэ Армагеддон зи цIэ щIыпIэм* а жин бза-
джэхэм пащтыхьхэр щызэхуашэсащ итIанэ.
[17]Ебланэ мелыIычым и фалъэм итыр жьым хикIащ. Тхьэм
и унэшхуэм щIэт тахътэм макъышхуэ гуэр къиIукIри, жиIащ

---

16:12 Евфрат псышхуэр – еплъ 9:14.

16:16 Армагеддон зи цIэ щIыпIэр – абы къикIыр «Мегиддо къалэм и Iуащхьэр» арщ. А Iуащхьэр Израил къэралым и ищхъэрэ лъэныкъуэм итщ. А щIыпIэм израил цIыхухэр я бийхэм куэдрэ щезауэрт. Еплъ Пащтыхьхэм я хъыбархэр зэрыт етIуанэ тхылъым (4-я Царств) 23:29-30.

итIанэ: «Iуэхур уха хъуащ». [18]Уафэри хъуэпскIащ, уафэгъуагъуэ
макъышхуэхэри къэIуащ, щIыри ину хъеящ. ЦIыхухэр дунейм
къыщытехьам къыщыщIэдзауэ щIыр апхуэдизу хъеякъым зэи.
[19]Арати, къалэшхуэр Iыхьищу зэгуэкIащ, хамэ лъэпкъхэм я къа-
лэхэри зэхэкъутащ. Бабилэн къалэшхуэм* и цIыхухэр и гум
иримыгъэкIыжу, Тхьэм езым и фалъэм ит фадэм иригъэфащ –
Тхьэм и губжьышхуэм и фадэ дыджыращ зригъэфар. [20]ХытIыгу
псори бзэхащ, бгыхэри ягъуэтыжакъым. [21]Уэшхуэхэр уафэм
къехри, цIыхухэм къателъэлъащ. Зы уэм путищ хуэдиз и хьэ-
лагъыт. Уэхэм цIыхухэм гугъуехь зэрырагъэшэчам щхьэкIэ, цIы-
хухэр Тхьэм хуэхъущIэрт, а гугъуехьыр икъукIэ гугъуехьы-
шхуэти.

## 17-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Хьэщхьэвылъэм тес цIыхубзыр*

Фалъиблыр зыIыгъ мелыIычиблым я зыр къакIуэри, мып-
хуэдэу къызжиIащ итIанэ:

– Моуэ къакIуэ, псы куэдым я Iуфэм Iус псэжьышхуэм Тхьэм
трилъхьэну тезырыр уэзгъэлъагъунущ. [2] Дунейм и пащтыхьхэм
а псэжьым зинэ дащIащ икIи щIылъэм тетхэри абы и зинэ
фадэкIэ удэфащ.

[3]Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къысхуехри, мелыIычым губгъуэ
нэщIым сишащ абы и ужькIэ. Абы щыслъэгъуащ хьэщхьэвылъэ
плъыжь-фIыцIафэм тес цIыхубз гуэр. А хьэщхьэвылъэм Тхьэм
зэрыхущIэбжэ цIэхэр тезу тетт, щхьибли пытт, бжьакъуипщIи
тетт. [4]ЦIыхубзыр зэрыхуэпар щыгъын плъыжьыбзэрэ плъыжь
фIыцIафэрэт. ДыщэкIи, мывэ лъапIэхэмкIи, налкъутналмэс-
хэмкIи гъэщIэрэщIат ар. Дыщэм къыхэщIыкIауэ фалъи иIыгът
гущыкIыгъуэмрэ и зинэм и фIеймрэ ярызу. [5] И натIэми цIэ
гуэр тетхат: «Мыр щэхущ. Мыр Бабилэнышхуэу псэжь псоми
щIылъэм и гущыкIыгъуэхэми я анэщ».

---

16:19 Бабилэн къалэшхуэр – еплъ 14:8.

17:1 псэжьышхуэр – Рим къалэр арщ.

[6]А цIыхубзыр Тхьэм и цIыху лъапIэхэмрэ Хьисэ щыхьэт
хуэхъуахэмрэ ялъкIэ удэфауэ слъэгъуащ.

А цIыхубзыр щыслъагъум, ину згъэщIэгъуащ. [7]МелыIычым
мыпхуэдэу къызжиIащ абы щыгъуэ:

– Сыт щIэбгъэщIагъуэр? ЦIыхубзымрэ щхьибл зыпыт икIи
бжьакъуипщI зытет хьэщхьэвылъэу цIыхубзыр зытесымрэ къи-
кIыр ныбжесIэнущ. [8]Хьэщхьэвылъэу плъэгъуар щыIащ, ауэ
иджы щыIэжкъым. Ар щIылъэм и кууупIэу щIэ зимыIэм
къыщIэкIынущ,* кIуэдыпIэм кIуэн щхьэкIэ. Тхьэм дунейр къы-
щигъэщIам къыщыщIэдзауэ мыкIуэдыжын гъащIэ зыгъуэтыну-
хэм я цIэхэр зэрыт тхылъ щыIэщ. ЩIылъэм тет цIыхуу зи цIэхэр
а тхылъым имытхэм а хьэщхьэвылъэр щалъагъукIэ, ягъэщIэ-
гъуэнущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ хьэщхьэвылъэр щыIащ, иджы
щыIэжкъым, ауэ къэлъэгъуэжынущ.

[9] – ЦIыхухэм акъылыфIагъэ ярыреIэ. А щхьиблым къикIыр
цIыхубзыр зытес бгиблыр арщ. [10]Абы нэмыщI, а щхьиблым
къикIыр пащтыхьиблыр арщ. А пащтыхьхэм ящыщу тхур къе-
хуэхащ, зыр щыIэщ, зыр иджыри къэкIуакъым. Ар къэкIуа
нэужь, тепщэныгъэ куэдрэ иIэнукъым. [11]Хьэщхьэвылъэу щыIауэ
иджы щымыIэжым къикIыр еянэ пащтыхьыр арщ. Ар пащты-
хьиблым ящыщщ икIи и кIуэдыпIэм мэкIуэж.

[12] – БжьакъуипщIу плъэгъуам къикIыр тепщэныгъэ зэкIэ
зымыгъуэта пащтыхьипщIыращ. Ауэ абыхэм, хьэщхьэвылъэм
и гъусэу, зы сыхьэт закъуэкIэ пащтыхь тепщэныгъэ ягъуэтынущ.
[13]Абыхэм я мурадыр зыщ, я лъэкIыныгъэри я тепщэныгъэри
хьэщхьэвылъэм иратынущ. [14]Ахэр Щынэм езэуэнущ, ауэ Щынэр
абыхэм ятекIуэнущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар зиусхьэнхэм я
Зиусхьэнщ, пащтыхьхэми я Пащтыхьщ. Езым и гъуэгу ирикIуэ-
ну къыхуриджа цIыху къыхихауэ, езым хуэпэжхэр абы и гъусэ-
нущ.

[15] МелыIычым мыпхуэдэу къызжиIащ итIанэ:

– Псэжьыр здэщыIэ псы куэду плъэгъуам къикIыр цIыху
гупышхуэхэри, къэралхэри, лъэпкъхэри, бзэхэри арщ. [16]УзыIу-
плъа хьэщхьэвылъэмрэ бжьакъуипщIымрэ псэжьыр жагъуэу
ялъагъунущ. Абы иIэ псори трахынурэ, пцIанэу къагъэнэнущ.
И пкъри яшхынущ, къэнари мафIэкIэ ягъэсынущ. [17]Сыт

17:8 хьэщхьэвылъэр … щIылъэм и кууупIэу щIэ зимыIэм къыщIэкIынущ – еплъ 11:7.

щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и мурадыр ягъэзэщIэну абыхэм я гум
кърилъхьащ: Тхьэм и псалъэхэр къэхъуу пэжу къыщIэкIыху, я
мурадыр зыуэ зэдащIэу, я тепщэныгъэр хьэщхьэвылъэм
иратыну. 18 ЦIыхубзу плъэгъуам къикIыр къалэшхуэу дунейм
и пащтыхьхэм тепщэныгъэ яхузиIэр аращ.

## 18-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*Бабилэн къалэшхуэр Тхьэм зэрызэхикъутэр*

НэгъуэщI мелыIыч гуэр уафэм къехыу слъэгъуащ абы и
ужькIэ. Тепщэныгъэшхуэ иIащ, къыпкърыкI нэхушхуэм дунейр
къигъэнэхуащ. 2Мыпхуэдэу къыжиIащ лъэкIыныгъэ зиIэ макъ-
кIэ:

«Къалэшхуэр зэхакъутащ!
Бабилэн зи цIэ къалэшхуэр зэхакъутащ!
Жинхэм я унэ хъуащ,
сыт ищIыс жин бзаджэ Iейхэми
къуалэбзу гущыкIыгъуэ фIейхэми
я псэупIэ хъуащ,
3 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а къалэшхуэм
и хъуэпсэныгъэ Iейхэмрэ и зинэмрэ
я фадэмкIэ лъэпкъ псори игъэудэфащ
Дунейм и пащтыхьхэми а къалэшхуэм
зинэ дащIащ.
А къалэшхуэр мы дунейм и мылъкухэмкIэ
нэпсейуэ зэрыщытам щхьэкIэ,
дунейм и сатуущIэхэр бей хъуащ».

4 Уафэм къиIукIыу, нэгъуэщI макъ гуэрым мыр жиIэу
зэхэсхащ итIанэ:

«Си цIыхухэ, а къалэшхуэм и гуэныхьхэмкIэ
Iыхьэгъу фымыхъун,
икIи абы гугъуехьышхуэу

ишэчынур фымышэчын щхьэкIэ,
а къалэм фыкъыдэкI,
5 сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а къалэм и гуэныхьхэр
зэтелъу уафэм нэсащ,
щIэпхъаджагъэу ищIар Тхьэм и гум
икIыжынукъым.
6 А къалэр фэ къызэрыфкIэлъызекIуам хуэдэу
фэ фыкIэлъызекIуэж.
Абы Iуэху бзаджэу ищIам
хуэдитI ефщIэж.
Фи фалъэм къыфхуригъэхъуа фадэм
и дыджыгъэм хуэдитI фадэ дыдж
и фалъэм хуивгъэхъуэж.
7 ЩIыхьышхуэрэ беягъэшхуэрэ езым
зэрызыхуигъэфэщам хуэдэу,
гугъуехь шэчыныгъэрэ гукъеуэрэ евгъэгъуэтыж.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ игукIэ мыпхуэдэу жеIэ:
„Сэ пащтыхь цIыхубзу мыбдеж сыщысщ.
Сэ сыфызабэкъым икIи сыщыгъуэну зэи
къысхуихуэнукъым“.
8 Абы щхьэкIэ гугъуехьышхуэхэр зы махуэкIэ
къылъысынущ:
лIэныгъэри, щыгъуэныгъэри, гъаблэри.
МафIэм исынущ,
Зиусхьэн Тхьэуэ а къалэм и хьэкумыр
къытезыщIыхьым
лъэкIыныгъэшхуэ иIэщи».

9 Дунейм и пащтыхьу абы зинэ дэзыщIауэ, абы и мылъкум хэпсэукIауэ пащтыхьхэр, а къалэшхуэр зыс мафIэм и Iугъуэр щалъагъукIэ, гузэсэнущ икIи пыхьэнущ. 10 А къалэшхуэм ишэч гугъуехьышхуэм щхьэкIэ а пащтыхьхэр шынагъуэм хэхуэнущ, мыпхуэдэу жаIэнущ жыжьэу щыту:

«Уэ, лъэкIыныгъэ зиIэ Бабилэн къалэшхуэ,
гъуэгу мыгъуэ утеуващ, гъуэгу мыгъуэ утеуващ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ пхуэфащэр зы сыхьэт закъуэкIэ
уагъэпшыныжащ».

[11]А къалэшхуэр Тхьэм зэрызэхикъутам щхьэкIэ, дунейм и
сатуущIэхэр гъынущ икIи щыгъуэнущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
абыхэм ящэр зыми ищэхужыркъым. [12]Я дыщэр, я дыжьыныр,
я мывэ лъапIэхэр, я налкъутналмэсхэр зыми ищэхужыркъым;
чэсей пIащIэхэр, щэкI плъыжьыбзэхэр, щэкI плъыжь-фIыцIа-
фэхэр, данэхэр зыми ищэхужыркъым; мэ IэфI зыпих пхъэхэри,
пыл къупщхьэм, пхъэ лъапIэм, гъуаплъэм, гъущIым, скъарым
къахэщIыкIа хьэпшыпхэри зыми ищэхужыркъым; [13] мэ IэфI
къызыпих удзу синнамон, смирнэ, ладан зи цIэхэр, мэ IэфI къы-
зыпих дагъэр, фадэр, зейтун дагъэр,* хьэжыгъэ дэгъуэр, гуэ-
дзыр зыми ищэхужыркъым; былымхэр, мэлхэр, шыхэр, гухэр
зыми ищэхужыркъым; пщылIхэри зыми ищэхужыркъым.

[14]СатуущIэхэм а къалэшхуэм мыпхуэдэу жраIэнущ итIанэ:
«УзыщIэхъуэпса пхъэщхьэмыщхьэр пфIэкIуэдащ. Уи мылъку-
шхуэ псори, уи щIыхьышхуэ псори пфIэкIуэдащ икIи зэи
бгъуэтыжынукъым». [15]Ахэр къалэшхуэм щащэурэ, бей хъуа
сатуущIэхэр, къалэшхуэм ишэч хьэзабым щхьэкIэ шынагъуэм
хэхуауэ, жыжьэу къыщытынущ. Гъыурэ, щыгъуэурэ, мыпхуэдэу
жаIэнущ:

[16] «Уэ, къалэшхуэ, цIыхубзым хуэдэу,
чэсей пIащIэри, щэкI плъыжьыбзэри,
щэкI плъыжь-фIыцIафэри пщыгъыу,
дыщэмкIи, мывэ лъапIэхэмкIи,
налкъутналмэсхэмкIи зыбгъэщIэрэщIащ,
гъуэгу мыгъуэ утеуващ, гъуэгу мыгъуэ утеуващ.
[17] Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а мылъкушхуэ псори
а къалэм сыхьэт закъуэм фIэкIуэдащ».

Кхъухьхэм я пашэ псори, кхъухьымкIэ зекIуэ псори, кхъухь-
хэм щылажьэ псори жыжьэу къыщытынущ. [18]А къалэшхуэр зыс
мафIэм и Iугъуэр щалъагъукIэ, жаIэнущ: «А къалэшхуэм хуэдэ
къалэшхуэ зыри щыIакъым». [19]Гъыурэ, щыгъуэурэ, я гукъеуэм
щхьэкIэ я щхьэхэм мафIэ сахуэр тракIутэнущ икIи гуоунущ:

«Уэ, къалэшхуэ, гъуэгу мыгъуэ утеуващ, гъуэгу
мыгъуэ утеуващ!

---

18:13 зейтун дагъэр – «оливэ» дагъэр арщ.

Хым кхъухь щызиӀэ псори уи мылъкумкӀэ бей хъуащ.
Псори пфӀэкӀуэдащ сыхьэт закъуэм.
20 А къалэшхуэр Тхьэм зэрызэхикъутам щхьэкӀэ
уафэри, апостолхэри, бегъымбархэри, Тхьэм
и цӀыху лъапӀэхэри фыгуфӀэ,
бзаджагъэу къывищӀар Тхьэм а къалэм
иригъэпшыныжащи».

21 ИтӀанэ мелыӀыч лъэщ гуэрым щхьэл мывэм хуэдэ мы-
вэшхуэ гуэр къиӀэтщ, хым хидзэри, мыпхуэдэу жиӀащ итӀанэ:

«Бабилэн къалэшхуэр
апхуэдэ къаруушхуэкӀэ ирадзыхынущ,
ар зэи ягъуэтыжынукъым.
22 ШыкӀэ пшынэм, къамылым, бжьамийм я макъхэри,
уэрэд макъхэри
а къалэшхуэм щызэхахыжынукъым.
Сыт хуэдэ ӀэщӀагъэ зиӀэри
а къалэшхуэм щылэжьэжынукъым.
Щхьэл мывэ макъри абы
щызэхахыжынукъым.
23 Уэздыгъэ нэхуи а къалэшхуэм
щыблэжынукъым.
Щауэмрэ нысащӀэмрэ я макъхэри
абы щызэхахыжынукъым.
А къалэшхуэм и сатуущӀэхэр
мы дунейм и цӀыху инхэм ящыщащ.
И удыгъэмкӀэ а къалэшхуэм лъэпкъ псори
щигъэуэрт.
24 Бегъымбархэм ялъри,
Тхьэм и цӀыху лъапӀэхэм ялъри,
щӀылъэм щаукӀа псоми ялъри
а къалэшхуэм къыщагъуэтащ».

# 19-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

Уафэм къиIукI гупышхуэм я макъышхуэм хуэдэ макъышхуэм жиIэу зэхэсхащ абы и ужькIэ:

«Аллилуя! Тхьэращ дымыкIуэду дыкъезыгъэлыр.
ЩIыхьышхуэри лъэкIынигъэшхуэри абы ейщ.
2 ЦIыхухэм я хьэкумыр зэратрищIыхьыр пэжщ икIи захуэщ.
Зинэ щIэнымкIэ дунейр зыгъэкIуэду щыта псэжьышхуэр абы игъэкъуэншащ.
Езым хуэлажьэ цIыхухэм я лъыуэ а псэжьышхуэм игъэжар Тхьэм иригъэпшыныжащ».

3Аргуэру а гупышхуэр къэджащ:

«Аллилуя! А къалэшхуэр зыс мафIэм и Iугъуэр игъащIэкIэ пихуурэ уафэм дэкIуеинущ».

4Тхьэмадэ нэхъыжьу тIощIрэ плIымрэ псэущхьиплIымрэ щIым зрадзыхри, тахътэм тес Тхьэр ягъэлъапIэурэ жаIащ итIанэ:

«Iэмин,* аллилуя!»

5Тахътэм къиIукIа макъ гуэрым къыжиIащ абдежым:

«Тхьэм хуэлажьэ цIыху псоми,
Тхьэм и фIэлIыкI зи гум илъхэми,
цIыкIуми инми, Тхьэм щIыхьышхуэ хуэфщI!»

6ЦIыху гупышхуэм я макъышхуэми, псыдзэ куэдым я макъышхуэми, уафэгъуагъуэм хуэдэ макъышхуэхэм мыпхуэдэу жаIэу зэхэсхащ итIанэ:

19:4 Iэмин – журтыбзэм щыщ псалъэу «Апхуэдэу ирехъу» къызэрыкIыр аращ.

«Аллилуя! ЛъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэу,
ди Зиусхьэну Тхьэм тепщэныгъэшхуэр
зэриIэр къигъэнэхуащ.
7 ДывгъэгуфIэ икIи дывгъэтхъэж,
щIыхьышхуэри хуэдвгъэщI.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Щынэм и къэшэгъуэр
къэсащ,
нысащIэ хъунум зегъэхьэзыр.
8 Чэсей пIащIэ лыд икIи къабзэ
зыщитIэгъэну мелыIыч гуэрым Щынэм
и нысащIэ хъунум иритащ».

Чэсей пIащIэм къикIыр Тхьэм и цIыху лъапIэхэм я щыпкъагъэр арщ.

9 МелыIычым къызжиIащ итIанэ:

– Мыр тхы: «Щынэм и нысашэм къригъэблэгъахэр гъуэгу махуэ теуващ». ИтIани къызжиIащ:

– Мыхэр Тхьэм и псалъэ пэжщ.

10 Абы щыгъуэ згъэлъэпIэну мелыIычым и лъакъуэхэм я деж зездзыхащ. Ауэ абы къызжиIащ:

– Апхуэдэу умыщI. Уэрэ уи къуэшу Хьисэ щыхьэт хуэхъухэмрэ сывигъусэу сэри Тхьэм сыхуолажьэ. Тхьэращ бгъэлъэпIэн хуейр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и псалъэхэр бегъымбархэм я гум кърилъхьэу къащIыжригъэIар абыхэм Хьисэ теухуа хъыбарыфIыр къыжаIэн щхьэкIэщ.

*Шы пщIэгъуалэм тесыр*

11 Уафэр зэIухауэ слъэгъуащ итIанэ. Сыщыплъэм, шы пщIэгъуалэ гуэр къэлъэгъуащ. Шым тесым «Щыпкъагъэ зигу илъ цIыхуу узыщыгугъ хъункIэ» еджэу жаIэ. ХьэкумщыпкъагъэкIэ ещIэ икIи мэзауэ. 12 И нэхэри мафIэ бзийм хуэдэт. Пащтыхь таж куэд щхьэрыгът. Езым фIэкIа зыми имыцIыхуу и натIэм цIэ гуэр тетхат. 13 Лъым ириIа джанэ кIыхь щыгът. Абы и цIэр Тхьэм и Псалъэщ. 14 Шы пщIэгъуалэхэм тесу, чэсей пIащIэ хужь къабзэхэмкIэ хуэпауэ, уафэм и дзэхэр абы и ужь итт. 15 И жьэм лъэпкъхэм зэреуэну джатэ жан къыжьэдокI. ГъущI башкIэ игъэIурыщIэнущ лъэпкъхэр. ЛъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэ Тхьэм и губжьышхуэм и жызум зэрапIытI чеишхуэм жызумхэр

щапIытIэнущ. 16 Пащтыхьхэм я Пащтыхь, зиусхьэнхэм я Зиус-
хьэн жыхуаIэ цIэр абы и джанэ кIыхьми и куэми тетт.

17 Дыгъэм хэту зы мелыIыч гуэр слъэгъуащ итIанэ. Уэфэгум
щызелъатэ бзу псоми макъышхуэкIэ мыпхуэдэу яжриIащ абы:
«Тхьэм и гухэхъуэ Iэнэм фыкъеблагъэ, 18 пащтыхьхэм ялри,
дзэпщхэм ялри, лъэкIыныгъэ зиIэ цIыхухэм ялри, шыхэм ялри,
абыхэм тесхэм ялри, щхьэхуитми, пщылIми, цIыкIуми, инми,
цIыху псоми ялри фшхын щхьэкIэ».

19 Хьэщхьэвылъэр,* дунейм и пащтыхьхэмрэ абыхэм я дзэ-
хэмрэ къэслъэгъуащ итIанэ. Ахэр шым тесымрэ абы и дзэмрэ
езэуэну зэхуэсащ. 20 Ауэ шым тесымрэ абы и дзэмрэ хьэщхьэвы-
лъэр яубыдащ, хьэщхьэвылъэм и пащхьэм нэщэнэ гъэщIэ-
гъуэныщэхэр щызыгъэлъэгъуэгъа бегъымбар нэпцIри* яубы-
дащ. Хьэщхьэвылъэм а нэщэнэхэмкIэ езым и дамыгъэр зытедза
цIыхуу, абы и сурэтыр зыгъэлъапIэхэр дихьэхыгъащ. Шым те-
сымрэ абы и дзэмрэ хьэщхьэвылъэри бегъымбар нэпцIри
яубыда нэужь, тхъуэбзащхъуэм и мафIэм ис хым* а тIур псэууэ
хадзащ. 21 Шым тесым и жьэм къыжьэдэкI джатэмкIэ иукIащ
къэнахэри. Абыхэм ялкIэ загъэнщIащ къуалэбзу псоми.

## 20-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

### *Илъэс минхэр*

МелыIыч гуэр слъэгъуащ итIанэ уафэм къехыу. ЩIылъэм и
кууупIэу щIэ зимыIэм* и IункIыбзи лэрыпсышхуэ гуэри иIыгът
абы. 2 Благъуэжьу, иблискIэ е шейтIанкIэ зэджэ блэжьыр иубыд-
ри, илъэс минкIэ Iэпхлъэпх ищIащ мелыIычым. 3 ЩIылъэм и
кууупIэу щIэ зимыIэм щIидзэщ, игъэбыдэжри, мыхъур три-

19:19 хьэщхьэвылъэ – япэрей хьэщхьэвылъэу хым къыхэкIаращ. Еплъ 13:1-10.

19:20 бегъымбар нэпцIыр – етIуанэ хьэщхьэвылъэу щIы щIагъым къыщIэкIаращ. Еплъ 13:11-15.

19:20 мафIэм ис хыр – жыхьэнмэрщ. Еплъ 14:10; 20:10.

20:1 щIылъэм и кууупIэу щIэ зимыIэр – жин бзаджэхэм я лъэхъуэщырщ.

дзащ, илъэс миныр иухыху, лъэпкъхэр къимыгъэпцIэн щхьэкIэ.
А илъэс миным и ужькIэ зэман мащIэкIэ хуит ящIыжын хуейщ.
[4]Тахътэхэри а тахътэхэм тес адрей цIыхухэм хьэкум ятезыщIыхьыну Тхьэм тепщэныгъэ зрита цIыхухэри слъэгъуащ итIанэ. Хьисэ щыхьэт хуэхъуу, Тхьэм и псалъэхэм цIыхухэр ирагъэдаIуэу зэрыщытам щхьэкIэ зи щхьэ паупщIахэм я псэхэри слъэгъуащ. Хьэщхьэвылъэмрэ абы и сурэтымрэ ягъэлъэпIэгъакъым абыхэм, я натIэми я Iэхэми хьэщхьэвылъэм и дамыгъэр* традзэнуи ядэгъакъым. Ахэр къэхъужри, Мэссихь и гъусэу илъэс минкIэ тепщэныгъэ яIэ хъуащ.
[5]А илъэс миныр дэкIыху, лIауэ къэна адрейхэр къэхъужакъым. Мыхэращ лIахэм япэ къахэтэджыкIыжар.
[6] ЛIахэм япэ къахэтэджыкIыжхэр лъапIэщ икIи гъуэгу махуэ теуващ. ЕтIуанэ лIэныгъэм* и ягъэ абыхэм яригъэкIыну лъэкIыныгъэ иIэкъым. Тхьэмрэ Мэссихьрэ хуэлажьэ дин пашэу щытынущ ахэр. Илъэс минкIи тепщэныгъэ яIэнущ Мэссихь и гъусэу.

*ШейтIаным зэрытекIуэр*

[7]А илъэс миныр дэкIа нэужь, шейтIаныр лъэхъуэщым къыщIагъэкIыжынущ.
[8]Ар кIуэнурэ, щIылъэм и лъэныкъуиплIым щыIэ лъэпкъыу Гогрэ Магогрэ* зи цIэхэр игъэпцIэнущ. Зэуэн щхьэкIэ, ахэр зэхуишэсынущ. Абыхэм я бжыгъэр хым и пшахъуэм хуэдизынущ.
[9]Апхуэдэу, щIылъэм и гъунэр здынэсыр яубыдурэ кIуэри, Тхьэм и цIыху лъапIэхэм я увыпIэу Тхьэм фIыуэ илъагъу къалэшхуэр* къаувыхьащ. Ауэ уафэм мафIэ къехри, ахэр исащ.
[10]Ахэр зыгъэпцIа шейтIаныр мафIэмрэ тхъуэбзащхъуэмкIэ ис хым хадзащ. А хым хьэщхьэвылъэри бегъымбар нэпцIри хадзэгъащ. А хым жэщи махуи гугъуехьышхуэ щашэчынущ абыхэм игъащIэкIэ.

---

20:4 хьэщхьэвылъэм и дамыгъэр – еплъ 13:16; 14:9.

20:6 етIуанэ лIэныгъэр – еплъ 20:14; 21:8.

20:7 Гогрэ Магогрэ – лъэпкъыу Тхьэм и цIыхухэм езэуэну зэхуэсхэращ. Еплъ Езекиел бегъымбарым и тхылъым, 38-нэ икIи 39-нэ едзыгъуэхэм.

20:8 Тхьэм фIыуэ илъагъу къалэшхуэр – Ерусалимщ.

*Тхьэм цIыхухэм хьэкум зэратрищIыхьыр*

11Тахътэ хужь инымрэ абы тесымрэ слъэгъуащ итIанэ. Тахъ-
тэм тесым и пащхьэм щIылъэри уафэри щызэдэкIуэдащ, щIы-
пIи къахуэнэжакъым. 12ЦIыху лIахэр, цIыкIуи ини, тахътэм и
пащхьэм иту слъэгъуащ. МелыIычхэм тхылъ гуэрхэр зэгуахащ.
МыкIуэдыжын гъащIэ зыгъуэтынухэм я цIэхэр зэрыт нэгъуэщI
тхылъи зэгуахащ. ЦIыху лIахэм ялэжьа Iуэхуу а тхылъхэм яры-
тым яхуэфащэ хьэкумыр тахътэм тесым ятрищIыхьащ. 13Хым
итхьэла цIыхухэр къитыжащ. ЛIэныгъэми лIахэм я дунейми
цIыху лIауэ яIэхэр къатыжащ икIи тахътэм тесым дэтхэнэми
илэжьа Iуэхухэм яхуэфащэ хьэкум трищIыхьащ. 14МелыIычхэм
лIэныгъэри лIахэм я дунейри мафIэм ис хым хадзащ итIанэ.
МафIэм ис хыр етIуанэ лIэныгъэращ. 15 МыкIуэдыжын гъащIэ
зыгъуэтынухэм я цIэхэр зэрыт тхылъым зи цIэхэр ирамыгъуэта
цIыхухэр мафIэм ис хым хадзащ.

## 21-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

*УафэщIэри щIылъэщIэри*

УафэщIэрэ щIылъэщIэрэ слъэгъуащ итIанэ, сыт щхьэкIэ жы-
пIэмэ япэрей уафэри япэрей щIылъэри щыIэжкъым, хыри щыIэ-
жкъым. 2Къалэшхуэ лъапIэу ЕрусалимыщIэр Тхьэм деж къи-
кIыу, уафэм къехыу слъэгъуащ абы и ужькIэ. НысащIэ хъунум
щауэм зэрызыхуигъэщIэращIэм хуэдэу, зигъэхьэзырат абы.
3 Тахътэм къиIукI макъышхуэ гуэрым мыпхуэдэу жиIэу зэхэс-
хащ:

– Мис, Тхьэм и псэупIэр цIыхухэм я дежщ, езыри абыхэм
яхэсынущ. Ахэри абы и цIыху хъунущ. Езы Тхьэри абыхэм я
гъусэнущ икIи я Тхьэу щытынущ. 4Абыхэм я нэхэм нэпс псори
ящIилъэщIыкIыжынущ. ЛIэныгъэри, щыгъуэныгъэри, гъынри,
узыфэхэри щыIэжынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ блэкIа Iуэху-
хэр щыIэжкъыми.

5 Тахътэм тесым жиIащ итIанэ:

– Мис, Iуэху псори щIэуэ солэжь.

– Мыхэр тхы, – къыпищащ итIанэ, – мыхэр узыщыгугъ хъун
псалъэ щыпкъэщи.

6 – Iуэхур зэфIэкIащ, – къызжиIащ итIанэ. – Алфэри Омегэри,
ублапIэри ухыпIэри сэращ. Псы хуэлIэр гъащIэ къэзыт псынэм
и псым щыщ езгъэфэнущ пщIэ щIимыту. 7 ТекIуэныгъэр къэ-
зыхьым мы псори Iыхьэфl хуэхъунущ. Сэ абы сри-Тхьэнущ,
езыри си къуэнущ. 8 Ауэ къэрабгъэхэми, фIэщхъуныгъэ зимыIэ-
хэми, зызыгъэуфIеяхэми, лIыукIхэми, зинэ зыщIэхэми,
удыгъэм хэтхэми, тхьэ нэпцI зыгъэлъапIэхэми, пцIыупсхэми я
Iыхьэр мафIэмрэ тхъуэбзащхъуэмрэ ис хыр арщ. Ар етIуанэ
лIэныгъэрщ.

*ЕрусалимыщIэр*

9 Иужьрей гугъуехьышхуиблыр зэрыт фалъиблыр зыIыгъа
мелыIычиблым я зыр къакIуэри, къызжиIащ:

– Моуэ къакIуэ, Щынэм и нысащIэ хъунур уэзгъэлъагъунущ.

10 Тхьэм и Псэ ЛъапIэр къысхуехри, мелыIычым бгы лъагэ-
шхуэ гуэрым сыдришеящ. Тхьэм деж къикIыу, уафэм къехыу,
къалэшхуэ лъапIэу Ерусалим сигъэлъэгъуащ абы. 11 А къалэшхуэ
лъапIэм Тхьэм и щIыхьышхуэр иIэт. Кристаллым хуэдэу къа-
бзэт, яспис зи цIэ мывэ лъапIэ хужьым хуэдэу лыдырт ар. 12 Къа-
лэм куэбжэ пщыкIутI зыхэт блын лъагэшхуэ иIэт. Куэбжэхэм
мелыIыч пщыкIутI Iутт. Куэбжэхэм израил и унагъуэ лъэпкъ
пщыкIутIым я цIэхэр тетхат. 13 Дыгъэ къуэкIыпIэмкIи куэбжищ,
дыгъэ къухьэпIэмкIи куэбжищ, ипщэкIи куэбжищ, ищхъэрэкIи
куэбжищ хэлът. 14 А къалэм и блыным лъабжьэ пщыкIутI иIэт.
А лъабжьэхэм Щынэм и апостол пщыкIутIым я цIэхэр тетхат.

15 Сэ къызэпсэлъа мелыIычым къалэр, къалэм и куэбжэхэр,
и блыныр къипщын щхьэкIэ, дыщэм къыхэщIыкIауэ къызэрапщ
баш иIыгът. 16 Къалэм и кIыхьагъри и бгъуагъри зэхуэдизт. Ме-
лыIычым и пщалъэ башымкIэ къалэр къипщащ. Къалэм и кIы-
хьагъыр стадие* мин пщыкIутI хуэдиз хъурт. И бгъуагъри и
лъагагъри и кIыхьагъым хуэдизт. 17 МелыIычым блыныр
къипщащ. ЦIыхухэм къызэрапщым хуэдэу, мелыIычым къыщи-
пщым, блыным и бгъуагъыр IэфракIищэрэ плIыщIрэ плIырэ
хъурт. 18 Блыныр яспис зи цIэ мывэ хужь лъапIэм къыхэщIыкIат.

21:16 стадиер – метри 192-рэ мэхъу.

Къалэр абджым и къабзагъэм хуэдэ къабзагъэ зиIэ дыщэм
къыхэщIыкIат. [19]Къалэм и блын лъабжьэхэри мывэ лъапIэ зэ-
мылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэщIэрэщIат. Япэрей лъабжьэр яспис
зи цIэ мывэ жужь лъапIэм къыхэщIыкIат; етIуанэрейр сапфир
мывэ щхъуантIэм къыхэщIыкIат; ещанэрейр халкидон мывэ
къуэлэным къыхэщIыкIат; еплIанэрейр смарагд мывэ удзыфа-
бзэм къыхэщIыкIат; [20]етхуанэрейр сардоникс мывэ къуэлэн лы-
дым къыхэщIыкIат; еханэрейр сардолик плъыжь-морафэм къы-
хэщIыкIат; ебланэрейр хризолиф мывэ гъуэжьым къыхэщIы-
кIат; еянэрейр вирил мывэ удзыфабзэм къыхэщIыкIат; ебгъуа-
нэрейр топаз мывэ гъуэжьыбзэм къыхэщIыкIат; епщIанэрейр
хрисопрас мывэ удзыфэм къыхэщIыкIат; епщыкIузанэрейр
гиацинт мывэ щхъуантIэ-фыцIафэм къыхэщIыкIат; епщыкIутIа-
нэрейр аметист мывэ плъыжь-фIыцIафэм къыхэщIыкIат. [21]Куэ-
бжэ пщыкIутIыр налкъутналмэс пщыкIутIт: дэтхэнэ куэбжэри
зы налкъутналмэсым къыхэщIыкIат. Къалэм и уэрамыр дыщэ
къабзэм къыхэщIыкIат, абджыпсым хуэдэу узэпхрыплъу.

[22]Тхьэм щелъэIу унэшхуэ гуэри щыслъэгъуакъым а къалэ
лъапIэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ лъэкIыныгъэшхуэ псори зиIэ
Зиусхьэну Тхьэмрэ Щынэмрэ а къалэм зэрыщыIэм щхьэкIэ, а
къалэр Тхьэм щелъэIу унэшхуэ лъэпкъ хуэныкъуэкъым. [23]А къа-
лэр зыгъэнэхун дыгъи мази хуэныкъуэкъым, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Тхьэм и щIыхьышхуэм а къалэр егъэнэху, Щынэр а
къалэм и нэхугъэщ. [24]Абы и нэхум щызекIуэнущ лъэпкъхэр.
Дунейм и пащтыхьхэм я щIыхьышхуэр а къалэм къыдахьэнущ.
[25]Абы и куэбжэхэр ягъэбыдэнукъым махуэм, жэщым жыпIэ-
нущи, абы жэщ щыхъунукъым. [26] Лъэпкъхэм я щIыхьышхуэрэ
я лъытэныгъэшхуэрэ а къалэм къыдахьэнущ. [27]Къабзэныгъэ
зимыIэр а къалэм дыхьэнукъым. ЕмыкIу зыщIи пцIыупси ды-
хьэнукъым абы. Зи цIэр Щынэм и тхылъым иту, мыкIуэдыжын
гъащIэ зыгъуэтынухэм фIэкIа, а къалэм зыри дыхьэнукъым.

# 22-НЭ ЕДЗЫГЪУЭ

ЦӀыхухэм гъащӀэ къезыт псыуэ кристаллым хуэдэу къабзэр
мелыӀычым сигъэлъэгъуащ итӀанэ. Тхьэмрэ Щынэмрэ я тахътэм
къикӀыу, 2 а къалэм и уэрамым и кум ирожэ ар. А псышхуэм и
бгъуитӀми гъащӀэ къэзыт жыг Ӏутщ, илъэсым пщыкӀутӀрэ, мазэ
къэс зэ къыпыкӀэу. А жыгым и тхьэмпэхэм лъэпкъхэм я узыфэ-
хэр ягъэхъуж. 3А къалэм Тхьэм и ней зыщыхуа дэсынукъым.
Тхьэмрэ Щынэмрэ я тахътэр а къалэм щыӀэнущ. Тхьэм хуэӀу-
рыщӀэхэм ар ягъэлъэпӀэнущ. 4Тхьэм и нэгур ялъагъунущ
абыхэм, и цӀэри я натӀэхэм тетхауэ щытынущ. 5Жэщ хъужыны-
къым. Уэздыгъэм и нэхуи, дыгъэм и нэхуи хуэныкъуэжынукъым
ахэр, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ Зиусхьэну Тхьэм нэху яритынущ.
Тепщэныгъэ яӀэнущ игъащӀэкӀэ.

*Мэссихь куэд мыщӀэу къэкӀуэжынущ*

6 МелыӀычым мыпхуэдэу къызжиӀащ итӀанэ:

– Мыхэр узыщыгугъ хъун псалъэ пэжщ. Бегъымбар лъапӀэ-
хэм я Зиусхьэну Тхьэм, куэд мыщӀэу къэхъун хуей Ӏуэхугъуэхэр
езым хуэӀурыщӀэ цӀыхухэм яригъэлъагъун щхьэкӀэ, и мелыӀы-
чыр къигъэкӀуащ.

7 – КъэдаӀуэ, – жеӀэ Хьисэ, – куэд мыщӀэу сыкъэкӀуэжынущ.
Тхьэм деж къикӀауэ, мы тхылъым ит псалъэу къэхъуну Ӏуэху-
гъуэхэм ятеухуахэм едаӀуэр гъуэгу махуэ теуващ.

8 Сэ сы-Иуанщ, мы Ӏуэхухэр зэхэзыхар икӀи зылъэгъуар
сэращ. Мы Ӏуэхухэр зэхэсхыу, си нэгу щӀэкӀа нэужь, ахэр сэзы-
гъэлъагъуа мелыӀычыр згъэлъэпӀэну и лъакъуэхэм деж зыщез-
дзыхащ.

9 – Апхуэдэу умыщӀэ, – къызжиӀащ абы. – Уэрэ уи къуэш
бегъымбархэмрэ, мы тхылъым итхэр зыгъэзащӀэ цӀыху псори
срагъусэу, сэри Тхьэм сыхуолажьэ. Тхьэращ бгъэлъэпӀэн хуейр.

10 – Тхьэм деж къикӀауэ, мы тхылъым ит псалъэу къэхъуну
Ӏуэхугъуэхэм ятеухуам мыхъур ятумыдзэ, – къыпищащ абы, –
сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ пӀалъэр къэблэгъащ. 11 Бзаджагъэ зылэ-
жьыр бзаджагъэ илэжьыным хрет дяпэкӀи. ФӀеигъэм хэтри
хрет иджыри. Щыпкъагъэр зылэжьыри щыпкъагъэр илэжьы-
ным хрет. Зи гур къабзэ цӀыхум и гур къабзэ зэпыт ирехъу.

[12] – КъэдаIуэ, – жеIэ Хьисэ, – куэд мыщIэу сыкъэкIуэжынущ. Дэтхэнэми хуэфащэ Iыхьэр ныздызохь, дэтхэнэми илэжьам хуэфащэри естыжынущ. [13]Алфэри Омегэри, япэрейри иужьрейри, ублапIэри кIэухри сэращ.

[14] – ЦIыхухэм гъащIэ къезыт жыгым* къыпыкIэм щыщ яшхыну икIи къалэм куэбжэмкIэ дыхьэну хуит хъун щхьэкIэ, Тхьэм и унафэхэр зыгъэзащIэхэр гъуэгу махуэ теуващ. [15]Ауэ хьэхэри, удыгъэм хэтхэри, зинэ зыщIэхэри, лIыукIхэри, тхьэ нэпцI зыгъэлъапIэхэри, пцIыIуэпцIышагъэр фIыуэ илъагъуу зыгъэзащIэ дэтхэнэри а къалэм зэрыдыхьэным пыкIащ.

[16] – Сэ сы-Хьисэщ. Мы IуэхухэмкIэ фи члисэ зэхуэсхэм щыхьэт къыфхуэхъуну си мелыIычыр нэзгъэкIуащ. Даут пащтыхьым и унагъуэ лъэпкъым къытехъукIа бын лъапIэр сэращ. Нэхущ вагъуэ нэхури сэращ.

[17] Тхьэм и Псэ ЛъапIэми нысащIэми жаIэ: «КъакIуэ!» Ар зэхэзыхми жреIэ: «КъакIуэ!» Хэтми, псы хуэлIэр кърекIуэ. Хэт хуейми, цIыхухэм гъащIэ къезыт псым пщIэ щIимыту ирефэ.

[18]Тхьэм деж къикIауэ, мы тхылъым ит псалъэу къэхъуну Iуэхугъуэхэм теухуар зэхэзых дэтхэнэри зыхуэсакъыжыну жызоIэ. Мы тхылъым ит псалъэхэм цIыху гуэрым зыгуэр хилъхьэмэ, мы тхылъым зи хъыбар ит гугъуехьышхуэхэр Тхьэм абы трилъхьэнущ. [19]Тхьэм деж къикIауэ, мы тхылъым ит псалъэу къэхъуну Iуэхугъуэхэм теухуахэм цIыху гуэрым зыгуэр хигъэщIмэ, а цIыхум и IыхьэфIыр Тхьэм къыIихынущ. МыкIуэдыжын гъащIэ зыгъуэтынухэм я цIэхэр зэрыт тхылъымкIи, къалэ лъапIэмкIи, мы тхылъым зи хъыбар ит IуэхухэмкIи Тхьэм а цIыхум и Iыхьэр къыIихынущи.

[20]Мы Iуэхухэм щыхьэт техъуэм жеIэ: «Аращ, куэд мыщIэу сыкъэкIуэжынущ».

IэминI. КъэкIуэж, Зиусхьэн Хьисэ!

[21] Ди Зиусхьэн Хьисэ Мэссихь и нэфI фэ псоми къыфщрехуэ. Iэмин.

---

22:14 цIыхухэм гъащIэ къезыт жыгыр – еплъ 2:7.